# МАХ ДУГ

*Уымæ нæ рамбырд кæн,*
*арфæйы дзырд!*
Къоста



**10**

**2001**





# НАША ЭПОХА

Издается с мая 1934 года

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ
ХУДОЖЕСТВЕННОЙ ЛИТЕРАТУРЫ, ПУБЛИЦИСТИКИ

**Главный редактор – Ахсар КОДЗАТИ**

**Редакция:**

Ответственный секретарь, проза — Борис ГУСАЛОВ

Поэзия, драматургия — Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет:**

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ, Фариза ДЗАСОХОВА, Елизавета КОЧИЕВА, Анатолий КУСРАЕВ, Наира НАКУСОВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2001

# МАХ ДУГ

**10 '01**

Джиппы уагъд цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

АИВ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ,
ПУБЛИЦИСТИКÆЙЫ ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ


**Сæйраг редактор – ХЪОДЗАТЫ Æхсар**

**Редакци:**

Бæрнон секретарь, прозæ — ГУСАЛТЫ Барис

Поэзи, драматурги — МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæйы лæгтæ:**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
ДЗАСОХТЫ Фаризæт, КОСТЫ Лизæ, КЪУСРАТЫ Анатоли,
НÆКУЫСАТЫ Наирæ, ХОДЫ Камал



Дзæуджыхъæу, 2001

НОМЫРЫ ИС:

КЪАДЗАТЫ Станислав. Азæлд. Æмдзæвгæтæ 5
ЧЕДЖЕМТЫ Геор. Хъуыбады. Драмæ 15
КОКОЙТЫ Эльзæ. Уд удмæ сиды. Æмдзæвгæтæ 70
ДЕГЪУАТЫ Соня. Хуыцауы фыдæх. Радзырд 79
ТЫБЫЛАТЫ Солтан. Дыууæ æмдзæвгæйы 93
КЪÆБЫСТЫ Уарден. Кавказ. Æмдзæвгæ 94
ХОЗИТЫ Макар. Сабитæн. Æмдзæвгæтæ 95
ЦÆРУКЪАТЫ Таймураз. Сатирикон куплеттæ 98

АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

ХЪАЗИТЫ Мелитон. Ирон хæзна. Дарддæр 99

УИДÆГТÆ

ДЗИЦЦОЙТЫ Юри. Скифаг-сæрмæттаг ирон этнографион æмæ фольклорон параллельтæ. II. Дарддæр 122

НЕ ‘ВЗАГ — НÆ ФАРН

УАНЕТЫ Владимир. Иу рох конкурсы тыххæй 130

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ 134

АРВИСТОН 142

КЪАДЗАТЫ Станислав

# АЗÆЛД

## СÆЙРАГ ФАРСТ

Цæрын Цæразонтæ нæ зыдтой,
Æндæра ныр æндæр уаид нæ уавæр —
Сæхи сæ хъысмæтæй кæй сырдтой, —
Зæххæй, нымæцæй уымæн ныр кадавар.

Цæразонтæн сæ фæдонтæ, сæ хъæстæ
Цæрын уæддæр нæма зонынц сæ фæстæ.
Æви Цæразонты зонд карста,
Цæрæццагæн æппæт дæр барста

Æмæ нæ уагътой бын æвзæрæн,
Æмæ нæ кодтой хорзæн исбон...
Нæ размæ рæстæг фарст æвæры —
Кæцытæм хауæм, абон чи стæм?!.

2001.27.06

## СЫЛГОЙМÆГТЫ СÆРД

О сылгоймаг, дæ зæрдæ
Барын хурыл æз дæр!
Сæрд дæ фæрцы — дывæлдах,
Дыккаг — ноджы хуыздæр.

Ам, фæззыгон уæзæгыл
Уый æцæгдæр— зæрин.
Ацы хъулон æфцæгыл
Æз æнустæ цæрин!..

*2000.10.09*

* * *

О байрай, нæ бæстæ,
Æппынннæйы бæсты!

Кæйонгты æрхаудтæ,
Уæддæр мын Хуыцау дæ

Мæ рагбонты тавсæй,
Къостайы ныхасæй,

Нæ хистæрты динæй,
Нæ кæстæрты цинæй,

Æмгары зæрдæйæ,
Изæры хæрдгæйæ,

Сæумæйы æртæхæй,
Бæрзонд арвы цъæхæй...

О байрай, нæ бæстæ,
Æппынннæйы бæсты!

2000.22. 11.

* * *

Ис мæ мады зæрдæ зæххы,
Зæхх куыд нæ уа уæд рæдау!
Ис йæ уд та арвы цъæхы,
Уаз дæр уымæн у, æргъæу.

Ис мæ фыды зæрдæ мигъы,
Мигъ куыд нæ уа уæд æхсон!
Æз йæ зынг фаты æрттигъау
Рухсæн уымæн дæн хæстон...

*2000.09.11*

* * *

*Мæй-иу куы фæзынд арвыл, уæд-иу*
*Къоста мæимæ ныхасгæнгæ цыд.*
*Хур-иу куы скаст, уæд та-иу*
*хуримæ цыд ныхасгæнгæ.*

Лабæйыхъæуккаг сæдæаздзыд
Хуырымты Софяйы мысинæгтæй.

Цæмæн, дам, дзырдта мæимæ æхсæв,
Къостайы ныхас боныгон та хуримæ...
Дæ хорзæхæй, зæгъ-ма мын уæдæ, зæгъ:
Хуыздæр æмбал ын чи уыд дзурынмæ,
Æмбарæг æй кæм уыд, мæгуыр, æндæр?!
Кæронмæ йæ куы не 'мбарæм ныр дæр...

1991

* * *

Ахæм цард нын ралæууыд, —
Хæйрæг дæр дзы нал лæууы!

Уæвгæ, лæг йæхæдæг
Ныр — цыфыддæр хæйрæг,

Размæзылд зæвæтджын
Нал уæнды йæ тæфтыл...

1996

* * *

Хуыцау галуæрдоны цæуы.
Адæмон ныхас

Уæхи цæмæйты кæнут хъал —
Цæй уæрдон ма, цæй гал?!

Йæ уаг куыд не 'мбарут нæ дугæн —
Уæрдон дæр нал и, гал дæр нал —
Хуыцауæн аргæвстой йæ гал,
Йæ уæрдон та куы бахъуыд сугæн!..

*2001, май*

* * *

Цы сты налхъуыт-налмастæ
Сæууон æртæхы цур!
Йæ цинæрттывд, йæ хъазты
Куы кæны дзир-дзур хур!

Йæ алы 'ртæх дæр — айдæн —
Æвдисы арвы уаз,
Сыгъдæгдзинады майдан,
Сæууон цины хъуыхтаз.

2000. 03.09

* * *

Ацы дымдæй дымды фестæм —
Ирæн тибитырын фестад.

Судзинæн цы хъалон фидæм —
Судзæм судзинæй нæ фидæн,

Сафы нын нæ туг, нæ хъæстæ,
Сафы нын нæ дуг, нæ бæстæ.

2001.15.04

* * *

Уæуулæй, Сослан! Цытæ хæссыс дæ сæрмæ?
Куы амардаис мин хатты фæлтау —
Куыд систай къух фæстæрдыгæй кæстæрмæ?!
Æртæ Нартæн куы бæззыдис фыртæн.

Нымадта дæ Хуыцау æмæ дæм кадæн
Сыгъдæджы къухæй бадардта мæлæт,
Ды хинæй фервæзтæ Тотрадзы кардæй,
Æгады фæдмæ фездæхтай хъысмæт.

Фæлæ нæ батад маст комдзаг дæуæн дæр —
Хъайтары къухæй нал амардтæ, нал, —
Æрцахста дæ Балсæджы цалх кæлæнтæй,
Фынæйæ дыл куы ныххуырста адзал!..

1998.22.11

* * *

*Расты цæв, æмæ зылын сбæрæг уа.*

Фыдæлты ныхас

Оххай-гъе, кæд ма нæ бæстæ
Растыты æдзух нæ цæвы!
Фесæфта бынтон сæ хъæстæ,
Фæлæ дзырд уæддæр нæ цæуы —

Бæстæ растыты куыд хойы!
Зылынтæ та 'вдылынц сойы...

2000. август

Х

Ехх, цы  кæндыс у, цы хин, цы низ
«Хи, нæхи, нæхион, хионизм»?!

Иу дамгъæ цы хъом у, — ма зæгъ, ма —
Х дамгъæ куы сафы бардзæй мах.

Уæд цæмæн æвдисы дзуарæвæрд?
Æви уый — фæйнæгхост арвы дуар?..

2000.17.08

* * *

Фæткъуыйæ райдыдта æппæт,
Фæлæ ма абон дæр сырх кæны...
Уæдæй фыццаг сæуæхсид кæд
Нæ удтæм амондæн фæкæлы...

Æгайтма ахæм рæдыд ис
Æмæ йын фидæм иумæ хъалон —
Адамы, Евæйы цæдис
Нæ уадзы ацы дуне халын.

Æппæт дæр уарзтæй кæн ног,
Æмæ ныл ивылæд йæ ронг!

*2000.12.01*

* * *

Фысы хъуынау ныббæзджын кæрдæг,
Æхситтæй зардзæни мæ цæвæг.

Зæрватыккау тæхдзæни зæрдæ,
Цы сæрд нын байтыгъта йæ тæрттæ!

Лæппуйы цин — нæргæ-уыраугæ,
Цæвæгæй агургæ мæ... аргæ!

2000.15.06

* * *

Халмææвналæн —
Ирдгæйы ронг,
Халмææвналæн —
Зæрдæйы онг.

Халмææвналæн —
Æртæхы дзинг,
Хосдзаутæ — халæй,
Сæрдæн — сæ гимн.

Цæвæг — дæ базыр,
Де 'ртыккаг къух...
Зымæгæн базау —
Хъамбул уис, пух.

Халмæвналæн, —
Скæнæм дзы ном!
Цалæн у, уалæн
Арвы дуар — гом...

2000.09.06

## ДОДОЙÆН

Куыст мард у æмæ йæ райгас кæн.
Мæ фыды ныхæстæй

Цы куыст уарзтай, уый мын дæ уындау — æхцон,
Мысинæгтæн басгуыхы хосгæрст æхсон.

Æфсис дзы нæ зонын, хæснагыл кæрдын,
Æмæ мыл нæ ивгъуыд къæртайæ кæлы.
Куыст мард у, йæ райгас — мæ уды бæрны,
Дæу дæр цыма йемæ æз райгас кæнын...

2001.03.05

* * *

Фыццаг сæрдæй дыккаг
Разыны хуыздæр,
У уæздан йæ мыггаг,
Нал калы цæхæр,

Сау мигъ ныр йæ ныхыл
Нал хæссы йæ маст...
Æртæхы æртдзыхæй
Цал хуры ыскаст!..

2000

* * *

Фантан йæ цины сæрты хауы,
Кæнынц йæ таппузтæ пæррæст.
Йæ сæрæй цас кувы Хуыцауæн,
Кæй кæны ахæм хæс æххæст —

Кæй у æхсæрдзæны КÆНГÆ ХО,
Сывæллон дзы кæй вæййы буц,
Кæй кайы зæрдæты фыдæхæй
Æмæ сæм калы, калы рухс.

2001,июнь

* * *

Цæкуы 'мæ 'рдæгæй фæцæры поэт,
Йæ удæн та дуне куы нæ вæййы фаг.
Уый дауджытæ-зæдтимæ скæны æмцег,
Уæддæр ын зæххонтæ нæ фæзмынц йæ уаг.

* * *

*Мæгуырыл дур хæрдмæ тулы.*

Æмбисонд

Ацы арвистон æмтъеры дуджы
Хæйрæгæн дæр нæу æнцон, мæ хуртæ!
Бонджынты фыдбылыз та — сæ мулчы —
Тулынц сыл хæрдмæ сæ зынаргъ дуртæ...

* * *

Кæдæм ма фесафон, кæдæм
Æнæсæртæй мæ сæр?!
Сæ фыдæхæн куы нæй кæрддзæм,
Сæ уарзтæн та — къæсæр...

* * *

Азæлд — алдзæн æмæ уазæн,
Нæй йын аскъуыйæн, æрцахсæн.

Нæй йын рæстæгау фæллайæн,
Ирдгæйау кæны фæйлауæн.

## МАСТСАФДЖЫТÆ

Уадз рæстæг уæд цыфæнды карз, тызмæг,
Мæнмæ Уырызмæг дæр кæнид хæлæг —
Фыдрохгæнæн ын иунæг уыди дур,
Мæнæн та хæхты алы дур дæр — хур!..

* * *

Ехх, кæй фæвæййы тæгæна,
Уый ма й 'адæм-мæт куыд кæна!
Не 'мбары æнтыды тæфæй буд,
Арв дзы ферох, уыимæ йæ уд...

* * *

Цыма ацы бонæн
Цъити ис йæ роны,
Ирд у афтæ, сатæг.
Зæрдæ — цины фатау.

## ХУЫЦАУМÆ

Æнцон цард мын нæ бауарзта дæ цæст,
Мæхæдæг дæр дзы кодтаин сæлæт.
Ныр ма дæ курын иу хорзæх æрмæст —
Мæнæн-иу ратт æнцон хуызы мæлæт...

* * *

Ме стырдæр хотых рæдаудзинад,
Карздæр хæцæнгарз — æфсарм,
Афтæ фæцардтæн æгъдауцинæй,
О, фæлæ афтид — мæ арм...

* * *

Къахдзæф дæр хуыздæр у рухс фынæй,
Царды ма кæ ды æгæр бирæ фынæй, —
Мардæй та ма уæд цы кусдзынæ?!
Уым æгъуыссæгæн йæ кой дæр ма куы нæй...

* * *

Цæхх æмæ кæрдзынау
Мах дæр — царды фидыц,
Цæхх æмæ кæрдзынау
Махæн ма уæд хицæн!..

## ÆЛГЪЫСТ БÆСТÆ

Мах бæстæйы хиды бынты — туг дæр,
Мах бæстæйы хиды бынты — дуг дæр...

* * *

Мæкъуыл дæр ма куы фидауы уæлтауæй,
Дæуæн та, ехх, дæ уæлхæдзар уæлдай у...

* * *

Æфсармыл æнцайынц Кавказы цъæх хæхтæ,
Æнæ уымæй, оххай, куы кæнынц фæлдæхгæ!..

## ÆНÆМÆНГ

Искæмæн исты хорз ракæн —
Зæрдæйæн арвы дуар бакæн.

## МЕ СГУЫХТ

Ныууагътон гæххæтт урсæй,
Ныууагътон гæххæтт рухсæй...

* * *

Мæ азтæ æфцæгфале фесты,
Рæхджы-иу мын хæрзæбон дзур.
Æз Теркæн ирд уымæн куы фестин,
Æз Урс хохæн куы фестин дур,
Кæнæ та ирдгæйæн цъæх базыр,
Кæнæ та быдырæн бæлас!..
Æвидигæ кæд исты разынд,
Уæд уый — Фыдыбæстæмæ уарзт.

*1999.15.10*

ЧЕДЖЕМТЫ Геор

# ХЪУЫБАДЫ[1]

*Дыууæархайдон астнывон драмæ*

*А Р Х А Й Д Ж Ы Т Æ:*

Х ъ у ы б а д ы — æххуырст фыййау.
Х ъ у ы д и н æ — Хъуыбадыйы уарзон.
К ъ о с т а — поэт-нывгæнæг.
Г о д т а — Къоста сабийæ.
Л е у а н — Къостайы фыд.
А ф æ х ъ о — туаллаг æлдар.
Т у г ъ а н — Афæхъойы фырт.
Те г о — Тугъаны æрдхорд.
А с л æ н б е г — Нарыхъæуы хистæр.
И л и к ъ о — мæгуыр лæг.
Ч е н д з е — нарон ус.
Г ы ц ц ы л Х ъ у ы б а д ы — сидзæр лæппу.
Х ъ ы з м ы д æ — Леуаны дыккаг ус.
Б у д з у л л а — Хъуыбадыйы æрдхорд.
Х ъ æ р æ б и — дыгурон фыййау.
М у р з а б е к — кæсгон лæг.
И н а л — кæсгон лæппу.
Д з а н х о т — кæсгон æлдар.
Т е м ы р ы х ъ о — хъæздыг лæг.
Н и к ъ о — гуырдзиаг нывгæнæг.
Ч и к ъ о — сæндоны хицау.
Т а т и к ъ о — гуырдзиаг æлдар.
М ы с ы р б и — Леуаны æрдхорд.
А д æ м — лæгтæ, устытæ.

[1] Уадзæм æй авторы растфыссынадмæ гæсгæ.

# ФЫЦЦАГ АРХАЙД

## *ФЫЦЦАГ НЫВ*

*Туалгом. Дардæй зынынц Лиайы къæдзæхтæ, Тъеплехохы цъититæ. Нарыхъæу. Хетæгкаты Леуаны хæдзары æддагбакаст. Уæлхæдзары фæзуаты — тæккæ сисрæбын — фыдæлтыкком ныхасуат. Уæлхæдзармæ — дурæй арæзт асинтæ. Ныхасы бадынц Нары хистæртæ, сæ астæу — фынгæвæрд. Кæстæриуæг кæнынц фæсивæд.*

*Леуаны ныллæг хæдзары дæр æддæмæ-мидæмæ кæнынц æнæвдæлон сылгоймæгтæ, лæгтæ. Хатгай фæзынынц хуындзау устытæ дæр. Иуныхасæй, чындзхасты æууæлтæ зынынц сæ алы фезмæлды дæр. Фынгылбадджытæ цæуылдæр нæ фидауынц.*

А с л æ н б е г. Хуыцауы хатыр бакæнут, Хетæджы дзуары хатыр бакæнут æмæ кæрæдзимæ тызмæг ма дзурут! Уæ, Афæхъо! Уæ, Иликъо!

И л и к ъ о. Хуыцау-зæхх — ме 'вдисæн: ницы йæм дзурын.

А ф æ х ъ о. Хъуамæ ма дзургæ дæр кæнай?! *(Адæммæ.)* Мæ хъæд мын ныццагъта, мæ уыгæрдæны фæндаджы былтæ йæхицæн ныккарста. Акса-ма! Æмæ, дам, æм ницы дзурын!

А с л æ н б е г. Уæхиуыл фæхæцут, гормæттæ! Афæхъо!

А ф æ х ъ о. Куыд мæ хæцын кæныс, Аслæнбег, мæхиуыл?! Баст хæрæг дæр æм нæ фæлæудзæни, хуыцауыномардыстæн!

И л и к ъ о *(фæгæпп ласта)*. Дæ мæрдтыстæн, Афæхъо, дæ ныхтæ мæ цы ныссагътай, уый-ма мын зæгъ мæнæ ацы адæмы раз! Тараты хъæдæй иу нæзы къодах æрластон цырагъы дæндæгтæн æмæ...

А ф æ х ъ о *(йæ ныхас ын аскъæфта)*. Æз та дын афтæ зæгъын, Иликъо, æмæ уый Тараты хъæд нæу, фæлæ уый мæ хъæд у, Бурасаты Афæхъойы хъæд! Бамбæрстай? Сæр кæуыл нæй!

А с л æ н б е г. Бахатыр кæн, Афæхъо, фæлæ адæмы иумæйаг хъæд дзырддаг ма скæн, дæ хорзæхæй. Уый махæн не 'ппæтæн дæр у Хуыцауы лæвар.

А ф æ х ъ о. Ды дæр бахатыр кæн, Аслæнбег, фæлæ уыцы нæзы хъæд мæ фыдæлтæн у паддзахы лæвар. Паддзахы лæвар æмæ Хуыцауы лæварæй та уæлдай нæй мисхалы бæрц дæр.

А д æ м. Цавæр паддзах? Цавæр лæвары кой кæныс, Афæхъо?

И л и к ъ о. Стыр мыггаг стут, Бурасатæ, æмæ, уæ фидар мæсгуытæй уæ ныфс хæсгæйæ, адæмы тухæнæй марут, æндæр уын цавæр паддзах балæвар кодта Нары сæрвæттæ, Нары хъæд?..

А ф æ х ъ о. Зонут æй уæхæдæг, мæ фыдæлтæ хъазуат тох кæй кодтой Персы æфсæдты ныхмæ Гуырдзыстоны сæраппонд. Æмæ уый тыххæй Гуырдзыстоны паддзах Арчил йæхæдæг, йæхи къухæй балæвар кодта мæ фыдæлтæн уæзданы гæххæтт. Стæй паддзах Арчил загъта: «Хъæбатыр Бурасатæ! Сымах фервæзын кодтат Гуырзыстоны тыхгæнæг Персы уæззау бафхæрдæй æмæ уын æз, паддзах Арчил, цæрæнбонтæм лæвар кæнын Нары хуыздæр уыгæрдæнтæ, Нары сæрвæттæ, Нары хъæд».

А д æ м. Мах фыдæлтæ дæр хæцыдысты Гуырдзыстоны сæраппонд! Паддзах Арчилы цы хъуыддаг уыди нæ хъæд, нæ сæрвæттæ, нæ уыгæрдæнтæ уарынмæ?

А ф æ х ъ о. Сымах Тараты хъæд кæй хонут, уый Бурасаты хъæд кæй у, уый зонынц гуырдзиаг æлдæрттæ Мачабелитæ дæр. Уæхæдæг цæ бафæрсут.

А д æ м. Халон халоны цæст нæ къахы. Æлдæрттæ кæрæдзи фарс фæхæцынц.

И л и к ъ о. Уæдæ æз та афтæ зæгъын: кæйфæнды уæд Тараты хъæд, фæлæ мæ фыдæлтæ уырдыгæй ластой суг дæр æмæ цырагъы къодах дæр. Æз дæр уырдыгæй ласдзынæн суг дæр æмæ цырагъы къодах дæр. Растдæр мæ фыдæлты хуызæн!

А ф æ х ъ о *(хæрдмæ фæхауди, хъамайы сæрыл фæхæцыд).* Дæ фыдæлтæ дæр сæмпæрчъи уыдысты, æмæ дæхæдæг дæр — сæмпæрчъи! Æз ма дыл, Дзидаханы-фырт, хъæды сæмбæлон... фæрæтимæ!

А с л æ н б е г. Хуыцауы хатыр бакæнут! Зæххы хатыр бакæнут! Афæхъо! Иликъо! Бадгæ-ма скæнут!

И л и к ъ о. Афæхъо нæ дæ?! Нæ дын тæрсын дæ дзагъултæй дæр, дæ домбай мыггагæй дæр!

*Дзагдар Тугъан дурын зæххыл авæрдта æмæ хъамалвæстæй Иликъойы уæлхъус февзæрд. Теккайы фырт Тего дæр багæпп ласта Иликъомæ.*

А ф æ х ъ о *(Тугъаныл фæхъæр ласта).* Лæппу! *(Бацыд æмæ йын йæ уадул ныдздзæхст* ласта.*)*

Т у г ъ ан. Баба!

А ф æ х ъ о. Дæхи дарын зон! Дæ дурын сис æмæ кæстæриуæг кæн. *(Адæммæ.)* Джинаты дзуарыстæн, сымахæй куынæ фефсæрмы уыдаин, уæд ыл мæнæ мæ йæхсы хъæдæй æрцыда-

ин. Хуыцауы хатыр бакӕнут, ныр ма мӕ ныхас разӕй ис ацы къулбадӕгимӕ. *(Тегомӕ.)* Фесӕф ды дӕр мӕ разӕй! Хистӕр - кӕстӕр куынал ӕмбарут...

А с л ӕ н б е г. Теккайы фырт, ды та цы гӕппытӕ кӕныс?

Т е г о. Тугъан мӕнӕн ме 'рдхорд у ӕмӕ ӕз ме 'фсымӕры тыххӕй Бекъойы къӕдзӕхӕй дӕр мӕхи аппардзынӕн! Бауырнӕд уӕ Хуыцауӕй уырнӕгау!

А с л ӕ н б е г. Дӕхи кӕцӕй ӕппарыс, уый дӕ бар у, Теккайы фырт! Фӕлӕ ам хистӕрты раз уасӕджы гӕппытӕ ма кӕн.

А ф ӕ х ъ о *(фынгылбадджытӕм).* Уӕ хорзӕхӕй, мӕнӕн бахатыр кӕнут — цӕуын мӕ хъӕуы ӕвӕстиатӕй.

А с л ӕ н б е г. Рацу-ма, Афӕхъо, ӕмӕ дӕ бынаты сбад. Дӕ мад-дӕ фыды хатырӕй тӕргайӕ ма ацу: Хетӕгкаты ӕртӕ кӕрдзыны фарн дзырддаг ма скӕнӕм.

А ф ӕ х ъ о *(Иликъойы рӕзты цӕугӕйӕ).* Ау, уӕздан Бурасаты Афӕхъо хъуамӕ иу фынгыл бада зилгӕзӕнгой ӕмӕ сӕмпӕрчъи лӕгимӕ?!

А с л ӕ н б е г. Бахатыр кӕн, Афӕхъо, фӕлӕ армыдзаг адӕм йеддӕмӕ не стӕм, ӕмӕ уӕзданӕй-фӕрсаг лӕгӕй, зилгӕзӕнгой-цырыхъджынӕй, иууылдӕр хъуамӕ хӕларӕй цӕрӕм.

А д ӕ м. Тынг раст зӕгъыс, Аслӕнбег! Уӕд нӕ Хуыцау дӕр фылдӕр уарздзӕни!

И л и к ъ о *(сыстад).* Афӕхъо, кӕд истӕмӕй фӕрӕдыдтӕн, уӕд мын нӕ хохы дзуары хатыр бакӕн. Гъе, 'рмӕст ацы рӕсугъд фынг дӕхицӕн ма сӕнад кӕн мӕн тыххӕй.

А д ӕ м. Дӕ хорзӕхӕй, Афӕхъо! Иликъойы зӕрдӕхудты ма бацу!

А ф ӕ х ъ о. Йарӕби, тӕргайӕ нӕ цӕуын, фӕлӕ мӕ цыдӕр хъуыддаг ис...

И л и к ъ о. Бауырнӕд дӕ, Афӕхъо! Ӕз мӕхинымӕр цин кӕнын: ӕгайтма Леуанӕн хъуыддаг кӕнын бантысти. Ӕгайтма гыццыл Къоста, нӕхи Годта сидзӕрхуыз нал уыдзӕни!

А с л ӕ н б е г. Афӕхъо, цас дӕм хатын хъӕуы? Леуаны хатырӕй уӕддӕр... *(Кӕрты фӕзындысты Леуан ӕмӕ Мысырби.)* О, кӕй кой кӕнай — къӕсӕрмӕ! Леуан!

А д ӕ м. Леуан! Леуан! Хетӕджы нӕртон фырт! Нӕ ныфс, нӕ сӕрхъуызой Леуан!

*Леуан ӕфсӕддон лӕджы дарӕсы, ӕрттиваг пъагӕттӕ йыл, йӕ астӕуыл — хъама, йӕ фарсыл — ӕвзист ӕхсаргард, йе 'мбал Мысырбиимӕ асинтыл суадысты уӕл-*

*хæдзармæ. Фынгылбадджытæ арфæтæгæнгæйæ исынц Леуан æмæ Мысырбийы къухтæ.*

А с л æ н б е г. Леуан, мæ хур! Мысырби! Иуæй, фæллад уыдзыстут, иннæмæй, не 'хсæн æцæгæлон адæймаг нæй æмæ, уæ хорзæхæй, махимæ æрбадут.

Л е у а н. Мæ зынаргъ хъæубæстæ! Наронтæ! Аслæнбег! Афæхъо! Иликъо! Раст у, не 'хсæн æцæгæлон адæймаг нæй, фæлæ махæн немæ ис нæ ирон æгъдау, нæ ирон æфсарм, — Уæрæсейы быдырты цæ нæ ныууагътам, — æмæ нæм, уæ хорзæхæй, мауал æрхатут: бадгæ уын не скæндзыстæм.

А д æ м. Уæ цæрæнбон бирæ! Уæ нарон-ирон æгъдау макуы фесæфæд.

А ф æ х ъ о. Лæппу, хæлиудзыхæй ма кæс: сыкъатæ байдзаг кæн.

*Тугъан хистæртæм нуазæнтæ авæрдта.*

А с л æ н б е г. Леуан, мæ хур! Иннабонæй-иннабонмæ мах нырма бирæ арфæтæ фæкæндзыстæм ацы ран, Хетæгкаты уæлхæдзары. Ныр та уал дын зæгъын æргомæй: нæ зæрдæтæ нын тынг барухс кодтай дæ фæндоны хъуыддагæй. Мæнæ ам цы саби ис, нæхи Годта — мах æй афтæ хонæм, — уый кæд, æппынфæстаг, мады рæвдыд банкъарид æмæ сидзæрхуыз нал уаид. Леуан, мæ хур! Хохæй быдырмæ нæ ныфс дæ, дæуæй хъал стæм æмæ нын дæ цæрæнбон бирæ уæд!

*Радта йæм нуазæн, иннæ хистæр та Мысырбимæ авæрдта сыкъа, æртыккаг æмбалæн сæ уæлхъус балæууыд Теккайы фырт.*

Л е у а н. Мæ уарзон хъæубæстæ! Бирæ хъæутæ федтон, бирæ диссаджы сахартæ федтон, фæлæ уын æй æргомæй зæгъын: Нары хуызæн адджын æмæ уарзон хъæу æгас дунейы дæр нæй.

А д æ м. Дæ цæрæнбон бирæ уæд, Леуан! Æгайтма дæ райгуырæн Нарыхъæу, дæ фыдæлты бæстæ афтæ тыхджын уарзыс!

Л е у а н. Бауырнæд уæ, балцы уæвгæйæ дæр, хæсты быдыры дæр иудадзыг мæ цæстытыл уадыстут. Аслæнбег! Афæхъо! Дзабо æмæ Иликъо! Ахмæт æмæ Дæхцыхъо! Уе 'ппæтæй дæр бузныг дæн, Хуыцау уæ сразы уæд! Уæ домбай цæстæнгас мæнæн стыр ахъаз уыди царды фæндагыл дæр. Амондджын æмæ зæрдæрухс ут, мæ уарзон хъæубæстæ! *(Йæ нуазæн равдæлон кодта.)*

И л и к ъ о. Бахатыр кæ, Леуан, фæлæ дæ бафæрсон.

Л е у а н. Зæгъ, дæ хорзæхæй, Иликъо.

И л и к ъ о. Леуан, мæ хур! Ам, хохы мидæг æнæ хуымзæххæй, æнæсæрвæт, æнæ уыгæрдæнæй... о, хæдæгай, æнæсугæй... куыд ис мæгуыр лæгæн зæрдæрухс æмæ амондджынæй цæрæн?

А с л æ н б е г. Дæ ныхас раст у, Иликъо, фæлæ нæ уазæгмæ дæр байхъусæм: сыкъа йæ къухы и.

М ы с ы р б и. Уæ нуазæнтæ бирæ уæнт! Алы адæймаг дæр цæрынмæ райгуырд. Алы адæймаг дæр у зæрдæрухс царды аккаг, æмæ уын Хуыцау зæрдæрухс æмæ амондджын цард саккаг кæнæд! *(Анызта.)*

Т е г о. Алы бон дæр ахæм фынгтыл куыд бадæм... *(Анызта.)*

И л и к ъ о. Уæ, бæргæ, Хуыцау нын амондджын цард арвæй куы æрæппарид, Леуан, Мысырби! Æмæ, мæнæ Теккайы фырты загъдау, алыбон ахæм фынгтыл куы бадиккам..

А ф æ х ъ о. Кусын хъæуы, Иликъо, кусын.

И л и к ъ о. Афæхъо, ма та смæсты у — æргом ныхасы къæм нæй: цалдæр лæгæй æрцахстат хуыздæр сæрвæттæ, хуыздæр зæххытæ, уыгæрдæнтæ. Махæн, мæгуыр адæмæн ма ныууагътат зæйуат фæхстæ, дурджын зæххытæ...

А ф æ х ъ о. Уæуу, мæнæ хуыцауыдиссаг! Цы ‘рцахсгæ мæ федтай, Иликъо?! Мæ фыдæлтæй мын цы зæххытæ баззад, уыдоныл фидар хæцын. Дæуæн дæр дæ хорз фыдæлтæ цы ныууагътой, ууыл хæц.

Л е у а н. Уæ хорзæхæй, кæрæдзи зæрдæтæ ма къахут. Бафæразут-ма иу гыццыл. Æз хæрзæрæджы уыдтæн Кавказы наместник Воронцовмæ. Биноныг ын радзырдтон сымах зын уавæры тыххæй: нæ кæмттæ зæйуат æмæ æвадат кæй сты. Фаг уæм кæй нæй хуымзæххытæ, уыгæрдæнтæ, сæрвæттæ...

А с л æ н б е г. Уæ, дæ цæрæнбон нын бирæ æрбауа, нæхи Леуан!

И л и к ъ о. Æмæ цы загъта, Леуан, уыцы хицау?

Л е у а н. Хицау уын зæрдæ бавæрдта быдыры зæххытæй. Мæ уарзон хъæубæстæ! Тагъд æрцæрдзыстут Хъубаны сойджын зæххытыл. Уыдзæни уын фагæй фылдæр хуымзæххытæ, уыгæрдæнтæ, сæрвæттæ...

А ф æ х ъ о *(фестъæлфыд)*. Уый та куыд?! Нæ фыдæлты уæзæг ам хъуамæ хъæууатæй баззайа?!

Л е у а н. Зынаргъ æмæ адджын у фыдæлты уæзæг, Афæхъо! Умæн зæрдæйы йæхи бынат ис. Фæлæ мæгуыр адæм ба-

фæлладысты удхайраджы цардæй нæ зæйуат хæхбæстæйы!

А ф æ х ъ о. Бамбæрстон дæ, Елызбары фырт! Дæуæн дæ райгуырæн хъæу афтæ зынаргъ у (!) æмæ мæгуыр адæмы дæ фæдыл сайыс быдыры зæххытæм, цæмæй фыдæлтыккон Нар хъæууатæй баззайа, æгас Туалгом та æдзæрæг фæуа!..

Л е у а н. Бахатыр кæ, Афæхъо, раст мæ нæ бамбæрстай.

А ф æ х ъ о *(мæстыйæ)*. Гъы, дæ хорзæхæй, Елызбары фырт! Æз базæронд дæн æмæ ницуал æмбарын.

Л е у а н. Æз уый зæгъинаг уыдтæн æмæ ам хæхбæсты зæххытæ, уыгæрдæнтæ, сæрвæттæ уе 'ппæты фаг не сты. Зæххытæ кæмæ и, уыдон ам цæрæнт фæрнæй. Мæгуыр чи у, зæххытæ кæмæ нæй, уыдонæн та быдыры — бæркадджын зæххытæ. Табуафи, кæй фæнды, уыдон алидзæнт быдырмæ.

А д æ м. Мæн фæнды! Мæн дæр фæнды! Не 'ппæты дæр фæнды!

А ф æ х ъ о *(адæммæ)*. Хуыцауы тыххæй, æрра систут?! Елызбары фырт уын уæ зонды муртæ уæ сæртæй фæцæуын кодта!

А д æ м. Бафæлладыстæм фыдæбоны цардæй! Æнæ зæхх, æнæ сугæй! Æнæ сæрвæт, æнæ уыгæрдæнæй!

А ф æ х ъ о. Æз дæр сымах мæт кæнын, æндæр уæ бар — уæхи!

И л и к ъ о. Бахатыр та кæн, Афæхъо, фæлæ ды дæхи мæт кæныс: мах куы алидзæм быдырмæ, уæд дæу дæхи кусын хъæудзæни!

А ф æ х ъ о. Æмæ ныр мæ бæсты чи кусы, æдылы къоппа?!

И л и к ъ о. Хорз! Æдылы къоппа дын дæ фарстæн дзуапп ратдзæн: дæ фос дын хизы Хъуыбады, дæ хъомрæгъау — Сæрæби. Алы сæрд дын ныккæрдæм де стыр уыгæрдæнтæ, æмæ нын иу гыццыл авæрыс хосы муртæ.

А ф æ х ъ о. Кæд мæ хорздзинад галиумæ æмбарут, мæ хъæубæстæ, уæд уæ æз нал уромын: фæндараст ут! Тæккæ райсом дæр алидзут! Фæлæ уæ, мæнæ цæргæс карчыцъиуты куыд аскъæфы, афтæ кæсгон æмæ мæхъхъæлон абырджытæ куы адавой быдыры æмæ уæ бур голджыты мидæг Гандзайы лæгбазары куы бамидæг кæной уæй кæнынмæ, уæд-иу афтæ-ма зæгъут, Бурасаты зæронд Афæхъо нын ницы загъта, зæгъгæ!

Л е у а н. Бахатыр кæ, уæздан Афæхъо, фæлæ мæгуыр адæмы ма тæрсын кæн быдираг абырджытæй. Уæрæсейы паддзах йæ дзыллæйы хъахъхъæнын фæразы æмæ алыбон дæр карз тох

кæны абырджытимæ. Æз мæхæдæг дæр бирæ фæтох кодтон уыцы абырджытимæ хæсты быдыры.

А ф æ х ъ о *(иуварсмæ).* Уæ, фæлтау куы баззадаис... уыцы хæсты быдыры æмæ нын нæ сабыр цард куынæ фехæлдтаис, Елызбары фырт!

*Афæхъо лæдзæгæй мæсты цæф æркодта зæхх æмæ мæстæйдзагæй æрхызти асиныл. Тугъан йæ фæдыл æруади.*

А с л æ н б е г. Уæ хорзæхæй, кæрæдзимæ байхъусæм. Быдырмæ алидзыны фæнд хорз хабар у, фæлæ йыл райсом аныхас кæндзыстæм. Абон та цины фынгыл бадæм мæнæ Хетæгкаты уæлхæдзар æмæ нæ фынджы æгъдау дарддæр кæнæм.

*Кæстæртæ зарæг ныццæлхъ ластой: «Цин æрцыди, цæл æрцыди!» Афæхъо ма цæм мæсты каст скодта, стæй фæауон. Уыцы рæстæг Леуаны хæдзарæй рауадысты Чендзе æмæ Хъуыдинæ æд къуыстил.*

Ч е н д з е. Тугъан, мæ хæдзар, мæнæ-ма Хъуыдинæйæн донхæссæн суадон бацамон.

Х ъ у ы д и н æ *(æфсæрмытæгæнгæ).* Чендзе, мæхæдæг æй зонын, фарон дæр дзы схастон.

Ч е н д з е. Фароны суадон зæй фæласта, æмæ ныр æндæр ранæй хæссæм дон.

Т у г ъ а н *(фæхъæлдзæг).* Чендзе, дæ хойы чызг Хъуыдинæ нæу?!

Ч е н д з е. Уый у, Тугъан, уый.

Т у г ъ а н *(Хъуыдинæмæ).* Йарæби, фарон дæр ма гыццыл чызг куы уыд!

Ч е н д з е. Сидзæр тагъд рæзы, мæ хæдзар, сидзæр! *(Дардмæ кæйдæр ауыдта.)* Афæхъо та кæдæм фæцæуы? Ма фæтæргай уæд!

Т у г ъ а н. Уæлæ Леуаны ныхæстæ йæ зæрдæмæ нæ фæцыдысты æмæ...

Ч е н д з е. Ау, æмæ Леуан æрбахæццæ? Æз æй куынæма федтон!

*Чендзе асинтæм бауади æмæ æрдæгсусæг хъæлæсæй дзуры: «Леуан! Леуан!» Тугъан æмæ Хъуыдинæ та суадонмæ ацыдысты.*

Л е у а н *(ауыдта Чендзейы).* Чендзе! Чендзе, мæ хойы хай! *(Æруад асинтыл æмæ йæ хъæбысы æрбакодта Чендзейы.)*

Ч е н д з е. Хуыцауы тыххæй нырмæ кæм дæ? Нæ цæстытæ дæм куы ныуурс ысты æнхъæлмæ кæсынæй!

*Сылгоймæгтæй ма чидæртæ рауади хæдзарæй: цинтæ, хъæбыстæ.*

Л е у а н. Уæлæ ма Гуыркъуымтæм суадыстæм ме ‘рдхорд Мысырбиимæ. Джинатмæ дæр фездæхтыстæм. Алыйазы зæйтæй адæм сфæлмæцыдысты æмæ цæ быдырмæ лидзын фæнды...

Ч е н д з е. Быдыр дæр хорз у, Леуан, фæлæ уал мæнæ чындзæхсæвы койтæ хъæуы. Нæ фæлæ, цы æрæгмæ цæуынц чындзхæсджытæ!

Л е у а н. Туайон, хохы фæндæгтæ тынг æвзæр сты... Цæй, Хуыцауы фæндæй цæ ардæм хъæуы. *(Æфсæрмхуызæй.)* Фæлæ йæд та... Кæм и, куы никæцæй зыны?

Ч е н д з е. Æмæ йæ нæма федтай?! *(Иуырдæм ауайы, иннæрдæм ауайы.)* Годта! Годта! (*Устытæм.)* Сымахæй дæр ничи федта Къостайы?

У с т ы т æ. Дысон æй федтон лæппутимæ хъазгæ. Æз та йæ абон райсом федтон Захъайы доныбыл — цыдæр æнкъард уыди.

*Адæм æддæг-мидæг ауадысты, уæдæ Къоста цы фæци, зæгъгæ.*

А с л æ н б е г. Теккайы фырт, Садул, Бурдзиу! Ма базивæг кæнут — рацагурут æй Захъайы доны былты, Зæрæмæджы фæндагыл дæр фæхъазынц. Поты фæзмæ дæр ныккæсут.

Ч е н д з е. Дæ-дæ-дæй, мацы йыл æрцæуæд!

У с т ы т æ. Хохы дзуары фæдзæхст уæд! Лæгтыдзуар йæ хъахъхъæнæг уæд!

Т е г о (*хъæлдзæгæй фездæхти).* Уæ хæрзæггурæггаг мæн: Хъуыбады йæ ссардта æмæ йæ æрбахæссы.

*Хетæгкаты уæлхæдзармæ æрбахызти Хъуыбады, Годта йе‘ккойы, афтæмæй. Семæ ма иу-цалдæр лæппуйы — фæдисæттæй. Адæм, лæгæй, усæй се'ппæтдæр бахъæлдзæг сты, сæ цины хъæртæ хъуысынц.*

Х ъ у ы б а д ы. Фарн — уæ бадты. Чендзе! Мæнæ дын дæ лæппуйы æрхастон!

Ч е н д з е *(асинтыл сызгъордта æмæ Годтайы йæ хъæбысы ныккодта).* Нæ хистæртæ, бахатыр кæнут, Ныхасмæ къæйныхæй æрбацыдтæн.

А с л æ н б е г. Цытæ дзурыс, Чендзе! Мах дæр мæты мидæг уыдыстæм не 'ппæтдæр.

Ч е н д з е. Годта, мæ къона! Кæм уыдтæ? Куы мæ фæтæрсын кодтай.

Г о д т а. Гыццимæ уыдтæн.

Ч е н д з е. Уæлмæрдты уыдтæ?!

Х ъ у ы б а д ы. Йæ мад Маройы цырты рæбын æй фынæйæ ссардтон.

Ч е н д з е. Мæ къонайыл, Годта! Æмæ дын æй чи бацамыдта?

Г о д т а. Ничи. Мæхæдæг æй базыдтон.

Т е г о. Уæлæ кæйдæр ингæны цур фæфынæй кодта, æндæр цы базыдта?!

Г о д т а *(смæсты, асхуыста Тегойы).* Уый Гыццийы ингæн у! Гыццийы ингæн у! Æз æй зонын: Гыццийы ингæн у!

Т е г о. Цæмæй йæ базыдтай?

Г о д т а. Зонын æй, зонын æй: Гыццийы ингæны дуртæ хъармдæр ысты.

Ч е н д з е. Ма ку, Годта! Ма ку, ма ку, кæннод æз дæр ыскæудзынæн, мæ фæрстæ дын айхæлой.

А с л æ н б е г *(Тегомæ).* Хуыцауы тыххæй, Теккайы фырт, не 'хсæн маст æмæ фыдбылызæн райгуырдтæ? Фесæф ардыгæй! *(Тего йæм æнæфсарм каст бакодта.)* Стæй мæм зыгъарæджы каст ныккæн, хистæр-кæстæр чи нал зоны!

*Тего асинтыл æрхызт æмæ сылгоймæгтæн тæргайхуызæй йæ хъæстытæ кæны.*

Ч е н д з е (*йæ куатæйы кæронæй сæрфы Годтайы цæссыгтæ).* Ма ку, Годта. Гъе 'рмæст, хъусыс: мауал ацу уæлмæрдтæм иунæгæй.

Г о д т а. Ацæудзынæн, ацæудзынæн: Гыцци мæм æнхъæлмæ фæкæсы.

Х ъ у ы б а д ы. Тыхсгæ ма кæ, Годта! Иумæ ацæудзыстæм, иумæ фæбаддзыстæм дæ Гыццийы раз.

*Дардæй æрбайхъуысти чындзхонты зарæг, топпы гæрæхтæ.*

А д æ м (*дардмæ — бынмæ кæсынц).* Чындзхонтæ! Чындзхонтæ! Захъайы донмæ æрбахæццæ сты! Уæ, алыбон æгас цæуой чындзхонтæ!

*Хæстæгæй-хæстæгдæр кæнынц зарæджы зæлтæ, цины хъæртæ, топпы гæрæхтæ...*

## *ДЫККАГ НЫВ*

### *Раззаг нывы фæлгонц. Сæумæрайсом.*

Г о д т а *(лæууы уæлхæдзар)* .Чындз æрхастам. Æмæ Бабайы мæнмæ нал æвдæлы. (*Уазал ын у æмæ йæ цæнгтæй йæхи æрбахъæбыс кодта.)* Хур тагъддæр куы скæсид.

*Хъызмыдæ уисоимæ рахызти хæдзарæй, мæрзы. Уæлхæдзармæ ауыдта Годтайы.*

Х ъ ы з м ы д æ. Мæ къонайыл! Хъæбул! Годта, уым та цæмæ лæууыс? *(Годта ницы дзуры.)* Уазал дын нæу? Рауай хæдзармæ: дæхи схъарм кæ.

Г о д т а. Хур тагъд скæсдзæн...

Х ъ ы з м ы д æ. Рауай кæрдзын бахæр.

Г о д т а. Нæ мæ хъæуы.

Х ъ ы з м ы д æ. Рауай, хъæбул, бæгæны дæр баназдзынæ. Къакъалитæ дæр бахæрдзынæ.

Г о д т а. Нæ мæ хъæуы! Нæ мæ хъæуы!

Х ъ ы з м ы д æ. Уæдæ дæ цы хъæуы, цы? Æгоммæгæс!

Г о д т а. Мæн Гыцци хъæуы! *(Йæ цæссыгтæ асæрфта).*

Х ъ ы з м ы д æ. Ма ку, Годта! Абонæй фæстæмæ æз дæ гыцци дæн.

Г о д т а. Ды мæ Гыцци нæ дæ, ды бабайы гыцци дæ.

Х ъ ы з м ы д æ. Афтæ ма дзур, Годта. Æз дæ ног гыцци дæн.

Г о д т а. Мæнæн мæ Гыцци Маро уыди.

Х ъ ы з м ы д æ *(фæтарæрфыг).* Маройаг дæ сæр, къулбадæджы сæныкк! Дзæгъæлы нæ фæзæгъынц, сæгъæй сæныкк гуыры, зæгъгæ.

Г о д т а. Чындзæй та сындз гуыры!

*Чендзе хæдзарæй рацыд донхæссæн цæхгæримæ. Йæ фæдыл рауади Хъуыдинæ.*

Х ъ у ы д и н æ. Чендзе, æз ысдавдзынæн дон.

Ч е н д з е. Уæдæ рæвдздæр, мæ хур Хъуыдинæ. *(Хъызмыдæмæ.)* Амæрз, амæрз, чындз. Тагъд хъæубæстæ æрбамбырд уыдзысты æмæ Леуаны кæрт æфснайдæй феной. Уисойдзæф кæдæй нал фæци. *(Фæцæуы хæдзармæ.)*

Г о д т а *(кæуæгау).* Чендзе, Чендзе... Гыцци, Гыцци...

А ф æ х ъ о *(Годтайы размæ æрбахæццæ).* Сæумæрайсом цæуыл кæуыс, лæггаг?

Г о д т а *(йæхи фæсæрæнхуыз кодта).* Æз кæугæ нæ кæнын. Мæ цæсты ындз бахауди.

А ф æ х ъ о *(бахудт).* Æмæ нырма бындзытæ фынæй куы сты, Годта. *(Ауыдта Хъызмыдæйы.)* Дæ райсомтæ хорз уæнт, Сухион, æмæ дæ Хуыцауы хорзæх уæд. Мæнæ ацы хурæрбакастау Хетæгкаты талынг хæдзар куыд барухс кæнай, мæнæ ацы сидзæр сывæллоны барæвдауын куыд бафæразай, ахæм хъару

дын Дунейы фарн балæвар кæнæд... Дæ хорзæхæй, чындз, дæ куыст кæн, æз мæнæ Хетæгкаты хуыздæр лæгтæй иуимæ аныхæстæ кæнон. *(Хъызмыдæ нымдгæнгæ-æфсæрмытæгæнгæ хæдзармæ бацыд.)* Годта, æмæ абон дæ уæрыччытæ н'атардтай сæрвæтмæ, æви цы хабар у?

Г о д т а. Æз ма фæстæмæ дæр æрхæццæ дæн.

А ф æ х ъ о *(рæвдаугæ).* Ехх, Годта, Годта! Тагъд быдырмæ алидздзыстут æмæ дæ уæрыччытæ хизын дæр нал хъæудзæн, сæрвæтмæ дæр нал цæудзынæ.

Г о д т а. Мæн быдыр ницæмæн хъæуы. Æз хохаг лæппу дæн. Стæй Гыцци дæр ам и.

А ф æ х ъ о. Æй, дæ цæрæнбон мын бирæ 'рбауа, Годта. Ды æйтт-мардзæ хохаг лæппу дæ!..

Л е у а н *(фæзынди).* Дæ хорзæхæй, Афæхъо, мидæмæ рацу. Саккаг кæн хæдзармæ.

А ф æ х ъ о. Фарн дæм бацæуæд, Леуан, æмæ дæ райсом хорз уæд.

Л е у а н. Кæй райсом у, уыцы дзуары хорзæх дæ уæд, Афæхъо.

А ф æ х ъ о *(рæвдаугæ æрсæрфта Годтайы сæр).* Мæнæ Годтаимæ аныхæстæ кодтон, фæлæ... Дæуимæ мæ зæрдиаг ныхас и, Леуан. Тынг зæрдиаг ныхас.

Л е у а н *(уæлхæдзармæ схызти).* Табуафси. Хъусын дæм, Афæхъо.

А ф æ х ъ о. Дысон бонмæ æнæхуыссæг фæдæн... Мæ цæстытыл уадысты æбуалгъы нывтæ: цыма фыдæлтыккон Нар, Туалгом æгасæй дæр федзæрæг... Нæ зæдбадæн мæсгуытыл сау халæттæ бадынц. Нæ сыгъдæг кувæндæттæ хæмпæлы бын фесты... Уæлмæрды къуыбырæй хъуысы нæ фыдæлты хъæрзын... Бауырнæд дæ, Леуан, мæ зæронд рустыл æркалдысты мæ цæссыгтæ. Зонын æй, лæг хъуамæ фидар уа къæдзæхау, фæлæ, нæ хорз фыдæлты загъдау, зæрдæ куы рисса, уæд сохъхъыр цæстæй дæр цæссыг цæуы...

Л е у а н. Афæхъо, нæ уæздан хистæр, бынтон дзæгъæлы риссын кæныс дæ зæрдæ. Мах хохæй быдырмæ лидзæм цардагур. Хуыздæр цард агурæг.

А ф æ х ъ о. Леуан, мæ хур! Мæ урс сæр æй н 'ахсы, мæ зæронд зæрдæ йæ не 'мбары, æнæ райгуырæн зæхх, æнæ ацы къæдзæхтæ хорз цæрæн куыдæй ис кæйдæр бæстæйы, кæйдæр зæххыл?

Л е у а н. Афæхъо, бамбар мæ: кæйдæр зæхмæ нæ цæуæм цæрынмæ. Уæрæсейы паддзах махæн, хохæгтæн балæвар кодта сойджын æмæ бæркадджын быдыртæ далæ Хъубаны зæххыл.

А ф æ х ъ о. Гъемæ йæ цæрæнбон бирæ уæд Уæрæсейы паддзахæн, фæлæ кæд æцæгæй ахæм рæдау æмæ таучел у, стæй нæ кæд афтæ бирæ уарзы, уæд нын ам, хохымидæг исты хорзы бацыдаид! Уæрдонвæндаг нын уæддæр сарæзтаид!

Л е у а н. Тынг раст зæгъыс, Афæхъо. Æмæ нын аразгæ дæр скодта фæндаг: уæрæх фæндаг быдырмæ, цардмæ.

А ф æ х ъ о *(бамæсты).* Уæуу, мæнæ стыр дугъы диссаг! Елызбары кадджын фырт! Елызбары ахуыргонд фырт! *(Амоны Годтамæ.)* Мæнæ кæстæры хъус æвдисæн фæуæд мæ ныхасы æцæгдзинадæн: ды, Леуан, цы уæрæх фæндаджы кой кæныс, уый цардмæ фæндаг нæу, уый ирон адæмы сæфты фæндаг у, уый ирон адæмæн ацу ‘мæ ма ‘рцуйы фæндаг у.

Л е у а н. Рæдийыс, Афæхъо.

А ф æ х ъ о. Æмæ уыцы сæфты фæндагыл ирон дзыллæйы разæнгард кодтой æмæ кæнынц мæнæ дæ хуызæн кадджын æмæ чиныгзонæг лæгтæ!.

Л е у а н. Иу хатт ма дын æй зæгъын, Афæхъо: рæдийыс! Рæдийыс, Афæхъо. Быдыр дæр æмæ чиныг дæр сты цардыхос, зæрдæйы рухс.

А ф æ х ъ о. Æмбарын дæ, Хетæджы-фырт. Ды быдырахуыр дæ, чиныгзонæг, æмæ дын нæ сау къæдзæхты астæу æнкъард у цæрынмæ. Æмæ, дæхи мæт кæнгæйæ, нæ хохаг адæмы амидин кæныс быдырмæ.

Л е у а н. Мæхи мæт мæ нæй, Афæхъо, бауырнæд дæ.

А ф æ х ъ о. Æз хохаг зæронд лæг куы дæн, æнахуыргонд. Æмæ йæ æз куы ‘мбарын: адæм куы ныддихтæ уой, сæ хал-сæ бæндæн куы фæхауа, уæд уыдон адæм нал вæййынц.

Л е у а н. Уæздан æлдар Афæхъо!..

А ф æ х ъ о. Бахатыр кæн, Елызбары фырт, мæ ныхас сулæфын мæ кæронмæ бауадз... Дæхæдæг æй зоныс: æгас Ирыстоны дæр йæ рæстæджы кадджын уыди Куындыхаты Муссæ, Уæрæсейы паддзахы æнувыд лæг, æмæ ирон адæмы иу хай йæ фæдыл акодта Турчы бæстæм урс дзул хæрынмæ. Нæ иннæ кадджын уæрæседзаутæ ирон адæмы иннæ хайы асайдтой цæрынмæ Кæсæджы рæгътæм, Мæздæджы быдыртæм. Ды та Туалгомы ирон адæмы амидин кæныс Хъубаны бæстæм! Зæронд хæлын худау фæйнæрдæм алæбырди Ирыстон...

Л е у а н. Афæхъо, уырыссæгтæ афтæ фæзæгъынц: уæззау цардæй уæздан цард хуыздæр у.

А ф æ х ъ о. О Хуыцау! Дæ зæрдæ ныл кæм фæхудти, цæмæ нæ ралгъыстай?.. *(Фæцæуы. Йæ размæ фæци Хъуыбады.)* Дæ мæрдты хатырæй, Хъуыбады, алы мæгуырыбон мын мæ фос дзæгъæлæй цæмæ ныууадзыс, уый ма мын зæгъ!

Х ъ у ы б а д ы. Акко, бахатыр кæ, ныртæккæ фæстæмæ фездæхдзынæн. Мæнæ Годтамæ æруадтæн!

А ф æ х ъ о. Гъери-гъа! Ныхасæмбал ыссардта йæхицæн.

Х ъ у ы б а д ы *(батыхсти).* Цæмæйдæр, зæгъын, æй афæрсон.

А ф æ х ъ о. Афæрс, афæрс. Годта зондджын лæппу у. *(Фæцæуы, фæстæмæ ракаст.)* Фæлæ дæ рох ма уæд, мæ фыстæй иу хъус дæр куы фесæфа, уæд дын дæхи хъустæ ныллыг кæндзынæн. Къулбадæг! Хъæуæй сæрвæты астæу ратæх-батæх кæны джедæгуырæйы бындзы хуызæн! *(Фæауууон.)*

Х ъ у ы б а д ы. Абон цыдæр мæстджын у Афæхъо. Хæдæгай, дæ райсом хорз, Леуан.

Л е у а н. Кæй райсом у, уый хорзæх дæ уæд, Хъуыбады. Мидæмæ рахиз, Мысырби дæр хæдзары и.

Х ъ у ы б а д ы. Бузныг, Леуан. Мæнæ мæ Годтаимæ цыдæр ныхас и.

Л е у а н *(бахудти).* Æмбарын, æмбарын. Фæсивæдмæ сæхи хабæрттæ вæййы. *(Бацыд хæдзармæ.)*

Х ъ у ы б а д ы. Куыд цæрыс, Годта?

Г о д т а. Хурыскасты размæ мын уазал уыди, фæлæ ныр схъарм дæн.

Х ъ у ы б а д ы. Нæ йæ федтай?

Г о д т а. Хъуыдинæйæ та мæ фæрсыс?

Х ъ у ы б а д ы. О, о!

Г о д т а. Уæдæ мын фæндырæй ацæгъд æмæ дын æй зæгъдзынæн.

Х ъ у ы б а д ы. Ох-ох, Годта, нæ мæ 'вдæлы: мæ фос дзæгъæлæй ныууагътон!

Г о д т а. Уæдæ æз цæуын Чендземæ. Мæн дæр не 'вдæлы.

Х ъ у ы б а д ы. Фæлæуу-ма, Годта! Хорз, ацæгъддзынæн дын. *(Цæгъды хъисфæндырæй.)*

Г о д т а. Заргæ дæр акæ. Азар, Хъуыбады.

Х ъ у ы б а д ы. Зарын мæм нæ цæуы: мæ зæрдæ уынгæг у, Годта. *(Зары.)*

Цы ‘взæр дæ, лæппу, цы ‘взæр дæ! —
Дæ карсты кæрдæг ныххус и.
Цы фæдæ, чызгай, цы фæдæ, —
Мæ цæст дæм, оххай, ныуурс и.

*Фæзынди Хъуыдинæ, йæ донгарз æрæвæрдта æмæ къухæй амоны Годтамæ, ма мæ схъæр кæн, зæгъгæ. Хъуыбады йæ нæ уыны æмæ зары дарддæр.*

Хъæд дæ, цырагъ дæ, — куы зонин,
Уæд дæм цырагъмæ фæцæуин.
Кæм дæ, цы ран дæ, — куы зонин,
Уæд дæм дæ размæ фæцæуин.

Сахсаты цæргæ кæндзынæн,
Уæтæры мæ фос дардзынæн.
Балцы дын цæугæ кæндзынæн,
Уæддæр дæм мæ цæст дардзынæн.

Мæ сæгътæ рагъыл куы фенин, —
Мæ фысты мæт дæр нал кæнин.
Мæ цæстæй ма дæ куы фенин, —
Мæ куысты мæт дæр нал кæнин!

Донагур бирæ фæзылдтæн,
Мæ дойны уæддæр нæ басаст...

Г о д т а. Хъуыдинæ! Хъуыбадыйы дон хъæуы.

*Хъуыбады цæхгæр фæзылди æмæ ауыдта Хъуыдинæйы: кæрæдзимæ кæсынц худгæ цæстытæй.*

Х ъ у ы д и н æ. Годта, мæ хур, уайгæ-ма, хæдзарæй къус радав. *(Лæппу азгъордта хæдзармæ.)* Хъуыбады...

Х ъ у ы б а д ы. Хъуыдинæ...

Х ъ у ы д и н æ. Цы диссаджы дзæбæх зарыдтæ, Хъуыбады! Хæрзаг амондджын у уыцы чызг...

Х ъ у ы б а д ы. Кæцы чызг?

Х ъ у ы д и н æ *(батыхсæгау кодта).* Уыцы чызг... Заргæйæ кæуыл фæхъуыды кæныс...

Х ъ у ы б а д ы. Бæргæ дын зæгъин, кæуыл фæхъуыды кæнын, уый, фæлæ дын, мыййаг, куы фæхъыг уа ме ‘ргом ныхас.

Х ъ у ы д и н æ. Зæгъ æй... Хъыг мын нæ уыдзæн, Хъуыбады.

Х ъ у ы б а д ы. Ехх, Хъуыдинæ! Æз заргæйæ дæр... бадгæйæ дæр, лæугæйæ дæр, фос хизгæйæ дæр... суанг фынæйæ дæр... дæуыл фæхъуыды кæнын, Хъуыдинæ.

Г о д т а (*къус ӕрбахӕццӕ кодта*). Тагъддӕр, Хъуыдинӕ! Фыййау дойныгӕнаг у.

*Хъуыдинӕ къусмӕ дон рауагъта ӕмӕ йӕ дӕтты Хъуыбадымӕ.*

Х ъ у ы б а д ы. Дон кӕстӕрӕй фӕнуазынц: аназ, Годта!

Г о д т а. Мӕнӕн Чендзе къуымӕл радта. Дӕхӕдӕг аназ, Хъуыбады.

Х ъ у ы б а д ы (*кувӕгау*). Годта ӕмӕ Хъуыдинӕ! *Ӕртӕйӕ* дӕр сидзӕртӕ стӕм нӕ сау къӕдзӕхты астӕу, ӕмӕ нӕ Хетӕджы дзуар мад-фыды хуызӕн йӕ рахиз базыры бын бакӕнӕд! *(Арвмӕ скасти.)* Йа, сидзӕрты хур, кӕм дӕ, дӕ сызгъӕрин рухсӕй нын фӕндаг бацамон амондмӕ, цардмӕ!

*Фӕзындысты Тугъан ӕмӕ Тего ӕмӕ уӕлейӕ дӕлӕмӕ ӕрхъӕр кодтой: «Оммен, Хуыцау!»*

Т у г ъ а н. Хуыцауы тыххӕй, Хъуыбады, ам цы ривӕд кӕныс? Мӕ фос мын дзӕгъӕлӕй цӕмӕ ныууагътай сӕрвӕты?!

Х ъ у ы б а д ы (*донгарз фелвӕста*). Тугъан, ныртӕккӕ сӕ разы уыдзынӕн, мӕнӕ дон хӕдзармӕ бадавон. *(Фӕцӕуы хӕдзармӕ.)*

Т у г ъ а н. Хъуыдинӕ, дыууӕ ныхасӕн мӕ хъӕуыс.

Х ъ у ы д и н ӕ. Бахатыр кӕ, Тугъан, Чендзе мӕм ӕнхъӕлмӕ кӕсы. *(Ацыди.)*

Т у г ъ а н. Ӕрмӕстдӕр дыууӕ ныхасы! Хъуыдинӕ!

Т е г о. Мауал ӕм дзур! Хъуыбады йын йӕ сӕр разилын кодта йӕ зарджытӕй.

Т у г ъ а н. Рауай-ма, Годта.

Г о д т а (*ссыди Тугъаны размӕ*). Ӕз мӕнӕ дӕн, цы мӕ кӕныс?

Т у г ъ а н. Зӕгъ-ма, Годта, Хъуыбады Хъуыдинӕйӕн цавӕр зарӕг акодта?

Г о д т а. Тынг хорз зарӕг.

Т у г ъ а н. Йӕ ныхӕстӕ куыд уыдысты?

Г о д т а. Нӕ зонын.

Т е г о. Зоныс ӕй ӕмӕ йӕ зӕгъ. Ӕз дын мӕнӕ мӕ дамбаца ратдзынӕн.

Г о д т а. Бабамӕ хуыздӕр дамбаца ис.

Т у г ъ а н. Зӕгъ ӕй, Годта, ӕмӕ дын ӕз фыры хъултӕ ратдзынӕн.

Г о д т а. Нӕ мӕ хъӕуы фыры хъултӕ, фӕлӕ Хъуыбадыйыл хъӕртӕ мауал кӕн.

Т у г ъ а н. Цытæ дзурыс, Годта? Хъуыбады мæнæн мæ хорз æмбал у. Хъæртæ дæр ыл нал кæндзынæн, фæлæ Хъуыдинæйæн цавæр зарæг акодта?

Г о д т а. Фыййауы зарæг. Афтæ... Афтæ зарыди:

Мæ сæгътæ рæгътыл куы фенин, —
Мæ фысты мæт дæр нал кæнин.
Мæ цæстæй ма дæ куы фенин, —
Мæ куысты мæт дæр нал кæнин!

Т у г ъ а н. Фехъуыстай, Тего! Хъуыдинæйы мæтæй йæ мæ фысты мæт дæр нал и!

Т е г о. Тугъан, ме 'фсымæр! Æз ын ахæм ми бакæндзынæн а-дыууæ боны, ахæм ми (!) æмæ лидзæг фæуыдзæн Туалгомæй!

Т у г ъ а н. Æцæг зæгъыс, æви? Нæ сайыс, Тего?!

Т е г о. Ай дын мæ хуыцауы къух! Ард дын хæрын: Хъуыбадыйæн йæ рыг йæ сæрмæ сбаддзæн, афтæмæй лидзæг фæуыдзæни Нарæй. Хъуыдинæ та дæуæн баззайдзæн.

Т у г ъ а н. Гъæйт, мæ хъаймæты æфсымæр Тего, стæ-ма, æз дæ мæ хъæбысы ныккæнон!

Г о д т а *(смæсты).* Сайæгой! Сайæгой! Сайæгой!

*Тего йæм йæхсæй февзыста æмæ лæппу алыгъди мæстæймаргæ:*

Тего Тугъанимæ!
Дурын — хъуывгъанимæ!..
Тего — хъуывгъанимæ!..
Дурын — Тугъанимæ!..

## *ÆРТЫККАГ НЫВ*

*Айнæг къæдзæх, йæ бынмæ хæстæг лæгæтгонд — байбын. Хъуыбады къæдзæхы сæрæй бынмæ нымайы йæ фос.*

Х ъ у ы б а д ы. Иу æмæ æртиссæдз, дыууæ æмæ æртиссæдз, æртæ 'мæ æртиссæдз, цыппар æмæ æртиссæдз... Ау, æмæ ма дзы иу саусæр фыс кæм и?! *(Скатай. Æвиппайды фæхъæлдзæг.)* О, табу Хуыцауæн! Къутæры бынæй рагæпп кодта!.. *(Къæдзæхы бынмæ æрхызти.)* Хуыцау бахизæд, фæлæ мæ фыстæй иу дæр куы фесæфа, уæд мын ацы арвы бын бынат нал уыдзæни. Фæстаг рæстæг Афæхъо дæр йæхихуызæн нал у: схуыст ныхас, æртхъирæнтæ... *(Йæ нымæтыл æрбадти.)* Знон фæссихор мæнæ мæ сау нымæтыл афынæй дæн æмæ Афæхъойы цъæхснаг уисы æхситмæ фехъал дæн. *(Йæ галиу къухæй йæ рахиз цонг асæрф-*

*тытæ кодта.)* Йæ цæфтæ ма нырдæр дудынц. Фыдæлтæ-иу дзæгъæлы нæ загътой, лæгдзарм тæнæг у, зæгъгæ... Фæлæ диссаг цы у! О Хуыцау, сызгъæрин фестай! *(Йæ къухтæ арвмæ систа.)* Мæ цæстытыл куы ауайы Хъуыдинæ, йæ фæлмæн ныхас ын куы æрымысын, уæд мæ мæ цæфтæ æрбайрох вæййынц, мæ уынгæг зæрдæ схъæлдзæг вæййы æмæ мæ фæфæнды арвмæ стæхын æмæ цæргæсау зилахар кæнын мæ амонды сæрмæ!..

Т е г о *(фæзынд).* Гъе, Хъуыбады! Ма стæх! Арвмæ ма стæх: Афæхъо æнæ фыййауæй баззайдзæн æмæ ма йын кæм уыдзæн дæу хуызæн фæндырдзæгъдæг-фыййау?

Х ъ у ы б а д ы. Ма тыхс, Тего, мæгуыртæй фылдæр цы ис нæ зæххыл? Чифæндыдæр ацæудзæн фыййау Афæхъойæн.

Т е г о. Ма зæгъ, Хъуыбады. Чифæндыдæр нæ бафæраздзæн Афæхъойы къухы: знон та дæ уисæй куы фæнадта!

Х ъ у ы б а д ы. Чи дын загъта? Цæмæй йæ зоныс?!

Т е г о. Зæгъгæ мын ничи кодта, фæлæ уæ мæхи цæстытæй федтон уартæ Къардиуы сæрæй.

Х ъ у ы б а д ы. Цæй, цæй, Тего! Нæмгæ мæ нæ фæкодта: иу гыццыл афынæй дæн æмæ мæ... уисæй райхъал кодта.

Т е г о. Хорз æмæ дæ йæ хъамайы фындзæй нæ райхъал кодта, Хъуыбады. Æз дын комкоммæ зæгъын мæ ныхас: æгæр арæх кæсын байдыдтай хурмæ...

Х ъ у ы б а д ы. Ома? Цы зæгъынмæ хъавыс уымæй?

Т е г о. Ома, зæгъын, дæ мæгуыр æмæ сидзæры бон зон. Уый дын мæхи ныхас дæр æмæ ме 'рдхорд Тугъаны ныхас дæр.

Х ъ у ы б а д ы. Хорз дæ не 'мбарын, Тего. Æртхъирæн мæм кæныс?

Т е г о. Куыд дæ фæнды, афтæ йæ æмбар! Фæлæ ма дын иу хатт зæгъын: ма кæс хурмæ! Хурмæ ма кæс, Хъуыбады! Фæззыгон фæсалгæрдæджы сыгъд бакæндзынæ, æмæ æвгъау дæ.

Х ъ у ы б а д ы. Теккайы фырт Тего нæ дæ? Уæдæ дæ уæле — дæ фистæджытæ, дæ дæле — дæ бæхджынтæ!

Т е г о. Уый дæ хуыздæр дзуапп у?

Х ъ у ы б а д ы. Афтæ æнхъæл дæ, Тего, æмæ дæ ныхæсты тасæй сау зæхмæ ныккæсдзынæн уæнтæхъил æмæ сæргуыбырæй? Уæд рæдийыс, Теккайы фырт.

Т е г о. Рæдигæ ды кæныс, Хъуыбады. Хъусыс арвынæрд?!

Х ъ у ы б а д ы. Арв куыд нæры, афтæ нæ цæвы.

Т е г о. Ма зæгъ! Арв хатгай æнæнæргæйæ дæр... æрцæвы. Æмæ дын æргомæй зæгъын, ме 'фсымæр: æлдар Афæхъо

дзæгъæл хуымæтæджы никуы сифтындзы йæ хъримаг. Цыдæр фыдбылыз æрхæстæг кæны, Хъуыбады! Æмæ дæ кæд дæ цæрдæг къæхты хорзæх уа, уæд фервæздзынæ, кæннод...

Г о д т а *(фæзынди нывгæнæн гæххæттытæ æмæ кърандæстимæ).* Хъуыбады, Хъуыбады! Мæнæ-ма кæс: баба мын цытæ балхæдта!

Х ъ у ы б а д ы. Мæнæ цы диссаджы урс гæххæтт у! Адон та цы сты?

Г о д т а. Ахорæн кърандæстæ. Æвзалыйы бæсты!

Т е г о. Йарæби, Годта, иу хатт-ма мæ ныв дæр скæн.

Г о д т а *(æркаст йæ кърандæстæм).* Æмæ мæм сырх ахорæн нæй.

Т е г о. Æмæ сырх ахорæнæй цы кæныс, Годта?

Г о д т а. Уæдæ дын дæ фындз... цæмæй сахордзынæн?

Т е г о. Æ, къулбадæджы сæныкк!

Г о д т а. Сæныкк дæр дæхæдæг æмæ цæукъа дæр! *(Тего йæм февзыста, æмæ уæд Хъуыбадыйы фæстæ амбæхст.)*

Х ъ у ы б а д ы *(рæвдаугæ).* Хистæрмæ афтæ дзурын не 'мбæлы, Годта.

Т е г о *(фæцæуы, йæхсæй къæрццытæ кæнгæ).* Хæрзбон раут, сидзæр сæныччытæ!..

Г о д т а. Æмæ хистæрæн афтæ дзурын æмбæлы?

Т е г о *(фездæхт)*. Фæлæ дæ рох ма уæд, Хъуыбады. *(Арвыл йæ цæст ахаста.)* Арвыл нæргæ æрбацæуынц сау мигътæ. *(Ацыд.)*

Г о д т а *(арвмæ скаст).* Уаргæ кæндзæни, Хъуыбады?

Х ъ у ы б а д ы *(сагъæсгæнгæ).* Чизоны, рауара... Нæ зонын, Годта, фæлæ сау мигътæ æмбырд кæнын байдыдтой... хуры алыварс.

Г о д т а. Уæдæ дын тагъддæр дæ ныв скæнон, Хъуыбады. Кæннод куы рауара.

Х ъ у ы б а д ы. Диссаг! Гæххæттыл мын мæ ныв скæндзынæ, Годта?!

Г о д т а. Бæгуыдæр скæндзынæн. Æз Гыццийы ныв дæр скодтон.

Х ъ у ы б а д ы. Маргойы ныв?!

Г о д т а. О, Маройы ныв. Мæнæ кæс. *(Æвдисы ныв.)* Чендзе мын афтæ загъта: йæхи хуызæн, дам, у.

Х ъ у ы б а д ы. Æцæгæй дæр ма!..

Г о д т а. Уадындзæй цæгъд æмæ дæ сныв кæнон афтæмæй. *(Хъуыбады цæгъды, Годта йæ ныв кæны.)* Цы хорз цæгъдыс

уадындзæй, Хъуыбады. Æнкъард цагъд... Уæлмæрдты дæр дымгæ афтæ фæкæуы...

Х ъ у ы б а д ы. Ды мæ, Годта, уайтагъддæр бамбарыс. Цымæ цæмæн афтæ у?

Г о д т а. Нæ дыууæ дæр сидзæртæ стæм, Хъуыбады, æмæ уый тыххæй...

Х ъ у ы б а д ы. Афтæ ма дзур, Годта, дæуæн фыд ис.

Г о д т а. Фыд мын ис, фæлæ йæ кæд фенын? Кæмдæр Уæрæсейы афтæ кæны: «Иу-дыууæ-æртæ! Иу-дыууæ- æртæ!»

Х ъ у ы б а д ы. Уый дæр мæ хуызæн йæ фыстæ фæнымайы?!

Г о д т а *(худы)*. Нæ-нæ! Æфсады афтæ кæнынц. *(Фæзмы.)* Иу-дыууæ-æртæ! Рахизырдæм, галиуырдæм! Раст слæуу, Хъуыбады! *(Хъуыбады раст алæууыд, æмæ йыл Годта худы.)* Мæнæ дæ ныв. (*Æвдисы йæ Хъуыбадымæ.)* Ахоргæ йæ хæдзары скæндзынæн.

Х ъ у ы б а д ы. Мæнæ хæйрæг! Уадындзæй цæгъдгæ мæ куыд ацарæзта! Мæ нымæтхуд дæр дзы куыд рауади... Ехх, Годта, знон ацафон ам куы уыдаис!

Г о д т а. Уæд цы?

Х ъ у ы б а д ы. Афæхъо мæ уисæй куыд надта, афтæмæй мæ сныв кодтаис.

Г о д т а. Цæмæ дæ фæнадта?

Х ъ у ы б а д ы. Мæ сæрыл сдзурæг нæй æмæ уымæн... Мæ сæрыл хъæды халон дæр не суасдзæн: мад нæй, фыд нæй, æфсымæр нæй...

Г о д т а. Хъуыбады, мæнæ дын æз... æфсымæр!

Х ъ у ы б а д ы. Æцæг зæгъыс, Годта?!

Г о д т а. Æцæг! Хетæджы дзуарыстæн.

Х ъ у ы б а д ы. Мæнæ мыл хур куыд ракасти, Годта! Ныр мæнæн ис æфсымæр. Годта! Къоста — мæ гыццыл æфсымæр...

Г о д т а. Мæнæн дæр æфсымæр нæ уыди... Ныр Хъуыбады — ме 'фсымæр. *(Хъуыдытæ кæны.)* Хъуыбады! Цæуыл хъуыды кодтон, уый дын зæгъон?

Х ъ у ы б а д ы. Зæгъ, мæ гыццыл æфсымæр.

Г о д т а. Ехх, Хъуыбады, дыууæйæ нæ иу мад уæддæр куы уаид...

Х ъ у ы б а д ы. Годта, дæуæн ис ног мад.

Г о д т а. Цавæр мад? Хъызмыдæ? Уый мæ æдзух æлгъитгæ кæны... Стæй мæ нæмгæ дæр фæкæны.

Х ъ у ы б а д ы. Уæддæр дæ уарзы.

Г о д т а. Æз æй нæ уарзын... Гыццийы ингæны иу дурыл дæр æй нæ баивин...

Х ъ у ы б а д ы. Марго тынг хорз адæймаг уыди.

Г о д т а. Æз ын уæлмæрдты йæ ныхæстæ хъуыстон... Дзырдта мæм.

Х ъ у ы б а д ы. Уый дæм афтæ фæкасти, Годта. Уæлмæрдты куы бафынæй дæ, уæд фын федтай.

*Иуварсæй æрбайхъуысти Чендзейы хъæр: «Годта! Годта! Кæм дæ, Годта?!»*

Х ъ у ы б а д ы *(хъæрæй)*. Чендзе! Чендзе! Ам и Годта!

Ч е н д з е *(æрбахызт)*. Годта, мæ хур, æз та дæ Джинаты фæндагыл агуырдтон. Леуа Дзæуджыхъæумæ цæуы æмæ дæ агуры.

Г о д т а. Æз нæ цæуын, Чендзе! *(Кæуæгау.)* Мæн быдыры ницы хъуыддаг и.

Ч е н д з е. Йемæ дæ нæ кæны, Годта. Фена дæ... Фæндараст ын зæгъ лæппуйау.

Г о д т а *(цингæнгæ)*. Æцæг зæгъыс, Чендзе?! Нæ мæ кæны?

Ч е н д з е. Искуы дæ асайдтон, мæ гыццыл хур?

Г о д т а. Уæдæ цом!.. Хæдæгай, æз Хъуыбадыйы ныв скодтон. *(Æвдисы йæ Чендземæ.)*

Ч е н д з е *(худгæйæ)*. Ай махæн хæйрæг-лæппу у! Зæрдæргъæвд. Знон та йæ мады ныв ацарæзта. Марго дæр тынг зæрдæргъæвд уыди. *(Аджих.)* Йæ фæстаг бонтæ куы ‘рхæццæ сты, уæд йæхиуыл зарæг скодта. Зарæг, зæгъгæ, хъарæг... Æмæиу æй махæн, цалдæр усæй, æнкъардæй зарыд.

Х ъ у ы б а д ы. Йæ кой йын æрыхъуыстон, фæлæ... Йæ ныхæстæ йын нал хъуыды кæныс?

Ч е н д з е. Мæ цæстытыл ныр дæр уайы Маргойы фæлурс цæсгом, йæ цæссыгызгъалгæ куыд зарыд. *(Дзурæгау зары:)*

Мæ райгуырæн Туалгом, мæ фыдæлты бæстæ!
Дæуæн ма куы зæгъын мæ фæстаг ныхæстæ:
Мæ уалдзыгон арвыл æрныгуылди хур.
Уæларвы бæрзондæй мыл рахауди дур.

*Фæндыры æнкъард цагъд райхъуыст æмæ тыхджынæй-тыхджындæр кæны Маргойы хъæлæс:*

Нæзыйы цырагъау мæ зæрдæ куы тайы, —
Æнхъæлдæн, мæ саби хæрзиунæгæй зайы!
Йæхимæ æлвасы мæн ингæны тар,
Цы уыдзæн, куыд уыдзæн мæ гыццыл быдар?

Сæрдыгон тæвд бон мын æй чи хиздзæн хурæй?
Бæрзонд хохы фахсыл та — хауæггаг дурæй?
Зымæгон куы уара, куы-иу ниуа уад,
Мæ саби æнхъæлдзæн: уый ниуы йæ мад!

Мæ цырты цæсгоммæ æнкъардæй кæсдзæни,
Мæ ингæны къæйыл йæхицæн кæудзæни:
Мæ зæрдæмæ згъæлдзæн йæ судзгæ цæссыг.
Цæй уæззау дæ, оххай, ныййарæджы хъыг!

Æз цардæй куы цæуын, фæстæмæ кæсгæйæ,
Мæ хъæбулы катай мæ риуы хæсгæйæ.
Мæ сидзæр — уæ уазæг, Чендзе æмæ Нар.
Мæ иунæг — дæ фæдзæхст, о Хетæджы дзуар!

Ч е н д з е *(æрбахъæбыс кодта Годтайы).* Мæ фæрстæ дын æрбайхæлой, Гуыбиан! Цæй æвгъау уыдтæ сау зæххæн... Цом, мæ гыццыл хур, цом: Леуа дæм æнхъæлмæ кæсы.

Г о д т а. Хъуыбады, æз тагъд фездæхдзынæн. Æмæ уæд Гыццимæ ацæудзыстæм?

Х ъ у ы б а д ы. Ацæудзыстæм, Годта, ацæудзыстæм...

Ч е н д з е. Рæвдздæр, мæ къона, Леуайы бæхуæрдон ифтыгъдæй лæууы!

*(Годтаимæ ацыдысты.)*

Х ъ у ы б а д ы *(уадындзæй кæны æнкъард цагъд).* Уæлмæрдты дæр, дам, дымгæ афтæ фæкæуы... Æгæр фæлмæн æмæ æнкъараг зæрдæ дын и, Годта, æмæ дæ цард куыд рауайдзæн, Хуыцау йæ зонæг. Цард... Цард нæ уарзы фæлмæнзæрдæ адæймæгты, фæсфæндагмæ цæ аппары... Ехх, æмæ ма ноджыдæр — ехх!..

Х ъ у ы д и н æ *(йæ хъæр хъуысы).* Хъуыбады! Хъуыбады!!

Х ъ у ы б а д ы. Хъуыдинæ! Хъуыдинæ! *(Чызг æрбахæццæ.)* Цы хабар у?

Х ъ у ы д и н æ *(тарст æмæ фæлладхуызæй).* Фæдис æрбацæуы! Афæхъо! Тугъан! Тего!

Х ъ у ы б а д ы. Цавæр фæдис? Цы хабар у?

Х ъ у ы д и н æ. Тего Нары тигъæй ныхъхъæр кодта: «Фæдис, Бурасатæ! Уæ саусæр фыстæ уын Хъуыбады ныуурæй кодта Дыгуры фыййæуттæн!» Афæхъо хъамалвæстæй рагæппп кодта. Тугъан — йæ фæстæ! Æрбацæуынц, Хъуыбады! Тагъддæр! Тагъддæр, дæ сæр бафснай!

Х ъ у ы б а д ы. Уый та куыд?! Хъуыдинæ! Умæн уæвæн нæй. Ривæдафон цæ нымайгæ бакодтон. *(Къæдзæхы тигъмæ сызгъордта, уырдыгмæ нымайы фысты.)* О Хуыцау!! Саусæр фыстæй фынддæс цыдæр фæци.

Х ъ у ы д и н æ. Мауал фæстиат кæн, Хъуыбады! *(Фæрсмæ фæкæсгæйæ.)* Æрбахæццæ кæнынц! Амардзысты дæ! Æмæ ма æз æнæ дæу куыд цæрдзынæн, Хъуыбады!..

Х ъ у ы б а д ы. Ницы аххосджын дæн хуыцауы бын, ницы зонын мæ сæрæн. Уæд, кæдæм, цы бæстæм фæлидзон, уый-ма мын зæгъ, мæ зынаргъ Хъуыдинæ?!

Х ъ у ы д и н æ. Адайæфцæгыл ахиз Дыгургоммæ. Дæхи бафæдзæхс де 'рдхорд Будзуллайыл. Æрмæст тагъддæр! Баййафдзысты дæ!..

Х ъ у ы б а д ы. Цæуын... цæуын, мæ зынаргъ Хъуыдинæ. Хуыцау цын ма ныббарæд нæ дыууæйы тæригъæд дæр.

Х ъ у ы д и н æ (*кæуы).* Ма-иу мæ ферох кæ, Хъуыбады... Лæгтыдзуары фæдзæхст æрбауы! Фæндараст! Фæндараст!..

Х ъ у ы б а д ы. Ехх, Хъуыдинæ, мæ къах мæ дæ цурæй нæ хæссы.

Х ъ у ы д и н æ. Фæндараст!..

Х ъ у ы б а д ы. Цæуын, цæуын... Æмæ искуы халагъуд куы саразон мæхицæн, уæд дæм фæзындзынæн иу мæйрухс æхсæв. (*Фæцæуы, фездæхт.)* Хъуыдинæ, мæ царды ныфс, мæнæ дын мæ уадындз... Зын дын куы уа, уæд дзы-иу ацæгъд æмæ мæм Нары дымгæтæ хæсдзысты дæ зæрдæйыуаг (*Ацыд.)*

Х ъ у ы д и н æ. Нары дзуæрттæ дæ фæндараст фæкæнæнт, мæ лæугæ хох, мæ цæугæ мæсыг Хъуыбады.

*Фæдисæтты уынæр æрбайхъуысти хæрзхæстæгæй. Тего ма фехста дамбацайæ дæр.*

А ф æ х ъ о *(æрбазынд. Фæстæрдæм ахъæр кодта).* Тего! Тугъан! Нæмгуытыл ауæрдут! (*Ауыдта Хъуыдинæйы.)* Ды та кæцæй фæдæ ам?

Х ъ у ы д и н æ *(уадындз амбæхста йæ дысалгъы).* Годтайы агурæг рацыдтæн.

А ф æ х ъ о. Уæдæ цы фæуыдаид уыцы хуыцауæлгъыст? Ды дæр æй нæ федтай? Хъуыбадыйæ зæгъын?!

Т е г о. Мæнæ йæ сау нымæт!

А ф æ х ъ о *(хъамайæ æртхъирæн кæнгæйæ).* Йæ сау зæрдæ уал ын куы ссарин! У-у-у, цаттыгъаллар! Мæ хъарм кæрдзын мын фæхордта, стæй мын мæ фос ныуувæй кодта!

Т у г ъ а н. Баба! Дард нæма ахæццæ уыдаид, *(бакаст Хъуыдинæмæ)* куыд æмбарын, афтæмæй.

А ф æ х ъ о. Уæдæ рæвдздæр йæ фæдыл! Лæппу, цæугæ ды Хусадагыл! Тего — Лæгæтты комыл! Мæхæдæг — Адайæфцæгыл! Дыгургомы Бæхбæттæн рындзыл баиу уыдзыстæм! *(Тындзгæ фæцæуы.)* Мæрдты Бæсты дæр æй ыссардзынæн!..

*Афæхъо, Тугъан æмæ Тего фæаууон сты. Тугъан фæстæмæ фездæхт.*

Т у г ъ а н. Хъуыдинæ! Хъуыдинæ, æрфæсмон кæн дæ митыл. Кæд дын Хъуыбады æцæгæй дæр зынаргъ у, уæд ын фæтæригъæд кæн — куынæ мын сразы уай, уæд æй амардзынæн. Йæ фæндыры хъистæй йын йæ хурх бабæтдзынæн!

Х ъ у ы д и н æ. Хорз лæппу дæ, Тугъан, зонын æй. Фæлæ мын иунæг зæрдæ ис — æнæбон чызгон зæрдæ — æмæ йæ бафæдзæхстон Хъуыбадыйыл. Хъуыбадыйæн нывонд у мæ зæрдæ!..

Т у г ъ а н. Уæдæ хæрзбон зæгъ дæ Хъуыбадыйæн æнусмæ: нæ дыууæйæн къуындæг у ацы мæнг дуне. *(Дамбацайæ æргæрах кодта Хъуыбадыйы сау нымæт æмæ фæаууон.)*

*Хъуыдинæ ныддæлгом сау нымæтыл æмæ кæуы: «Хъуыбады! Хъуыбады!»*

*Стæй систа уадындз æмæ æнкъардæй цæгъды: уадындзы зæлтæ хъуысынц кæуæгау.*

## *ЦЫППÆРÆМ НЫВ*

*Дыгургом. Къæдзæхы байбын дыууæ дыгурон фыййауы сæхицæн æхсæвæр фыцынц. Будзулла дзы уидыгæй ахуыпп кодта.*

Б у д з у л л а. Ох-ох-ох! Хъæбæр берæ ‘йбæл никкодтай цæнхæ, Хъæрæби.

Х ъ æ р æ б и. Нечи кæнуй, Будзулла, цæхгун хуæруйнаг фиййауи цар федардæр кæнуй.

*Æддейæ æрбайхъуыст куыйты рæйын, стæй Хъуыбадыйы хъæр: «Будзулла! Будзулла!»*

Б у д з у л л а (*æддæмæ, талынгмæ).* Ка дæ? Медæгмæ!

Х ъ у ы б а д ы *(æрбахызт).* Уæ куыйтæ ма мæ мидæмæ уагътой! Муртуз дæр мæ нал базыдта.

Б у д з у л л а. О Хъуыбады, ме ‘нсувæр. *(Хъæбыс æй кæны.)* Муртуз дæр дæ рагæй нæбал фæууидта, æма æз дæр.

Х ъ у ы б а д ы. Гъеныр уæ изæртæ хорз уæнт.

Б у д з у л л а. Де ‘зæртæ дæр хуарз уæнтæ!

Х ъ у ы б а д ы. Мæгуыр лæгæн йæ бон дæр ницы æмæ йæ изæр дæр.

Б у д з у л л а. Чи кодтай, мæ туаллаг æртхуард?

Х ъ у ы б а д ы. Цы ма кæнон, мæ дыгурон æфсымæр Будзулла? — мæ фыстæй фынддæс сæры фесæфт æмæ мæхи сæр дæр сæфдзæни, æвæццæгæн.

Б у д з у л л а *(дисгæнгæ)*. Афæхъой фустæй дин финддæс фесавдæй?!

Х ъ у ы б а д ы. Саукъæйы дзуарыстæн, фынддæс саусæр фысы!

Б у д з у л л а. Ælдар Афæхъо карз лæг æй: нæ дин æй никхатир кæндзæнæй.

Х ъ æ р æ б и. Ælдартæ еугурæй дæр карз æнцæ: нæхи Баделати хузæн.

Б у д з у л л а. Мадта чи кæнæн?!

Х ъ у ы б а д ы. Кæсæгмæ, зæгъын, фæлидзон! — Фæдис мæ фæдыл цæуы, тагъд ам уыдзысты. *(Куыйты рæйын та ссыди.)* Уыдон ысты!

Б у д з у л л а. Ка? Фæдесонтæ?!

Х ъ у ы б а д ы. О! Фæдисæттæ. Афæхъо, Тугъан, Тего.... Сæфт æмæ сæфт. О Хуыцау, мæ сидзæр уд дæ фæдзæхст.

Х ъ æ р æ б и. Биццеу, ма фæттæрсæ! Дæ фæндур райсæ æма цæгъдæ. *(Хъуыбадыйыл йæхи худ акодта, цъæх басылыхъ ын йæ уæхсчытыл æрбаппæрста.)* Гъенур дигоронау разарæ!

Х ъ у ы б а д ы. Дыгуронау нæ, фæлæ иронау дæр нæбал зонун.

Б у д з у л л а. Æз дин ке амудтон, оци зар ракæнæ: минкъи Ацæмæзи зар.

*Фæзындысты Афæхъо, Тугъан æмæ Тего.*

А ф æ х ъ о. Уæ изæртæ хорз, фыййæуттæ. Сымахмæ уазæгмæ æддæмæ нæ ракæсынц, æви куыд у?

Б у д з у л л а. Иуазæг — Хуцауи иуазæг. Фал уæ нæ базудтан.

А ф æ х ъ о *(фæзмæгау)*. Куд нæ нæ базудтат, кæд æмæ нæ уæ куыйтæ хæргæ фæцæй кодтой?!

Т е г о. Багæрах цæ кæнын хъуыди, бæргæ.

А ф æ х ъ о *(тызмæгæй)*. Куыйтæ марынмæ нæ рацыдыстæм фæдисы, Теккайы фырт, фæлæ не ‘взæргæнæджы, нæ давæджы æрцахсынмæ. *(Будзулламæ.)* Фæндаг сымахыл цæуы æмæ, зæгъын, æцæгæлон адæймаг ауылты цæугæ нæ федтат?

Б у д з у л л а. Циуавæр адæймаг: осæ, æви лæхъуæн?

Т е г о. Лæхъуын, лæхъуын!

А ф æ х ъ о. Лæдзæг æмæ фæндыримæ.

Т у г ъ а н *(кæсы джихæй Хъуыбадымæ).* Æз æй федтон мæхæдæг... Лæдзæг æмæ фæндыримæ! Мæнæ бады!

Х ъ æ р æ б и *(Тугъанмæ).* Биццеу, гъæла фæддæ? Айæ Хъарадзаути фиййау æй. Æз мæхуæдæг дæр Хъарадзаути фиййау дæн.

Б у д з у л л а. Æз дæр — Хъарадзаути фиййау...

Т у г ъ а н. Сайынц нæ, баба! Мæнæ — йæ фæндыр, мæнæ — йæхæдæг.

А ф æ х ъ о *(баздæхт Хъуыбадымæ).* Ды дæр нæ федтай æцæгæлон адæймаг ауылты цæугæ? Йæ ном — Хъуыбады.

Х ъ у ы б а д ы *(бынмæ кæсгæйæ).* Нæ фæйдтон...

А ф æ х ъ о. Æппындæр æй нæ фæйдтай?

Х ъ у ы б а д ы. Ниммæуадзай, рандæ уо, гæлæхха...

Т у г ъ а н. Æз дын гæлæхха фенын кæндзынæн ныртæккæ! *(Дамбаца фелвæста.)* Тагъд мæ разæй цæугæ!!

Х ъ æ р æ б и. Хуарз лæг! Отæ ма бакæнæ. Айæ мæгур седзæр фиййау æй. Æ ном — Бадели.

А ф æ х ъ о. Ратила-Батилатæн æз ницы зонын, ай мæнæ ме 'ххуырст Хъуыбады у.

Б у д з у л л а. Де 'хуæрст куд æй, айæ Бадели æй! Дигорон лæхъуæн. Дæуæн де 'хуæрст дигорон æй?

А ф æ х ъ о. Мæнæн ме 'ххуырст ирон у, туаллаг! Мæнæ ацы хабедзен! *(Хъуыбадымæ)* Уæлæмæ! Уæлæмæ сыст, Хъуыбады!

Х ъ æ р æ б и. Уæ зунд фæццудæй? Айæ дигорон лæхъуæн æй, Хъарадзаути æлдари фиййау.

А ф æ х ъ о. Æлдары фыййау, зæгъыс?.. Гъемæ кæд афтæ у, уæд-ма нын Хъарадзауты æлдары фыййау йæ фæндырæй ацæгъдæд, иу зарæг нын ракæнæд.

Б у д з у л л а. Циуавæр зар?

А ф æ х ъ о. Азарæд, мæ фос мын Ададжы сæрмæ куыд хызта. Мæ саусæр фыстæй фынддæс куыд адавта...

Б у д з у л л а. Хъарадзаути фиййау уæхæн зар нæ зонуй.

А ф æ х ъ о. Уæдæ цы зоны, уый азарæд, стæй бæрæг уыдзæни.

Б у д з у л л а *(Хъуыбадымæ).* Разарæ, Бадели, дæллæ Туйгъанти кувди чи зар кодтай — Минкъий Ацæмæзи зар!

*Хъуыбады цæгъды хъисфæндырæй æмæ зары дыгуронау Нарты Ацæмæзы зарæг.*

Нарти Уази Минкъи Ацæмæз,
Рæсугъддæр цагъдмæ бæргæ низдохуй,
Агундæ имæ айнæги фарсæй
Берæ фегъосуй, фал ин разæгъуй:
«О дзæбæх лæхъуæн, дæ ниййерæгæн
Æ фæндæуагæ ку фæццæрисæ,
Мæн ба ку уайуонцæ дæ хæзна хæтæл
Æма дæ саусæр фустæ...»

Т у г ъ а н. Ног та йæ саусæр фыстæ хъæуы?! Баба, ай Хъуыбады у.

А ф æ х ъ о. Лæппу, дæхиуыл фæхæц! Æз æй ыссардзынæн: цъиу нæ фестдзæн æмæ арвмæ н‘атæхдзæни; мыст нæ фестдзæн æмæ фæсалгæрдæджы нæ бамбæхсдзæн.

Х ъ æ р æ б и. Уартæ æндаг отари еу лæхъуæн ес, æ ном — Хъубади.

Б у д з у л л а. Цалинмæ сумах æнхъерæнтæ кæнайтæ, уæдмæ йе рандæ уодзæнæй.

А ф æ х ъ о. Мæ фæдыл! *(Иу каст ма бакодта Хъуыбадымæ.)*

*Хъуыбады та ныззарыд:*

Гъей, Уасгерги!
Фæндараст, фæндараст, Уасгерги!
Уæй, уæй дæ рунтæ бахуæрæн!
Сугъзæрийнæ базургин!
Гъей, иуазгутæ дæр де уазæг,
Бæрзонд Уасгерги!
Цæй æма цæй, нæ фусун дæр
Де ‘уазæг, Уасгерги!..

А ф æ х ъ о *(дызæрдыггæнгæ).* Тего, ды йæ разы лæуу, мах ныртæккæ ардæм хъæуы. Лæппу, хæлиудзыхæй ма кæс: мæ фæдыл! *(Æддейы та фыййау куыйты рæйын райхъуыст).*

Б у д з у л л а. Ходуйнаг æй иуазгутæй! — расин анхус кæнæн Хъубадий ахæссунмæ.

*Æртæйæ дæр февнæлдтой Тегомæ, бабастой йæ, йæ дзыхы йын къæрмæг атъыстой.*

Б у д з у л л а. Фæстеуат мабал кæнæ, Хъубади. Фæндараст, фæууо! Ледзгæ Дзанхоти гъæумæ. Уасгерги де ‘нбал!

*Æртæйæ дæр фæауун сты. Тего дурæнцæйтты рабадти къæхтæ ‘мæ къухтæбастæй, гæппытæ кæны, хъæр кæныныл архайы. Куыйты рæйын та райхъуысти талынджы.*

А ф æ х ъ о *(æддейæ).* Фæсайдтат мæ! Фæсайдтат мæ, Хъарадзауты фыййæуттæ! *(Æрбазынд.)* Цы фесты?! Кæм ысты?! *(Тего сæрызмæлдæй амоны, алыгъдысты, зæгъгæ.)* Йæ дзыхæй ма йын йæ къæрмæг райс, лæппу!

Т е г о. Асайдтой нæ! Уый Хъуыбады уыди!

А ф æ х ъ о. Æмæ цы фесты?!

Т е г о. Кæсæгмæ фæлидзы — Дзаххотты хъæумæ.

А ф æ х ъ о *(ныккæрзыдта).* Æйй-ы, мардзæ! Æз ма æрыгондæр куы уайын, уæд æй фæндаджы хъæбæрыл бæргæ æрцахсин.

Т у г ъ а н. Баба, ма тыхс. Мах æй æрцахсдзыстæм... фæндаджы хъæбæрыл.

А ф æ х ъ о. Бацагурут-иу æлдар Ботасаты Дзанхоты. Мæ номæй йын зæгъут зæрдиаг саламтæ. Уый уын баххуыс кæндзæн. Райсом Хъуыбадыйы мæ сау скъæты дуармæ куынæ фенон къæхтæбастæй, уæд уæ гуырæй райгæ ут уæ дыууæ дæр! — нæ фехъуыстон, зæгъгæ-иу, ма зæгъут!

Т е г о. Акко, мах дзы дæ маст дæр æмæ нæхи маст дæр райсдзыстæм.

А ф æ х ъ о *(мæстыйæ).* Цæмæ ма мæм кæсут хæлиудзыхтæй?! Тагъддæр, йæ фæдыл!!

Æ м б æ р з æ н

# ДЫККАГ АРХАЙД

## *ФÆНДЗÆМ НЫВ*

*Архайд цæуы Кæсæджы. Кафæн фæз. Фæзы æдде — ставд уисæй быд кау, кауы михтыл ранæй-рæтты — цалдæр дурыны. Лæппутæ æмæ чызджытæ кæнынц рагон кæсгон кафт. Чызджыты къæхтыл — бæрзонд зæвæтджын хъæдын дзабыртæ. Хъуыбады хъавгæ æрбацыд, йæ хъисфæндыр агъуды мидæг йе 'фцæджы ауыгъд, афтæмæй. Хъазты фæсивæд æй бафиппайдтой.*

Х ъ у ы б а д ы. Фарн — уæ хъазты.

Т е м ы р ы х ъ о *(хъалхуызæй).* Хæстæгдæр рацу, ирон фыййау.

Х ъ у ы б а д ы. Хорз лæг, цæмæй мæ базыдтай, ирон дæн, уый?

Т е м ы р ы х ъ о *(худы).* Дæ фадыварцæй. Гъеныр алыбон æгас цу, хохаг дзигло!

Х ъ у ы б а д ы. Хохаг дæн, уый та цæмæй базыдтай?

Т е м ы р ы х ъ о. Дæ сæнары тæфæй. *(Хъазы дзы.)* Хæстæгдæр нæм зæгъын, рацу: нæ кæрц ма дысхъуаг уыди.

Х ъ у ы б а д ы. Уæхæдæг мацы хъуаг ут, кæрц æнæдысæй дæр фæлæудзæни.

Т е м ы р ы х ъ о *(æрбамæсты).* Æмæ дæм цы хъуаг кæсæм, фыййау?!

Х ъ у ы б а д ы. Бахатыр кæнут, æз ардæм уæ хъуæгтæ бæрæггæнæг не 'рцыдтæн.

Т е м ы р ы х ъ о. Уæдæ цæмæ 'рбацыдтæ, уый уæртæ фалдæр ис — хæрд æмæ нозт. Бахæр, баназ æмæ дæ хæдзар бацагур.

М у р з а б е к. Темыр! Темырыхъо! Дæхиуыл фæхæц — дæхи уæздан лæг куы хоныс.

Т е м ы р ы х ъ о. Уæздан лæг кæй дæн, Мурзабек, тæргæ дæр æй уымæн кæнын.

М у р з а б е к *(амоны Хъуыбадымæ).* Ацы лæг кæцæй рацыд, уым уæздандзинад æндæрхуызон æмбарынц.

Т е м ы р ы х ъ о. Уæздандзинадæн цы 'мбары сау хъусха фыййау?!

М у р з а б е к *(адæммæ).* Æз цал хатты уыдтæн Ирыстоны, æмæ сæ фæсивæд мæ цуры нæзы цырæгътау лæууыдысты, кад мын кодтой! *(Баздæхт Хъуыбадымæ.)* Уæдæ ирон дæ, зæгъыс?

Х ъ у ы б а д ы. Ирон. Мæгуыр ирон фыййау.

М у р з а б е к. Уæдæ ирон уазæгæн — ирон цагъд! Хадизæт, дæ хорзæхæй. *(Хъубады йæ хызын кауыл ацауыгъта æмæ уæздан кафт ракодта.)* Аминæт, уазæгимæ дын æнæракафгæ нæй!

*Кафынц Хъуыбады æмæ Аминæт. Уыцы рæстæг Темырыхъо цыдæртæ адзырдта Хадизæты хъусы, æмæ чызг йæ фæндыр бандоныл авæрдта, йæхæдæг йе 'мбæлтты ауон балæууыд.*

М у р з а б е к. Цы хабар у, Хадизæт! Ацæгъд! Мæ уазæджы мын ма бафхæр.

Т е м ы р ы х ъ о *(бахъæлдзæг).* Æмдзæгъд, лæппутæ! Ирон фыййауæн æмдзæгъд дæр фаг у!

М у р з а б е к. Адон та дæ митæ сты, сыгъдæгæй, уæздан Темырыхъо! *(Хадизæтмæ).* Дæ хорзæхæй, Хадизæт, ацæгъд...

Х ъ у ы б а д ы. Ма йæм хат, Мурзабек. Уартæ-ма мын кауы михæй мæ хызын æрбадæтт.

Т е м ы р ы х ъ о. Йæ хызын-ма йын раттут — сæххормаг и!

*Хъуыбады хызынæй систа хъисфæндыр, агъудæй йæ фæхицæн кодта æмæ дзы кæсгон цагъд кæны, афтæмæй кафы Аминæтимæ. Фынгæй дæр сыстадысты хистæртæ æмæ се 'ппæтдæр цымыдисæй кæсынц кафджытæм. Уалынмæ фæдисыцыдæй æрбацыдысты Тугъан æмæ Тего.*

Т у г ъ а н. Бахатыр кæнут, хорз адæм!

Т е м ы р ы х ъ о. Адон дæр та хохæгтæ куы сты! Ассалам алейкум!

М у р з а б е к. Кæд фæдисæттæ не стут, уæд уæздандæр цыд æрбакодтаиккат.

Т е г о. Фæдисæттæ стæм, фæдисæттæ! *(Фæкомкоммæ Хъуыбадымæ.)* Уæртæ и! Ныр нал аирвæздзынæ махæй!

Т у г ъ а н *(Тегомæ).* Сабыр. Ай дын хох нæу: ам æндæр æгъдæуттæ ис. *(Адæммæ.)* Иу хатт ма хатыр курæм, уæ хъазт уын кæй бакъуылымпы кодтам, уый тыххæй. Фæлæ фехъуыстам, зæгъгæ, æлдар Ботасаты Дзанхот ам, куывды кæй ис, уый.

М у р з а б е к. Раст фехъуыстат. Еблагъуæ!

Т у г ъ а н. Уæ салам бирæ, фæлæ Дзанхоты куы федтаиккам æвæстиатæй: нæ фæндаг даргъ æмæ тæссаг у Уæлладжыры комыл Туалтæм.

Д з а н х о т *(фæзынди).* Туаллаг бæлццæттæн еблагъуæ цæуыннæ зæгъут, кæстæртæ? Мæ зæронд сæр мын цæмæн худинаг кæнут?

М у р з а б е к. Загътам цын, фæлæ тагъд кæнынц.

Д з а н х о т. Тагъд дон фурды не 'ййафы, фæлæ уæм хъусын.

Т у г ъ а н. Фыццаджыдæр уый зæгъинаг дæн, æмæ мын мæ фыд Бурасаты Афæхъо тынг бафæдзæхста, цæмæй дæуæн, цытджын æлдар Дзанхот, мæ фыды номæй радтон зæрдиаг саламтæ.

Д з а н х о т. Кадджын æмæ номджын æлдар у Бурасаты Афæхъо, йæ салам бирæ уæд, Хуыцауы арфæ йыл сæмбæлæд.

Т у г ъ а н. Дыккаджы та уый зæгъинаг дæн, æмæ Афæхъо дæуæй куры, цытджын æлдар, цæмæй ды уартæ йе 'ххуырст фыййау Хъуыбадыйы нæ къухтæм радтай.

Д з а н х о т. Уагæры цы бакодта ахæмæй, цæмæй быдырæй хохмæ ласинаг фæуа?

Т у г ъ а н. Хъуыбады бакодта Хуыцауы ‘васт ми: ӕлдары фосӕй адавта фынддӕс саусӕр фысы ӕмӕ йӕхи бафснайдта Кӕсӕджы дзуарбадӕн зӕххыл.

Х ъ у ы б а д ы *(джихтӕгӕнгӕ бацыд Дзанхоты размӕ).* Цытджын ӕлдар! Ницы фыдми ракодтон, ницы адавтон. Хуыцау — ме ‘вдисӕн, ӕндӕр ӕвдисӕн мӕнӕн нӕй хохы дӕр, быдыры дӕр.

Т е г о.Уӕдӕ цӕмӕн ралыгъдтӕ Кӕсӕгмӕ?

Т е м ы р ы х ъ о *(баздӕхти Хъуыбадымӕ).* Ӕлдары фыстӕ ныууӕй кодтай, дӕхӕдӕг махимӕ кафыс. Пуй, цаттыгъаллар!

М у р з а б е к. Темырыхъо! Ды ницы федтай, ницы зоныс ӕмӕ дӕ кӕрддзӕмы ӕнцад бад дӕхицӕн. Бахатыр кӕн, цытджын ӕлдар...

Д з а н х о т. *(Темырыхъо сонтӕй фездӕхт Мурзабекмӕ).* Гъери-гъа! Зӕххӕн уӕз куынал кӕныс, Темырыхъо! Иу та ма дзы ӕгъдау вӕййы... Хорз адӕм! Ме ‘фсымӕртӕ! Мах не ‘ппӕтдӕр Хуыцауы рафӕлдисгӕ адӕм стӕм, Хуыцауы уынаффӕйӕ цӕрӕм зӕххыл: ӕлдарӕй фыййауы онг. Ӕмӕ хъуамӕ алчи дӕр ӕнӕсайдӕй кӕна йӕ цардыуаг. Гъеныр уӕ фӕрсын: кӕуыл бауӕндӕм мах? Ӕлдары фыййауыл, ӕви ӕлдарыл?

Т е м ы р ы х ъ о. Ӕлдарыл!!

И н а л. Ӕлдары фыййауыл!

М у р з а б е к. Йӕхи ма йын бафӕрсӕм, йӕхи.

Х ъ у ы б а д ы. Хорз адӕм! Ӕз хохӕй быдырмӕ ралыгъдтӕн, уый раст у. Фӕлӕ фыдгӕнӕг нӕ дӕн, давӕг дӕр нӕ дӕн.

Т е м ы р ы х ъ о. Уӕдӕ цы дӕ, чи дӕ?

Х ъ у ы б а д ы. Ӕз дӕн... Ӕз дӕн... мӕгуыр фыййау. Сидзӕрӕй чи схъомыл, мады рӕвдыд чи нӕ зоны, фыды ныфсдӕттӕг ныхас чи нӕ фехъуыста йӕ цардымидӕг, афтӕмӕй ӕнаххосӕй аххосджын чи у, уыцы мӕгуыр Хъуыбады!

Т у г ъ а н. Ма йыл ӕууӕндут.

Т е г о. Ай адавта ӕлдары фыстӕ.

Х ъ у ы б а д ы. Ӕз Хуыцауы рафӕлдисгӕ суадонӕй дӕр Хуыцауы ӕвастӕй куы никуы банызтон. Мырзабег! Инал! Бауырнӕд уӕ, мӕ размӕ-иу хохы фахсыл ӕрыскъӕф, кӕнӕ саунӕмыг куы фӕци, уӕддӕр-иу Хуыцауы афарстон: «О Хуыцау, мӕхи Хуыцау! Кӕд мын цӕ хаир кӕныс, уӕд цӕ ратонон...» Хорз адӕм! Ӕлдары фосӕй фынддӕс сӕры фесӕфти, уый раст у, фӕлӕ цӕ... давгӕ нӕ акодтон!

Т у г ъ а н. Уæдæ зæххы скъуыды аирвæзтысты?!

Т е м ы р ы х ъ о. Кæд давæг нæ дæ, уæд цæмæ ралыгъдтæ хохæй быдырмæ?

Х ъ у ы б а д ы. Темырыхъо, махмæ афтæ фæзæгъынц хохы: «Æлдар фыдлæг у, лæгдзарм тæнæг у, мæлын кæй фæнды?»

Д з а н х о т *(ныхас ын фæхъыг)*. Махмæ та быдыры афтæ фæзæгъынц: «Хуыцау кæмæн цы саккаг кодта — æлдарæн дæр, мæгуыр лæгæн дæр — уый хъуамæ æнæсайдæй æххæст кæна йæ цардымидæг». Акæнут æй...

М у р з а б е к. Бахатыр ын кæн, цытджын æлдар.

И н а л. Хуыцауы хатыр, зæххы хатыр бакæн, Дзанхот.

Х ъ у ы б а д ы. Цытджын æлдар! Иу ныхасы бар ма курын.

Д з а н х о т. Зæгъ, дæ хорзæхæй.

Х ъ у ы б а д ы. Хорз адæм! Иу хатт ма йæ зæгъын: æз нæ хъæбæр хохы мады фæлмæн ныхас никуы фехъуыстон, фыды буц цæстæнгас никуы федтон, фæлæ мæнæ ацы кæсгон зæххыл æз мæ цардымидæг фыццаг хатт банкъардтон хорз æфсымæрты ныфсдæттæг цæстæнгас. *(Бакаст Мурзабек æмæ Иналмæ.)*

М у р з а б е к. Фидар лæуу, Хъуыбады.

Х ъ у ы б а д ы. Къæдзæхы тигътыл схъомыл дæн фос хизгæйæ, арфæтæ кæнын нæ базыдтон, фæлæ уын, мæнæ хорз адæм, Дунерафæлдисæг Хуыцау мæ бæсты рæсугъд арфæтæ ракæнæд. Æз та уын мæ ихсыд фæндырæй хæрзбоны цагъд æркæнон. *(Кæны кæсгон цагъд.)*

Т у г ъ а н. Цыбырдæр цæгъд: нæ фæндаг даргъ у.

Т е г о. Ахæм къухтæ хъуамæ баст уой!

*Тугъан æмæ Тего бабастой Хъуыбадыйы къухтæ æмæ йæ фæкæнынц сæ разæй.*

Х ъ у ы б а д ы. Хуыцауы фæдзæхст ут, мæ хорз фысымтæ! Алы уазæг дæр уæ афтæ буц æмæ рæвдыдæй цæуæд...

Д з а н х о т. Фæндараст ут! Быдыры зæдтæ æмæ уæ хохы дзуæрттæ рæствæндаг фæкæнæнт.

М у р з а б е к. Бахатыр кæ, цытджын æлдар, фæлæ ныл абон нæ Хуыцауы зæрдæ фæхуддзæн.

Д з а н х о т. Цæмæн афтæ зæгъыс, уæздан Мурзабек?

М у р з а б е к. Нæ кæсгон зæххыл уазæгæй кадджындæр ничи уыди нæ дзæнæтыбадинаг фыдæлтæм.

Д з а н х о т. Раст зæгъыс, Мурзабек, фæлæ уазæг фыдгæнæг куы уа, æлдары фосдавæг, уæд та?

М у р з а б е к. Нæ, нæ, цытджын æлдар! Хъуыбады давæг нæу. Давæг лæг арвыхъугау бæрæг вæййы.

И н а л. Хъуыбады фæлмæнзæрдæ, æнæхин адæймаг у.

Д з а н х о т. О, фæлæ æлдар Афæхъойы фынддæс фысы цы фесты? Ницы дзурут, нæ?

М у р з а б е к. Афæхъойы фос цы фесты, уый Хуыцауæй дарддæр чи зоны? Æмæ цын Хуыцау тæрхонгæнæг фæуæд! Фæлæ мæгуыр лæппу — нæ уазæг! — бынтон æнаххосæй фæззыгон сыфтæрау фесæфдзæн.

Д з а н х о т. Бауырнæд уæ, хорз адæм, æз тынг хорз зонын Афæхъо-æлдары æмæ уый искæй æнаххосæй бафхæра, уымæн уæвæн нæй. Нæхимæ кæсгон æлдæрттау лæджыхъæдæй æххæст у! Хуыцауæй уырнæгау уæ бауырнæд: уæздан лæг у.

М у р з а б е к. Бахатыр мын кæн, Дзанхот, мæ къæйных æргом ныхас, фæлæ ды уæздан цы хоныс? Йæ уазæджы (!) къухтæбастæй акæнын чи бауагъта, уыдонмæ цы ис лæджыхъæдæй, уыдонмæ цы ис уæзданæй?

Д з а н х о т *(сагъæсгæнгæ)*. Мæ зæрдæ йæ зоны: Хъуыбады æнæхин, æнæсайд хохаг лæппу у. Фæлæ иннæрдыгæй — æлдар Афæхъо! Æз йæ хæдзары цæхх æмæ кæрдзын бирæ хатт бахордтон. Фых хойраджы фарн та бирæ у, мæнæ хорз адæм! Æмæ уын уый зæгъинаг дæн: мæнæй ме ’фсарм, мæ уæздандзинад цы домы, уый бакодтон, фæлæ... Фæлæ сымах та, фæсивæд, джихæй цы кæсут?!

И н а л. Мах бон циу, цытджын æлдар?

М у р з а б е к. Махæн дæ ныхас æгъдау у.

Д з а н х о т. Гъе, уæууæй, фæсивæд! Раздæр-иу мæ ме ’рфыджы змæлдæй куы ’мбæрстат, уæд ныр цы кодтат: æнæбонхуызæй уæ цæссыгтæ цы згъалут уæ хъæбысмæ?!

М у р з а б е к *(цингæнгæ)*. Уæ, Хуыцауы салам дыл сæмбæла, цытджын æлдар! Фæсивæд! Мæ фæдыл! *(Феггуырстысты иумæ.)*

Д з а н х о т. Гъæйтт! Гъæйтт! *(Фæсивæд фæлæууыдысты.)* Хъарсы фидар сæттынмæ куынæ цæут, уæд дыууæ лæджы ныхмæ!.. Æххæст ма цæцæн æмæ ногъайæ дæр æххуырсгæ æфсад ракæнут!

М у р з а б е к. Хатыр, нæ буц хистæр! Дыууæ лæджы ныхмæ æфсадæй цæуын худинаг у, зонæм æй. Фæлæ фæсивæдæй фæстейы фæлæууын никæй бафæндыд.

Д з а н х о т *(сабыргай)*. Худинагæй тæрсын хъæуы. Фыдæлтæиу уый тыххæй загътой: «Зæрдæ — дугъон, зонд — йæ барæг».

Ныр та фæстиат мауал кæнут. Мурзабек! Инал! Лæгæты фæндагыл сæ размæ фæут. Йа, Аллах! Гъæйтт-гъæйтт!!

*Мурзабек æмæ Инал тындзгæ ацыдысты. Адæм «фæндараст, фæндараст» кæнгæ сæ фæдыл разæнгардæй кæсынц.*

## ÆХСÆЗÆМ НЫВ

*Хъæды кæрон. Разæй — дзуары бæлас: йæ къалиутыл — урс хæцъилтæ баст.*

Т е г о. Кæдæм ма йæ кæнæм?

Т у г ъ а н. Дарддæр цом.

Т е г о. Ам хорз у: мæнæ йæ бæласы цонгыл ацауындзæм.

Х ъ у ы б а д ы. Хуыцау уын нæй? Иумæ куы схъомыл ыстæм. *(Джихæй.)* Æрыскъæфдзау иумæ бирæ куы фæцыдыстæм. Гæнгæлытæ æмæ-иу хуырхæджытæ цас æртыдтам! Хъуыды ма кæныс, Тугъан? Хъуыды ма кæныс, Тего?

Т у г ъ а н *(Тегоимæ иумæ).* Кæнæм, кæнæм!..

Т е г о. Сауададжы уæлвæзы нæ-иу радыгай куыд абырстай, уый дæр нæма ферох кодтам.

Х ъ у ы б а д ы *(джихæй йæ мидбылты худы).* Сывæллоны хъæзтытæ: дугъыуайынтæ, хъæбысæй хæстытæ... Кæд сидзæр уыдтæн, уæддæр мын тынг зынаргъ ысты мæ сабибонтæ.

Т у г ъ а н. Махæн дæр зынаргъ сты нæ сабибонтæ. Фæлæ мæм раст цы нæ касти — уæддæр æмæ ныр дæр! — уый дын хъуамæ æргомæй зæгъон абон.

Т е г о. Дæ фæстаг бон!

Т у г ъ а н. Ды бынтондæр сидзæр куы уыдтæ: бæгънæгбæгъæввад, мæгуыр-æххормаг. Афтæмæй — махæй хъæлдзæгдæр! Махæй цæрдæгдæр. Махæй домбайдæр! Æз — æлдары фырт, ды — æххуырст фыййау. Уæддæр та Дзапарты рæсугъд Хъуыдинæ... дæу бауарзта.

Т е г о. Дæу! — мæгуыр фыййауы. Æлдары фырты нæ, фæлæ сæнархъус фыййауы!

Т у г ъ а н. Уæд уый куыд раст у, Хъуыбады? Æви дæ Хуыцау махæн мæстæймарынæн радта, и?!

Т е г о. Абон та мах бон у: мах рад дæр æрхæццæ... мæстæймарынмæ.

Т у г ъ а н. Мæстæймарынмæ нæ, фæлæ... бæндæнæй марынмæ!

Т е г о. Нæ, ме ‘фсымæр! Раздæр уал ын йæ хъизæмæрттæ

фенæм. *(Хъуыбадымæ.)* Ды, кæйдæр дзæгъæлзад, æлдар Афæхъойы саусæр фыстæй фынддæс адавтай æмæ цæ ауæй кодтай, æви нæ?

Х ъ у ы б а д ы. Хуыцау — ме ’вдисæн: цы фесты, уымæн ницы базыдтон.

Т у г ъ а н. Нæ дæ ’вдæлди мæ фос хъахъхъæнынмæ: Хъуыдинæйæн фæндыræй цагътай, уарзон ныхæстæ кодтай. Мæ фос та давды фесты!

Т е г о *(Тугъанмæ).* Ма тыхс, мæ хъаймæты æфсымæр! Дæ саусæр фыстæ давды нæ фесты: тæккæ абон — хурныгуылды уыдзысты уæ талынг ыскъæты!

Т у г ъ а н *(дисгæнгæ).* Уый та куыд, цы хуызы?

Т е г о *(мæстæймарæгау кæсы Хъуыбадымæ).* Цæмæй мæнæ ацы фæндырдзæгъдæг хабедзен лидзæг фæуа Туалгомæй æмæ Дзапарты рæсугъд дæуæн баззайа Хуыцауы хæзнайау, уый тыххæй æз уæ саусæр фыстæй фынддæс æндарæны бакодтон Адайлæгæты.

*Хъуыбады фырмæстæй йæ уæрджытыл æрхауд, Тугъан дæр джихæй баззад. Уыцы рæстæг Мурзабек æмæ Инал, сæ сæртæ басылыхъыты тыхт, афтæмæй æрбагæппытæ кодтой хъуырæйнæмгæ дамбацатимæ.*

М у р з а б е к. Чи стут?!

Т у г ъ а н. Æмæ сымах чи стут?!

И н а л. Мах стæм абырджытæ, стигъджытæ, марджытæ!

Т е г о. Аллах акбар! *(Тугъанмæ.)* Кæй агуырдтам — уыдон! Ассалам алейкум! *(къухтæ райсынмæ хъавы.)*

М у р з а б е к *(йæ къух æм нæ дæтты).* Къухтæ райсын æфсымæрдзинад у æмæ дæм ис уыцы хъару?

Т е г о. Ис! Ис! Мах дæр сымах хуызæн ыстæм: абырджытæ, стигъджытæ, марджытæ. Аллах акбар!

Т у г ъ а н. Дæ зонд фæцыди?! Цавæр аллах-акбары кой кæныс?

Т е г о. Дæ дзыхыл хæц! — Мæхъхъæлæттæ сты. *(Мурзабек æмæ Иналмæ.)* Мах дæр, зæгъын, абырджытæ стæм!

Т у г ъ а н. Бахатыр кæ, Тего, фæлæ мæн тыххæй дзуапп ма дætт: æз мæ фыд Афæхъойы фырт дæн æмæ стигъæг дæр нæ дæн, абырæг дæр нæ дæн...

М у р з а б е к. Чи цы у, уый равзардзыстæм мах.

Т е г о. Æз дæн абырæг, æз! Мæнæ ацы дыууæ лæджы (!) æз радавтон хохæй æмæ уын цæ уæй кæнын... асламæй.

Т у г ъ а н *(дисгæнгæ).* Ды!.. Мæн... уæй кæныс?!
Т е г о. Асламæй.
М у р з а б е к. Цас цæ кæныс?
Т е г о. Мæнæ ай фыййау у æмæ — æртæ туманы. Мæнæ ай та — æртиссæдз туманы.
И н а л. Аллах! Афтæ зынаргъ цæмæн?
Т е г о. Ай æлдары фырт у: фос бирæ, хор бирæ. Йæ фыд æй балхæндзæн зынаргъæй.
Т у г ъ а н. Тего! Дæ зонд фæцыди?
М у р з а б е к. Хорз! Зынаргъгомау у, фæлæ ницы кæны, кæд йæ фыд æлдар у, уæд...
И н а л. Уæд дзы дыууæ хатты фылдæр рассивдзыстæм!
М у р з а б е к. Гъей, хорз абырæг! Тего дæ, цы?
Т е г о. Тего, Тего!
М у р з а б е к. Йæ къухтæ йын бабæтт, Тего. Фæстæрдæм.
Т е г о. Уæхимæ бæндæн нæй?
И н а л. Мæнæ йын фыййауы бæндæнæй бабæтт йæ къухтæ.
Т е г о. Уымæн йæ къухтæ халæн нæй: афардæг уыдзæни!
И н а л. Никæдæм афардæг уыдзæни.
М у р з а б е к. Мæнæ ацы дамбацайы сырх нæмыг кæйфæнды дæр баййафдзæни. Райхал фыййауы къухтæ!
И н а л (*йæ дамбацайы фарс йæ дысалгъæй асæрфта).* Бабæтт æлдары къухтæ.
Т у г ъ а н *(йæ къухтæ йын Тего бæтты).* Дæ зонд фæцыди, Тего? *(Схойы йæ, схъуырдухæн сты.)* Гадзрахатæй мыл рацыдтæ!
Т е г о. Сабыр! Æндæргæнæн нæй.
Т у г ъ а н. Æз мæ сæрмæ уый нæ хæссын, цæмæй мæ мæ фыд Афæхъо галау балхæна абырджытæй.
Т е г о. Сабыр. Дæ уд уал аирвæзын кæ. Æз дæ мæхæдæг балхæндзынæн, ме 'фсымæр.
Т у г ъ а н. Æфсымæры ард дæ фæдыл æфтыд фæуæд!
М у р з а б е к *(Иналмæ).* Сулейман! Фæкæс хохаг абырæгмæ... йе 'фсымæры къухтæ бæттынмæ.
Т е г о. Ма тыхсут: æз æй Тутыры уæрыккау мæхæдæг абæтдзынæн.
М у р з а б е к. Сулейман! Ныр та мæнмæ фæкæс хохаг абырæджы къухтæ бæттынмæ.
Т е г о *(бæттынц ын йæ къухтæ).* Хорз абырджытæ! Хорз абырджытæ! Аллах акбар!..
М у р з а б е к. Акбар, акбар!

И н а л. Уæллæгъи, акбар!

Т е г о. Кæд акбар у, уæд мын мæ къухтæ цæмæн бабастат?!

М у р з а б е к. Махмæ, абырджытæм, ахæм æгъдау ис: цалынмæ дын де 'хца хæссæм, уæдмæ хъуамæ дæ къухтæ баст уой.

Т е г о. Æз уе 'рбацыдмæ æнæкъухтæбастæй дæр фæлæудзынæн.

И н а л. Афтæ гæнæн нæй, хохаг абырæг! Ды æндæр искæмæн куы 'рбауæй кæнай де 'рдхорды, уæд ма мах кæм балхæндзыстæм æлдары фырт?

Х ъ у ы б а д ы. Бахатыр кæнут, чи стут, уый дæр нæ зонын, фæлæ цæ ауадзут сæ фæндагыл.

Т у г ъ а н. Æнхъæлдæн та дын, Хъуыбады, баххуыс кодта дæ Хуыцау. *(Мæстыйæ.)* Фæлæ мæ ме 'ххуырст фыййау (!) фервæзын кæна, æз уый мæ сæрмæ нæ хæссын!..

Т е г о *(сусæгæй)*. Хъуыбады, фервæзын мæ кæн...

Х ъ у ы б а д ы. Хуыцауы хатыр, зæххы хатыр бакæнут: ауадзут цæ, тæригъæд сты.

Т у г ъ а н *(мæстыйæ)*. Дæуæй тæригъæддагдæр дæн, Хъуыбады?! Уый зон, æмæ æз мардæй дæр æлдары фырт дæн, ды та — фыййау, æххуырст фыййау!

М у р з а б е к. Быцæу ма кæнут, хохæгтæ! Мах уæ иуы дæр нæ уадзæм: æлдары фырты дæр, абырæджы дæр, æххуырст фыййауы дæр.

Т е г о. Уæдæ уый дæр бабæттут: кæд сæфгæ, уæд — иумæ.

М у р з а б е к. Æххуырст фыййау! Зæгъ-ма, дæ хорзæхæй: дæ разы де 'фцæджы — агъуды мидæг уый цы у? Хæцæнгарз? Хъримаг? Абырæджы дзаума?

Х ъ у ы б а д ы. Нæ, абырæджы дзаума нæу, — фыййауы дзаума у, æнкъард бонты — зæрдæирхæфсæн.

М у р з а б е к *(йæхи ницызонæг скодта)*. Фыййауы дзаума... Зæрдæирхæфсæн... Уый циу?

Х ъ у ы б а д ы. Хъисын фæндыр. Ирон фæндыр.

И н а л. Хорз фыййау, уæд та иу цагъд акæнис! Кæннод де 'мбал абырджытæ æгæр нынкъард сты.

Х ъ у ы б а д ы. Цавæр цагъд? Кæсгон? Мæхъхъæлон?

М у р з а б е к. Нæ, ирон цагъд акæн. Фæлмæн цагъд. Æнкъард цагъд. Хъæддаг лæгæн: абырæгæй-æлдары фыртæй-æндæрæй, сеппæтæн дæр сæ зæрдæты адæймагдзинад чи бауадза, ахæм... æнкъард цагъд.

*Хъуыбады бæласы бындзæфхадыл æрбадти æмæ цæгъды «Хъуыбадыйы» мелоди æмæ зары:*

Цæргæсы бæллын,
Уæларвы нæрын,
Дымгæйы хъарæг,
Цæф сæгуыты маст,
Æхсæрдзæны хъазт —
Фыййауы зарæг...

Фæскъæвда хур бон,
Уымæл ривæддон,
Рæсугъд хизæнтæ,
Æфсæст фосы дзуг,
Сæрибары дуг —
Фыййауы сæнттæ...

М у р з а б е к. Хуыцауы арфæ дыл хорзæй сæмбæлæд, мæнæ хорз фыййау. Ацу, фæндараст у. Дæ сызгъæрин фæндырæй адæмы зæрдæ фæлмæн кæн. Ацу. Ацу, ды сæрибар дæ.

Х ъ у ы б а д ы *(фæцæуы, раздæхти).* Тугъан... Тего... Бирæ хъæлдзæг бонтæ арвыстам иумæ нæ сабибонты. Æз уæм мæсты нæ кæнын. Хæрзбон, мæ рагбонты хæлæрттæ. Хуыцауы фæдзæхст ут! *(Фæцæуы.)*

Т е г о. Хъуыбады! Баххуыс нын кæ... Ма нæ ныууадз къухтæбастæй! *(Хъуыбады ацыд.)* Хуыцау дыл йæ бæллæх сæвæрæд! Абырджыты амæттаг фæуы!

М у р з а б е к. Цæмæн æлгъитыс Хуыцауы рафæлдисгæ адæймаджы, йæ риуы рæсугъд зæрдæ кæмæн ис, уыцы Хъуыбадыйы?!

Т е г о *(фæгуырысхо).* Ды абырæг нæ дæ! Ды Хъуыбадыйы кæсгон æрдхорд дæ!

М у р з а б е к. О, æз абырæг нæ дæн. О, æз дæн Хъуыбадыйы кæсгон æрдхорд Мурзабек. *(Йæ басылыхъ райхæлдта.)* Худинаг! Аллайаг! Куыд ис уæйгæнæн æфсымæрæн, æмхъæуккагæн?! Куыд ис уæйгæнæн адæймагæн?!

Т у г ъ а н. Хатыр дæ курæм.

Т е г о. Суæгъд мын кæнут мæ къухтæ. Мурзабек! Æз никæмæн ныббардзынæн ме 'фхæрд! Дæуæн дæр, де 'рдхорд Хъуыбадыйæн дæр!

И н а л. Иугыццыл бастæй фæлæуу, Тего. Де 'хца дын

ӕрбахӕццӕ кӕнӕм: ӕртиссӕдз туманы! Аллах акбар! *(Фӕцӕуы Мурзабекимӕ.)*

Т е г о. Ӕз уын фенын кӕндзынӕн, акбар циу, уый! Мӕнӕн мӕ фыд Джетӕгъӕз ӕгас Кавказы хъуыстгонд абырӕг у!

М у р з а б е к *(фездӕхт, дамбацайӕ фехста Тегойы къӕхты бынмӕ.)* Ӕрхуыссут уӕ дыууӕ дӕр! *(Тего ӕмӕ Тугъан кӕрӕдзийы бын абырыдысты. Мурзабек цыл йӕ нымӕт ӕрӕмбӕрзта.)* Ма суазал ут, хъӕбатыр абырджытӕ! Аллах акбар!.. *(Ацыдис Иналимӕ.)*

## *ӔВДӔМ НЫВ*

*Архайд цӕуы Калачы. Зыны сӕндоны иу хай. Дуары сӕрмӕ ставд дамгъӕтӕй фыст: «ЧИКЪОЙЫ СӔНДОН». Чидӕртӕ бацӕуынц сӕндонмӕ, фӕстӕмӕ рацӕуынц расыгӕй, гуырдзиаг зарджытӕ кӕнгӕйӕ... Сӕндоны дуармӕ хӕстӕг, иу къуымгонды хиконд мольбертыл йе 'рдхорды ныв кӕны Никъо. Хатгай сӕны дурынӕй ахуыпп кӕны ӕмӕ та йӕ цӕссыг асӕрфы.*

Н и к ъ о. Ехх, Кӕсӕби! Асайдтай мӕ, генацвале!.. Цал хатты мын загътай: «Никъала, мӕ хуыз мын сараз дӕ кӕттагыл!» Дӕхӕдӕг афардӕг дӕ де 'цӕг дунемӕ...

Ч и к ъ о. *(рауад сӕндонӕй).* Никъо! Никъала! Уый цытӕ кӕныс?!

Н и к ъ о. Хорз лӕг уыди Кӕсӕби! Рухсаг уӕд... *(Дурыны хъуырӕй та анызта.)*

Ч и к ъ о. Никъо, мӕ закъаз кӕд уыдзӕн конд?

Н и к ъ о. Цавӕр закъаз, Чикъо? *(Ахуыпп та кодта сӕн.)*

Ч и к ъ о. Никъо, ныффыс афтӕ стыр дамгъӕтӕй: «Чикъомӕ ис тынг хорз сӕн! Табуафси, мидӕмӕ рацӕут!»

Н и к ъ о.. Уӕллӕй, ныффысдзынӕн, Чикъо! Фӕлӕ рахӕсс уыцы тынг хорз сӕнӕй. *(Дурыныл та схӕцыд.)* Мӕ бон нал у ацы туаг сӕн нуазын...

*Н и к ъ о.* Байсдзынӕн дын уый дӕр, Никъо! *(Исы дурын. Схъаугъа сты. Никъо дурын нӕ дӕтты.)*

Н и к ъ о. Фӕлӕуу-ма, Чикъо! Ӕнӕ сӕнӕй нывтӕ кӕнӕн нӕй, Чикъо, уый бамбар!

Ч и к ъ о. Ды дӕр ӕй бамбар, Никъо, ӕз лӕвар сӕн никӕмӕн дӕттын. *(Ацыд.)*

Н и к ъ о *(хъуыр-хъуыр кæны, гуырдзиагау æлгъиты).* Лæвар! Лæвар! Мæ куыстытæ мын асайдта, лæвар мæ фæкусын кодта, шени де!.. *(Кусы та Кæсæбийы портретыл.)* Ехх, Кæсæби, Кæсæби!.. Цард цыбыр у хæрæджы къудийау... Уый дын æз зæгъын, æз: де 'рдхорд Никъо Пиросманашвили...

К ъ о с т а *(æрбацыд лæдзæджы æнцæйтты).* Байрай, Никъо Пиросманашвили! Гамарджоба!

Н и к ъ о *(схуыст ныхасæй).* Абон иу закъаз дæр нал исын! Нæ мæ 'вдæлы!..*(Дурыны хъуырæй та ахуыпп кодта.)* Ехх, Кæсæби... *(Кæуæгау.)* Мæ сæры къоппа мын сидзæрæй ныууагътай...

К ъ о с т а. Бахатыр кæ, Никъо. Æз дæ ницавæр ныв агурын. Æз дæ уазæг дæн, Никъала!

Н и к ъ о *(скасти Къостамæ).* Уазæг — Хуыцауы уазæг. Фæлæ чи дæ?

К ъ о с т а. Никъо, дæ фыстæг мæм æрхæццæ Дзæуджыхъæумæ.

Н и к ъ о. Цавæр фыстæг?.. Ацы сæн мын мæ зонд фæцæуын кодта, фæлæ... зæххардыстæн, хорз уазæг, ацы мæнг дунейы æнæ амæй *(дурыны фарс бахоста цъылынæгæй.)* тынг зын цæрæн у, бауырнæд дæ...

К ъ о с т а. Мæ зынаргъ Пиросманашвили! Никъала, ды мæм фæхабар кодтай Дзæуджыхъæумæ, дæ хæлар Хъуыбады зын увæры кæй ис, стæй... цæстæй кæй нал уыны...

Н и к ъ о *(фестади).* Нывгæнæг Хетагури! Къоста!!! *(Хъæбыс кæны Къостайы, йæ зæрдæ та суынгæг.)* Арвыл кæй агуырдтон, уый мæнæ Калачы зæххыл ыссардтон!.. Фæйнæ сыкъайы — æмбæлæггаг! *(Нуазæнтæ сæнæй байдзаг кодта.)*

К ъ о с т а. Никъала!.. Дæ кой дын рагæй хъусын, Никъо. Бетъырбухы ма куы ахуыр кодтон, уæддæр фехъуыстон, зæгъгæ, дам, Калачы ис диссаджы хæдахуыр нывгæнæг.

Н и к ъ о. Ау, Бетъырбухы дæр мæ зонынц?!

К ъ о с т а. Бæгуыдæр, Никъо! Йæ кърандасы фындзыл, дам, дзуар бады. Афтæ-иу загътой Бетъырбухы Академийы профессортæ.

Н и к ъ о *(йæхицæй ныхъхъал)* . Бетъырбухы дæр мæ зонынц... Уæвгæ мæн... Францы дæр зонынц. Парижы дæр!.. Гъемæ, Къоста, Бетъырбухæй-Парижæй-Дзæуджыхъæуæй-æндæрæй, кæмдæриддæр ис хорз адæм, хуыцауысконд адæм — се 'ппæты цæрæнбон дæр бирæ уæд! Уæлдайдæр та — нæхи Хъуыбадыйы

цæрæнбонтæ Хуыцау бирæ скæнæд, йæ цард йæ фæндырдзагъдау рæсугъд куыд уа!.. *(Аныэта.)*

К ъ о с т а. Никъо, хорз адæмты тыххæй ракуыбтай: уыдонæй иу ды дæ, иннæ Хъуыбады, æмæ уæ адæмы хорзæх уæд, Хуыцау уæ барæвдауæд. Абон лæгæй-лæгмæ кæрæдзийы базыдтам æмæ нæ базынд Иры дзуæрттæн дæр æмæ Гуырдзыйы дзуæрттæн дæр адджын фæуæд! *(Аныэта.)*

Н и к ъ о. Исты комдзаг бæргæ куы уыдаид... *(Чикъо фæзынди физонджытимæ, фæцæуы сæндонмæ.)* Чикъо, Чикъо!

Ч и к ъ о. Цы ма зæгъыс, Никъо?

Н и к ъ о. Цытджын уазæг мæм и, Чикъо! Рахæсс мын сæны дурын æмæ физонæг — æнæхъæн мæй дын фæкусдзынæн...

Ч и к ъ о. Бакус, Никъо, æмæ дын уæд — сæны дурын, физонæг. Лæвар мæм уарыныдон дæр нæй. *(Сæндоны фæмидæг æмæ гом дуарæй хъисфæндыры цагъд хъуысы.)*

Н и к ъ о. Хъусыс, Къоста! Хъуыбады цæгъды йæ фæндырæй.

К ъ о с т а. Æнкъард цагъд... Уый йæхиуыл кæуы Хъуыбады...

Н и к ъ о. Хъуыбады рагæй цæры гуырдзиаг адæмы астæу. Йæ разы йын æрæвæрынц цæхх æмæ кæрдзын, сæны дурын, фæлæ... Фæлæ хохаг лæджы зæрдæ æндæр цыдæр агуры...

К ъ о с т а. Фыдæлты зæхх, райгуырæн бæстæ.

Н и к ъ о. Бауырнæд дæ, Къоста, æз Хъуыбадыйы мæ уды бæрц уарзын. Йæ фæндыры цагъд, йæ зарды тыххæй дæр адæмæн у тынг уарзон адæймаг. Фæлæ йын тæрсгæ кæнын: йæ цæстытау йæ зæрдæ дæр куы басудза...

К ъ о с т а. Никъо, ме 'фсымæр! Æз дæр уымæй тæрсын æмæ абон ацыран уый тыххæй куы дæн. Бадзур æм, дæ хорзæхæй.

Н и к ъ о. Мæнæ мыл хур куыд ракасти, Къоста, æмæ мæ зæрдæ цинæй байдзаг: ныр Хъуыбады мæгуыр нал у — мах ын стæм æфсымæртæ. *(Къостайы æрбахъæбысгæнæгау кодта.)* Къоста, дæ фенынмæ рагæй бæллыдтæн: зæгъын, бирæ фæныхас кæндзыстæм аивады тыххæй, нæ нывты тыххæй ахорæнты æвзагыл...

К ъ о с т а. Сæмбæлдзыстæм ма, Хуыцауы фæндæй, Никъо! Æз бирæ хорз ныхæстæ фехъуыстон дæ нывты тыххæй.

Н и к ъ о. Æз цы дæн?! — хуымæтæджы хæдахуыр нывгæнæг, фæлæ ды Бетъырбухы ахуыр кодтай. Бетъырбухы!

К ъ о с т а. Адæймаджы Хуыцауы арфæ æмæ йæ зæрдæйы хорзæх куы уа, уæд уый у сæйрагдæр, ахуыр нæ фæлæ...

Н и к ъ о. Иттæг раст зæгъыс, Къоста. *(Сæндонæй та райхъуыст Хъуыбадыйы фæндырдзагъд.)* Уартæ Хъуыбадымæ нæ кæсыс — кæм сахуыр кодта?! Никуы. Фæлæ йын Хуыцау радта курдиат æмæ зæрдæйы хорзæх... Ныртæккæ йæ рахондзынæн. *(Сæндонмæ бацыд.)*

К ъ о с т а. Раст зæгъыс, Никъала. Хуыцау ын радта курдиат, зæрдæйы хорзæх... фæлæ йын амондæй хай нæ бакодта. *(Сагъæсгæнгæ.)* Амонд... Уæвгæ мæхæдæг дæр... амондцух, бæстæйхауд нарон лæг... *(Йæ зæрдыл æрлæууыд йæхи æмдзæвгæ:)*

Амонд... æрра дæн, цæй амондмæ дзурын!
Ацы рæстæджы та амондджын чи у?

*Хъисфæндыры цагъд фæхъус, æмæ сæндоны дуарæй рахызтысты Никъо æмæ Хъуыбады. Хъуыбадыйæн йæ иу къухы лæдзæг, иннæйы —хъисфæндыр.*

Н и к ъ о. Абон диссаджы бон у, Къоба! Махмæ сæмбæлди цытджын уазæг, æмæ, дæ хорзæхæй, иу цагъд ын акæн дæ сыгъзæрин фæндырæй.

Х ъ у ы б а д ы. Цытджын уазæгæн — уæздан цагъд. *(Кæны гуырдзиаг цагъд.)*

Н и к ъ о. Къоба! Хъуыбады! Уазæг гуырдзиаг лæг нæу.

Х ъ у ы б а д ы. Уазæг Хуыцауы уазæг уæд. *(Кæны кæсгон цагъд.)*

Н и к ъ о. Мæ зынаргъ Къоба! Кæсгон уазæг дæр нæу. Уазæг ирон у!..

Х ъ у ы б а д ы *(йæ зæрдæ суынгæг)*. Æрцу-ма хæстæгдæр, ирон лæг. *(Къостайы цонгмæ бавнæлдта, йæ цухъхъайы бæрцытыл ын йæ къух æрхаста.)* Раст зæгъыс, Никъо! — ирон лæг у: йæ зæрдæйы цæф æмæ йæ комулæфтæй бæрæг у.

К ъ о с т а. Хъуыбады! Мæ зынаргъ Хъуыбады! *(Ныхъхъæбыс кодта Хъуыбадыйæн.)* Æз Къоста дæн, Къоста... Нал мæ зоныс?

Х ъ у ы б а д ы. Æз мæхи дæр куынал зонын, фæлæ... кæй Къоста?

К ъ о с т а. Леуаны фырт... Гыццылæй мæ-иу де 'ккой бирæ куы фæхастай Нары уæлвæзты.

Х ъ у ы б а д ы *(базыдта Къостайы)*. Годта!.. Годта!.. Мæнæ мын Хуыцау цы хорз ракодта мæ талынг бонты...

Ч и к ъ о *(фæдисхуызæй)*. Къоба, цæмæн рацыдтæ! Æлдар Татикъо дæу агуры: цом, ацæгъд ын фæндырæй.

Н и к ъ о. Нæ йæ 'вдæлы, Чикъо! Уазæг нæм ис.

Ч и к ъ о. Ацæгъд, Къоба! Сæн дын ратдзынæн. Цас дæ фæнды — баназ!..

Х ъ у ы б а д ы. Ай цытæ дзуры? Баназ æмæ ацæгъд, и?!

Ч и к ъ о. Афтæ нæ, Къоба! — ацæгъд æмæ баназ.

Н и к ъ о. Чикъо, цæмæн æфхæрыс лæджы?

Ч и к ъ о. Сæны дурын фаг нæу?! Иу цагъдæн? Гъемæ лæвар хæргæ дæр бакæндзæн. Йæ кæрцы дзыппы ма къакъалитæ дæр ахæсдзæн.

Х ъ у ы б а д ы *(фæтæргай).* Къакъали дæ,Чикъо, къакъали, лæг нæ фæлæ.

Ч и к ъ о. Къоба, мæсты ма кæн. Цом, Татикъо æнхъæлмæ кæсы: уымæ бирæ æхца ис. Дæуæн дæр ратдзæн æртæ сомы! — цом, ацæгъд, азар...

Х ъ у ы б а д ы. Чикъо, уæййаг зарæг мæм нæй æмæ мæ ныууадз.

Ч и к ъ о. Афтæ у?!

Х ъ у ы б а д ы. Афтæ.

Ч и к ъ о. Уæдæ мæ сæндонмæ дæ къах дæр макуал æрбавæр, оссури! Ды мæгуыр дæр дæ фыд-зондæй дæ, æвзæр хохаг!

Н и к ъ о. Цæмæн æй æфхæрыс?! Йæ зарæг уæй нæ кæны!

Ч и к ъ о. Æмæ ды дæ нывтæ уæй цæмæн кæныс?! Æххормаг дæ, нæ?..

К ъ о с т а. Никъо, тыхсгæ ма кæн! — ахæм рæстæг æрцæудзæн æмæ дæ нывтæ сæн æмæ кæрдзыныл нал ивдзынæ.

Ч и к ъ о. Ахæм рæстæг æрцыд! Æз дын, Никъо, дæ нывтæй иунæг дæр нал балхæндзынæн. Гъеныр дæр-иу рахæц хохаджы фарс!

Н и к ъ о. Хохаджы фæхъхъау æрбауы... дæ дынджыр гуыбынимæ!

Т а т и к ъ о *(сæндонæй цудгæ-чиугæ рацыд).* Гъе, Чикъо! Мæ уазджыты мын æнкъардæй амардтай! Цы фæци уыцы хохаг зарæггæнæг?

Ч и к ъ о. Нæ комы, цытджын Татикъо.

Т а т и к ъ о. Нæ комы, зæгъыс? Уæдæмæ къинто дæ, Чикъо! Бафид ын æмæ бакома. *(Æхцатæ систа.)* Адонæй æгас хъæу балхæнæн куы ис, уæд иу хохаг лæг балхæнын дæ бон нæу?!

Ч и к ъ о. Нæ комы, Татикъо-джан.

Т а т и к ъ о. Уæдæмæ чъынды дæ, Чикъо! Дæ къухтæй сой нæ тæдзы. *(Баздæхт Хъуыбадымæ.)* Азар мæ уазджытæн, ацæгъд дæ бандури æмæ дын мæнæ æхца! Цæрæнбонты фаг!!!

Х ъ у ы б а д ы. Æз æхцайыл нæ зарын.

Н и к ъ о. Æхцайыл нæ цæгъды!

Т а т и к ъ о. Ай та чи у?

Ч и к ъ о. Уый Никъо у, батъони, мæ нывгæнæг. Уартæ фынгты сæрмæ цы нывтæ ис, уыдон Никъо сарæзта.

Т а т и к ъ о. Нывгæнæг, зæгъыс? Ха-ха-ха! *(Никъомæ.)* Мæ ныв-ма мын сараз! Æхцайыл!!!

Н и к ъ о. Ницы дзы рауайдзæн, Татикъо-æлдар: дæ гуыбыныйас кæттаг мæм нæй!

Т а т и к ъ о *(ралгъыста йæ гуырдзиагау).* Куыйтæ! Æнæхæдзар басайрæгтæ! Цом, Чикъо, адон мæгуырæй хъалтæ сты. *(Бацыдысты сæндонмæ.)*

К ъ о с т а *(Никъо æмæ Хъуыбадыйы уæхсчытыл хъæбысгæнæгау æрхæцыд.)* Хетæджы дзуарыстæн, хорз цын фестут уæ дыуумæ дæр! Æвæдза, диссаг та куыннæ у: Хуыцауы арфæ сымахыл сæмбæлди, хъæздыг та чикъотæ 'мæ татикъотæ сты!

Н и к ъ о. Алкæмæн дæр, Къоста, йæ амонд йæ ныхыл фыст у.

Х ъ у ы б а д ы. Ехх, Годта! Никъо! Æз ацы мæгуыр æмæ сау бонты Нары ныхасы хъарм дуртыл куы абадин, Туалгомы адджын уæлдæфæй куы сулæфин! — уæд афтæ зæгъин мæхицæн: «Гъеныр амæл, Хъуыбады, амондджынæй дæ райгуырæн сау хохы дурыл!» Ныр та мæхæдæг ам дæн, мæ зæрдæ — хохы...

К ъ о с т а. Тагъд нæхæдæг дæр уыдзыстæм хохы. Æз дæумæ æрцыдтæн, Хъуыбады!

Х ъ у ы б а д ы. Уæдæ æз цæттæ дæн, Годта: мæнæ — мæ фæндыр, мæнæ — мæ лæдзæг!..

Н и к ъ о *(батыхст).* Фæндагмæ уын ц'авæрон уемæ?..

Х ъ у ы б а д ы *(худы).* Æмæ дæм цы ис мæнæй уæлдай, Никъо!

Н и к ъ о. Æрхъуыды кодтон! Сатæг æмæ хурдзыд сæнæфсиртæ. *(Рæвдзгомау ацыд.)*

Х ъ у ы б а д ы. Дæ хабæрттæ дын хъусын, Годта. Дæ зарджытæ дын фæзарын... Æмæ та мæ сау фæндыримæ иумæ фæкæуæм.

*(Ныллæг хъæлæсæй базарыд:)*

Мæ Иры фæсивæд! Дæ цинæй, дæ хъыгæй
Фæластон мæ сау зæрдæ дард...
Цы ма мын кæндзынæ? — дæ цæстыты сыгæй
Æнæ хай фæуыдзæн мæ мард!.

К ъ о с т а *(зарæг айста).*

Æцæгæлон адæм, æцæгæлон бæстæ
Æхсныфæй нуазынц мæ туг...
Мæлæтæй нæ тæрсын, фæлæ мын мæ фæстæ
Мæ уæлмæрдмæ чи хæсдзæн суг?

Х ъ у ы б а д ы *(зары дарддæр:)*

Кæй чызг мыл ыскæндзæн зæрдæхалæн хъарæг,
Кæй кæуынæй риздзæн къæдзæх...

К ъ о с т а. Хъуыбады! Мæнæ мæ куыд фæцæй рох кодта! *(Йæ цухъхъайы мидæгдзыппæй райста урс къухтыкæлмæрзæн дидинæг-нывтимæ.)* Быдырмæ куы лыгъдыстæм — Лабæмæ, уæд мæм ацы къухтыкæлмæрзæн радта Хъуыдинæ æмæ мын загъта: «Годта, мæ хур! Кæд искуы быдыры сæмбæлай Хъуыбадыйыл, уæд ын-иу мæ номæй ратт мæ лæвар: зæрдылдарынæн.

Х ъ у ы б а д ы *(райста къухтыкæлмæрзæн).* Ме стыр амондæй ма мæм ацы гæбаз æрхауди. (*Рухсмæ йæм акæсæгау кодта.)* Ехх! Цы хуызæн у, Годта, цы хуызæн?

К ъ о с т а. Рæсугъд. Уалдзæджы хуызæн...

Х ъ у ы б а д ы. О Хуыцау! Саугуырмæй ма мын ахæм цин цæмæ радтай?

К ъ о с т а. Хъуыбады, ды цæстæй куырм дæ, фæлæ зæрдæйæ алцыдæр уыныс.

Х ъ у ы б а д ы. Годта, мæ хур! Мæ мæгуыр цардыл дæр-ма иу хъарæг ныффысс. Æрмæст дзы мæнæ ахæм дзырдтæ куыд уа: *(Фæндырæй цæгъды æмæ зары.)*

Дзæгъæл мæ ныууагъта мæ фыд,
Нæ зонын мæ мады рæвдыд.
Нæ бæстæй фæхицæн дæн сонтæй...

Æмæ æз, Годта, уыцы зарæгимæ, уыцы хъарæгимæ Мæрдты Бæстæм ацæуон...

К ъ о с т а *(æрбахъæбыс та кодта Хъуыбадыйы).* Гъæй, мæ зынаргъ æфсымæр Хъуыбады! Мæнæ нæ цард цæй иухуызон рауад, цæй иухуызон... Ныффысдзынæн, Хъуыбады, ныффысдзынæн! Æмæ йæ нæ бæрзонд хохы, нæ уарзон Нарыхъæуы иумæ ныззардзыстæм...

Н и к ъ о *(фæзынди сæнæфсирты хордзенимæ).* Хуыцау сразы уæд Тедойæ! — замманай сæнæфсиртæ мын радта. Зæгъын, Тедо, Къоба фæстæмæ цæуы, хохмæ. Сæны дурын дæр ма рарвыста æмæ загъта: «Хуыцауы уазæг уæд Къоба!» *(Сыкъатæ байдзаг кодта сæнæй.)* Зæрдæджын, хорз лæг у Тедо!..

Х ъ у ы б а д ы. Йæ цæрæнбон бирæ уæд Тедойæн. Хуыцауы арфæ йыл сæмбæлæд..

Н и к ъ о *(нуазæн йæ къухы, афтæмæй кувæгау дзуры.)* Къоста! Хъуыбады! Мад æмæ фыды сидзæрæн адæймаг фæразы, фæлæ райгуырæн зæхх, райгуырæн бæстæйы сидзæрæн лæг нæ фæразы... Мæнæ ме 'рдхорд Хъуыбады... йæ зæрдæйы дудгæ цæссыгтæй... йæ цæстытæ басыгъдысты. *(Йæ зæрдæ суынгæг.)* Фæлæ хохаг лæг домбай у! Гъеныр, Къоба, цæуыс фæстæмæ дæ фыдæлты бæстæм, æмæ дæ Гуырдзыстоны рухс дзуæрттæ фæндараст фæкæнæнт! Дæ райгуырæн хæхты хур дæ ныййарæг мадау батавæд, барæвдауæд... *(Анызта.)*

Х ъ у ы б а д ы. Къоста! Никъо! Алцыдæр бавзæрстон мæ царды: сидзæры бонтæ... лæппуйы сæнттæ... мæгуыр лæджы æнамонддзинад... Хурбоны мæйдар фæндæгтæ... Хæрæг уаргъæн цы æнамонддзинад н'афæраздзæн, уый ме 'ккой фæхастон мæ изæры бонтæм. *(Йæ къухтæ арвмæ сдардта.)* Бæрзондыл бадæг Хуыцау! Æз дын ницы зæгъын — дæхæдæг уыныс алцыдæр, табу Дæхицæн. Ницы домгæ кæнын, ницæуыл хъаст кæнын, æрмæст Дæ мæ зæрдæйы бынæй иу хорзæх курын: мæ талынг фæндаг мын Туалгоммæ сараз, мæ зæронд сæр мын тагъддæр фæхæццæ кæн нæ ирон зæхмæ.

К ъ о с т а. Де уæнгтыл схæц, Хъуыбады! Абон цины бон у махæн. Цин æмæ арфæты бон. Никъо, Хуыцау дæ сразы уæд. Хуыцау арфæ ракæнæд! — дæуæн дæр, Тедойæн дæр, чидæриддæр сбуц кодта, барæвдыдта мæнæ нарон Хъуыбадыйы — Хуыцау цæ барæвдауæд! Никъо, ме 'фсымæр! Фыдæлты загъдау, дыууæ хохы нæ баиу вæййынц, дыууæ лæджы кæдфæнды дæр сæмбæлынц. Æмæ нæ Ирыстоны зæдтæ дæр, Гуырдзыстоны дзуæрттæ дæр дзæбæхæй сæмбæлын кæнæнт, æфсымæртау! *(Анызта.)*

Н и к ъ о. Дæ ныхæстæ, Къоста, Хуыцауы рахиз хъусмæ фехъуысæнт! Гъеныр цæттæ стут фæндагмæ æмæ фæндараст фæут! Фæлæ-ма зæрдæйы хорзæн — иу дзæбæх зарæг...

*Хъуыбады йæ хъисфæндырæй æрцагъта, æмæ æртæйæ дæр базарыдысты гуырдзиаг адæмон зарæг «Суликъо». Сæндонæй иугай-дыгай рацыдысты Чикъо, Татикъо æмæ иннæтæ — æмæ цымыдисæй хъусынц зарæгмæ.*

Ч и к ъ о. Куыд диссаджы хорз зарынц, Татикъо-джан!

Т а т и к ъ о. Ноджы диссагдæр та уый у, Чикъо: нæ бакуымдтой зарын æхцайыл (!), æнæ 'хцайæ та, вах-вах-вах! — куыд зарынц!

*Ӕртæйæ дæр — Къоста, Хъуыбады æмæ Никъо — заргæ фæцæуынц.*

## *ӔСТӔМ НЫВ*

*Фыццаг нывы фæлгонц. Гыццыл Хъуыбады хъæргæнгæ æрбазгъордта.*

Г ы ц ц ы л Х ъ у ы б а д ы. Чендзе! Чендзе, Къоста æрбацæуы! Къоста иу лæгимæ æрбацæуы! *(Хæдзары фæмидæг, стæй фæстæмæ фæзылд.)* Чендзе! Къоста æрбацæуы! *(Фæаууон.)*

*Ӕрбазындысты Къоста æмæ Хъуыбады. Хъуыбады куы иу дурыл андзæвы йæ къухæй,куы иннæ дур басгары.*

Х ъ у ы б а д ы. Мæнæ цы хъарм ысты ацы дуртæ!.. Адон дæр...

К ъ о с т а. Райгуырæн зæххæн, Хъуыбады, йæ дуртæ дæр хъарм æмæ зынаргъ ысты.

Х ъ у ы б а д ы *(схæццæ сты Нары Ныхасмæ).* Мæнæ-иу ацы дурыл Аслæнбег бадти. *(Уырзæй сгары иннæ дур.)* Ацы дурыл та — Афæхъо... Мæнæ ай та Иликъойы дур... Мæнæ-иу ацы ран та хъулæй хъазыдыстæм... Хъуыды-ма кæныс, Годта, иухатт дæ Маргойы ингæны цурæй куы ‘рхастон мæнæ ацы ранмæ?..

К ъ о с т а. Уый раджы уыди, фæлæ мæ уæддæр рох нæу.

Х ъ у ы б а д ы *(йæ лæдзæджы æнцой дзуццæджы æрбадти).* Мæнæ хуыцауыдиссаг: нырдæр ма нæ къæхты хъарм ам и, зæххыл... Ехх, Годта, Годта! Дæхицæн цы удыбæстæ скодтай... *(Йæ зæрдæ суынгæг.)* Мæнæ цæй бирæ бонтæ арвыстон кæйдæр бæстæйы æнæсæронæй, æдыхæй, æцæгæлонæй...

Ч е н д з е *(фæзынди кæрты, Гыццыл Хъуыбадыйы къухыл хæцгæйæ.)* Годта! Годта! Мæ къæхтæ мæ быны куынал цæуынц фырцинæй.

К ъ о с т а. Чендзе! *(Асинтыл æруади æмæ йæ хъæбысы ныккодта Чендзейы.)* Кæдæй дæ нал федтон! Куыд дæ, цы хуызæттæ дæ, Чендзе?

Ч е н д з е. Зæронд куыд вæййы, афтæ. Дæхæдæг куыд дæ, Годта? Куыд у Леуа?

К ъ о с т а. Мæхи мæт мæ нæй, Чендзе, фæлæ Леуа 'нæфæразгæ вæййы.

Ч е н д з е. Ӕмæ цы кæны, цæмæй фæлмæцы?

К ъ о с т а. Зæронд бæлас æндæр ран куы ныссадзай, уæд йæ

уидаг нал фæхæцы, нал... Ахæлоф кодтой быдыртæм, Лабæйы зæххытæм.

Ч е н д з е. Æмæ цы кæнынц? — хорз цæ куы хуыдтой.

К ъ о с т а. Дондзаст зæххытæ, цъымаратæ... Нæхимæ хохаг уæрццы йас у йæ къогъо. Ехх, Чендзе! Куыд арæх фæмысын мæнæ ацы къуыбыртæ, ацы хæхтæ!

Ч е н д з е. Лæг дуры сæрыл куы райгуыра, уæддæр ын адджын у, зынаргъ у.

К ъ о с т а. Тынг раст зæгъыс, Чендзе. Уæлæ-ма скæс Хъуыбадымæ: дуры сæр бады æмæ кæуы фырцинæй. Ныртæккæ уымæй амондджындæр лæг нæй Хуыцауы рафæлдисгæ дунейы!

Ч е н д з е *(дисгæнгæ).* Хъуыбады, зæгъыс?! Кæй Хъуыбады?

К ъ о с т а. Нæхи Хъуыбады!

Ч е н д з е. Мæгуыры саубонтæ! Хъуыбады! Нæхи Хъуыбады!!

Х ъ у ы б а д ы *(сыстад æмæ лæдзæгæй йæ фæндаг сгары).* Чендзе дæ, цы?

Ч е н д з е. Чендзе дæн, Чендзе, Хъуыбады! *(Схæццæ йæм. Цинтæ, хъæбыстæ.)* Мæнæ ма Хъуыбадыйы федтон кæдæйуæдæй!

Х ъ у ы б а д ы. Мæ хо! Мæ уарзон хо Чендзе...

Ч е н д з е *(кæуæгау).* Дæ фæхъхъау фæуон, Хъуыбады, цы кодтой дæ рæсугъд цæстытæ, дæ худгæ цæстытæ?

Х ъ у ы б а д ы. Цæссыгæй басыгъдысты, Чендзе, цæссыгæй...

Ч е н д з е. Хуыцау ын æй ма ныххатыр кæнæд, сымах чи фæхицæн кодта!..

Х ъ у ы б а д ы. Кæм и, цы фæци? — йæ хъæлæс ын куынæ хъусын...

Ч е н д з е. Мæ бон бакæла, Хъуыбады! Бирæ дæм фæбадти Хъуыдинæ, æнхъæлмæ дæм бирæ фæкасти, гъестæй йæ сразы кодтой иу мæгуыр хæдзармæ чындзы фæцæуын. Фондз азы размæ, иу уалдзыгон æхсæв йæ мæгуыр хæдзар... зæйуатæй баззад. Йæ иунæг лæппу мæнмæ уыди, æхсæвы фехъал æмæ ныцъцъæгъахст кодта... Мæ зæрдæ йæхи риуы къултыл ныххоста, зæгъын, мæ хойы чызгыл цыдæр сæмбæлди...

Х ъ у ы б а д ы. Ехх, Хъуыдинæ, Хъуыдинæ... Мæнæ мыл хур бынтондæр куыд баталынг... Дардмæ дæр æй мæ зæрдæ базыдта, Чендзе, æмæ Годтайы бафæрсын дæр уый тыххæй нæ уæндыдтæн...

*Æрбацыдысты Аслæнбег, Афæхъо æмæ иу-цалдæр лæппулæджы...*

А с л æ н б е г. Гъей, Хетæгкатæ, ам ыстут, цы?!

К ъ о с т а *(сæ размæ ракъахдзæф кодта).* Ам ыстæм, ам, Аслæнбег. Мидæмæ, Афæхъо! Еблуагъæ, фæсивæд!

*Къостайæн хъæбыстæ кæнынц æрбацæуджытæ.*

А с л æ н б е г. Леуа ныл йæ зæрдæ сивта бынтондæр, фæлæ нæ ды, æгайтма, абæрæг кæныс, Къоста.

К ъ о с т а. Бирæ хъæутæ, бирæ сахартæ федтон, фæлæ дзы Нарæй рæсугъддæр, Нарæй хуыздæр хъæу нæй, бауырнæд уæ.

А ф æ х ъ о *(Къостамæ).* Гъæйтт-мардзæ, зæгъгæ, хохаг лæппу кæй дæ, уый гыццылæй дæр бæрæг уыди. Гъеныр алыбон æгас цу, Годта! *(Хъæбыс ын кæны.)*

А с л æ н б е г. Уазæджы къух дæр райсæм, Афæхъо. *(Асинтыл схызтысты).* Уазæг дæр алыбон æгас цæуæд. Къостайæн æфсымæр чи у, уый махæн дæр æфсымæр у.

Ч е н д з е *(кæуæгау).* Уæ «уазæгмæ» ма лæмбынæгдæр бакæсут, мæ фæрстæ йын айхæлой...

А с л æ н б е г. Цы хабар у, Чендзе? Куы нæ стæрсын кодтай.

К ъ о с т а. Уазæг кæй хонут, уый... Хъуыбады у. Нæхи Хъуыбады!

А с л æ н б е г *(джихæй).* Хъуыбады, зæгъут? Хъуыбады!! *(Йæ хъæбысы йæ ныккодта.)* Куыд базæронд дæ, Хъуыбады... Нæхи Хъуыбады...

Х ъ у ы б а д ы. Аслæнбег... Дæ хъæлæсæй дæ базыдтон...

А ф æ х ъ о *(бацыд Хъуыбадыйы размæ).* Хъуыбады... Хъуыбады... Цыппарыссæдз азæй фылдæр цæрын ацы мæнг дунейыл æмæ мæ уæраг никуы никæй раз фæтасын кодтон. Гъеныр, Хъуыбады, мæнæ дæ разы... мæ уæрджытыл æрлæуудзынæн. *(Йæ иу уæрагыл æрæнцой кодта.)*

А д æ м. Афæхъо, ма бакæн афтæ. Афæхъо, хъæуы хистæр дæ. Дæ хорзæхæй, Афæхъо!.. *(Сыстын æй кодтой.)*

А ф æ х ъ о. Мæ хъæубæстæ! Рæдигæ хистæр дæр фæкæны. *(Амоны Хъуыбадымæ.)* Æз тæригъæдджын дæн мæнæ ацы сыгъдæг уды раз.

А с л æ н б е г. Цы бакæнæм, Афæхъо: Теккайы фырт Тего не 'ппæты дæр асайдта... Æмæ йын Хуыцау нæ ныббарста Хъуыбадыйы тæригъæд: йæхи сбаста быдираг абырджытимæ æмæ йæ Уæрæсейы паддзах фесæфта Сыбыры бинагкъæймæ.

А д æ м. Тынг раст ын бакодта!.. Адæймаг æнæ хицау нæу арвыбын. Уды тæригъæд никæмæн бары Хуыцау, табу Йæхицæн.

А с л æ н б е г *(адæммæ).* Бахатыр кæнут: Афæхъойы ма цыдæр зæгъын фæнды.

А ф æ х ъ о. Хъуыбады! Зонын æй: мæн аххосæй хауæггаг фæдæ... Мæн аххосæй дæ сидзæры цард кæугæ 'мæ заргæйæ арвыстай дæ сау фæндыримæ. Гъеныр мын Хуыцауы хатыр бакæн, зæххы хатыр! Нæхи Хетæджы дзуары хатыр мын бакæн...

Х ъ у ы б а д ы. Афæхъо, мæ уæздан хистæр!.. Ды ницы аххосджын дæ. Мæ сидзæр уд цы 'взаринаг уыди, уый бавзæрста... Бауырнæд дæ, Афæхъо: куыд мыл-иу хъæртæ кодтай, куыд мын-иу уайдзæфтæ кодтай, уый-иу бирæ хатт æхсызгонæй æрымысыдтæн мæ цæугæ царды. Æмæ-иу мæхицæн загътон: «Цæй амонддæжын уыдтæ, Хъуыбады, сидзæрæй дæр нæ сау хæхты астæу, дæ уарзон адæмы 'хсæн!..» *(Хъæбыс кæны Афæхъойы, йæ цæссыгтæ сæрфгæйæ.)*

Ч е н д з е. Ма ку, ма ку, Хъуыбады.

Х ъ у ы б а д ы. Фырцинæй кæуын, Чендзе... Мæ талынг цæстыты цæссыгæнхъæл куы нал уыдтæн, æмæ ныр суадæттæ куы фестадысты фырцинæй...

А с л æ н б е г. Цины бонтæ дыл скæнæд, Хъуыбады, нырæй фæстæмæ, фæлæ нын дæ царды хабæрттæ радзур: уадз æмæ цæ зонæм не 'ппæт дæр.

Х ъ у ы б а д ы. Дæрдтыл ысты дзургæйæ мæ царды хабæрттæ...

К ъ о с т а. Фæлтау цæ, Хъуыбады, азар дæ фæндырæй.

*Хъуыбады æрбадти дурыл æмæ цæгъды «Хъуыбады»-йы мелоди. Къоста балæууыд йæ уæлхъус æмæ радыгай зарынц.*

К ъ о с т а. Кæйдæр бынылзад
Лæппуйæ баззад
Йæ сау быньдурыл...
Кæдæм-иу бафтыд,
Уым-иу фæкафыд
Кæрдзыны мурыл...

Х ъ у ы б а д ы. Бæгъныæг, бæгъæввад,
Ыстонг, уысмæн над
Хуыцауы рæстæй!
Цъыфæй ныррæсыд, —
Хæфсытæ уасыд
Мæ къахы скъуыдтæй...

К ъ о с т а. Фыййау куы уыди,
Уæд-иу хуыссыди
Тæдзгæ ыскъæты;
Мит-иу куы уарыд,
Уæд-иу ныззарыд
Къæдзæх-лæгæты...

Х ъ у ы б а д ы. Уæд фос куыд уарзтон!
Фæсал сын ластон
Мæ салд æрчъийæ!..
Мæ зард нæ уагътон, —
Фæндыр ыскъахтон
Бæрз-бызычъийæ...
К ъ о с т а. Бæрзонд урс хæхтæ,
Æнкъард къæдзæхтæ,
Æгомыг бæлас
Фыййауы уарзынц
Æмæ йын зарынц
Сæ сусæг ныхас.
Х ъ у ы б а д ы. Фæлæ нæ амонд
Æнæ сæрнывонд
Нæ хæссы бирæ! —
Æнæ аххосæй
Фыййауы фосæй
Нæ хæссы бирæгъ!..
К ъ о с т а. Æмбаргæ фыййау
Йæ фосы рæгъау
Нымадæй дары,
Фæлæ Хъуыбады
Йæ фос — нымады
Фынддæс нæ ары...
Х ъ у ы б а д ы. Кæм сæ агурон!
Кæмæй сæ курон?
Хъæр сæ кæм уæндын!
Æлдар фыдлæг у,
Лæгдзарм тæнæг у, —
Мæлын кæй фæнды?..
К ъ о с т а. Фæлидзон, загъта...
Йæ фос ныууагъта
Хъæу-сæр уæзæгыл,
Йæхæдæг алыгъд,
Дыгурмæ ахызт
Адай-æфцæгыл...
Х ъ у ы б а д ы. Ирæй, Кæсæгæй
Фæндырдзæгъдæгæй
Кæм нæ фæхаттæн?
Цытджын Калачы
Мæ зарды руаджы
Сæндæтты бадтæн.

К ъ о с т а. Йæ хорз зарджытæн,
Йæ хорз кадджытæн
Кæрон кæм уыди?!
Æнæ фæхудгæ,
Æнæ фæкæугæ
Сæм чи лæууыди?!

Йæ къах нæ фæллад,
Йæ зард нæ фенад
Йæ цæугæ цæрды...
Æрмæст нæ хъæумæ
Куырмæй фæстæмæ
Æрцыд Хъуыбады...

А ф æ х ъ о *(бацыди та Хъуыбадыйы цурмæ).* Мæ хъæубæстæ! Канд Хъуыбадыйæ нæ, фæлæ сымахæй дæр курын хатыр!.. Сыгъдæг æмæ рæсугъд уды тæригъæды бацыдтæн æнæбары... Æмæ йæ нæ зонын, куыд цæрон дарддæр...

А с л æ н б е г. Дæ хорзæхæй, Афæхъо, нæ зæрдæтæ нын мауал мæгуыр кæн. Абон махæн цины бон у! Нары дыууæ уарзон хъæбулы сæмбæлдысты сæ райгуырæн зæххыл æмæ хъуамæ заргæ кæнæм, кафгæ кæнæм! Хъуыбады, мæ хур! Æрцæгъд-ма дæ фæндыр! *(Йæ цæст ахаста адæмыл.)* Æтт, цы фæдæ, Гыццыл Хъуыбады?!

Г ы ц ц ы л Х ъ у ы б а д ы *(Чендзейы цурæй).* Æз мæнæ дæн, Асæбе, цы мæ кæныс?

А с л æ н б е г. Æркаф ма лæппуйы кафт, Гыццыл Хъуыбады! Кæннод мæхæдæг кафын, Хетæджы дзуарыстæн!

Г ы ц ц ы л Х ъ у ы б а д ы *(Чендземæ).* Акафон, Гыцци?

Ч е н д з е. Акаф, акаф, мæ гыццыл хур!

*Гыццыл Хъуыбады зæронд Хъуыбадыйы цагъдмæ цæрдæг кафт скодта.*

Х ъ у ы б а д ы. Уæ, дзæбæхæй байрæзай дæ мад æмæ дæ фыды фæндиаг, дзæбæх лæппу.

Г ы ц ц ы л Х ъ у ы б а д ы *(бацыд Хъуыбадыйы цурмæ.)* Мæн дæр-ма сахуыр кæн фæндырæй цæгъдын, Хъуыбады.

Х ъ у ы б а д ы *(æрбахъæбыс кодта лæппуйы).* Æгайтма дæ фæндырæй цæгъдын фæнды: сахуыр дæ кæндзынæн, сахуыр... Æххæст-ма зæгъ: кæй гыццыл лæппу дæ?

Г ы ц ц ы л Х ъ у ы б а д ы. Хъуыдинæйы.

Х ъ у ы б а д ы. Кæй, загътай?!

Г ы ц ц ы л  Х ъ у ы б а д ы. Хъуыдинæйы... Цæргæ та уæртæ Гыцциимæ кæнын.

Х ъ у ы б а д ы. Дæ ном та цы хуыйны?

Г ы ц ц ы л  Х ъ у ы б а д ы. Мæ ном — Хъуыбады. Фæлæ мæ се 'ппæтдæр Гыццыл Хъуыбады хонынц.

Х ъ у ы б а д ы *(æнкъардæй).* Амонддҗынæй байрæз, Гыццыл Хъуыбады...

Ч е н д з е. Хъуыбадыйæн-ма уадындзæй ацæгъд, мæ къона.

Х ъ у ы б а д ы. Æмæ уадындзæй цæгъдын зоныс, Гыццыл Хъуыбады?

Г ы ц ц ы л  Х ъ у ы б а д ы. Бæгуыдæр зонын! (*Йæ ронæй систа уадындз æмæ цæгъды.)*

К ъ о с т а. Æцæгæй дæр Гыццыл Хъуыбады у, Гыццыл Хъуыбады!

Х ъ у ы б а д ы. Куыд хорз цæгъдыс, Хъуыбады! Æри-ма, дæ уадындз дын фенон. *(Райста уадындз, уырзæй йæ сгары.)* Чи дын æй радта, Гыццыл Хъуыбады?

Ч е н д з е. Уый йын... Хъуыдинæйæ баззад, мæ фæрстæ йын айхæлой.

*Хъуыбады æнкъард цагъд кæны уадындзæй. Уалынмæ æд хордзен фæзынди Иликъо, æмæ йыл адæм бацин кодтой.*

И л и к ъ о. Фарн уæ бадты, мæ хъæубæстæ, æмæ уæ бонтæ уæхи фæндиаг хорз уæнт!

А с л æ н б е г. Алыбон æгас нæм цу, лабæйаг уазæг!

И л и к ъ о. Дæ хорзæхæй, Асæбе, лабæйаг мæ ма хон! Стæй... уазæг дæр нæ дæн...

А ф æ х ъ о. Лабæйы чи цæры, уыдон лабæйæгтæ сты, Нары чи цæры, уыдон та — наронтæ!

И л и к ъ о. Уæдæ уæд æз дæр нарон дæн! Никæдæм уал цæуын ардыгæй...

А с л æ н б е г. Æмæ дæ хæдзар куы 'рбайхæлдтай, хорз лæг, Лабæмæ цæуын, зæгъгæ, уæд кæм цæринаг дæ?

И л и к ъ о. Тыхсгæ ма кæ, Асæбе, йæ дуртæ ма уым ысты...

К ъ о с т а. Хæдзары тыххæй нæ батыхсдзынæ, Иликъо. Дæлæ нæхи хæдзары цæрдзыстут мæнæ Хъуыбадыйымæ.

И л и к ъ о *(фæкомкоммæ Хъуыбадымæ).* Хъуыбады?! Уæу, мæнæ хуыцауыдиссаг! Уæу, мæнæ ма Хъуыбадыйы федтон! *(Цинтæ, хъæбыстæ.)*

Х ъ у ы б а д ы. Иликъо! Æгайтма фæстæмæ раздæхтæ Нармæ. Кæйдæр зæххыл цард æмæ амонд ыссарæн нæй. Уый æз хорз бамбæрстон мæ сидзæр удæй...

К ъ о с т а. Раст зæгъы Хъуыбады: кæйдæр зæххыл цард æмæ амонд ыссарæн нæй!.. Алы бæстæтæм ивылынц ирон адæм. *(Йæ зæрдыл æрлæууыдысты «Додойы» ныхæстæ).*

Иугай ныйистæм, ныууагътам нæ бæстæ, —
Фос дæр ма афтæ ныппырх кæны сырд.
Фезмæл-ма, фезмæл, нæ фыййау, нæ фæстæ,
Иумæ нæ рамбырд кæн, арфæйы дзырд!..

А с л æ н б е г. Годта, мæ хæдзар! Уыцы арфæйы дзырд дæуæй хуыздæр чи хъуамæ зæгъа?!

К ъ о с т а. Иу лæджы ныхас дардмæ нæ хъуысы, Аслæнбег! Хъуамæ уыцы арфæйы дзырд ирон адæмæй алчидæр дзура: сывæллонæй зæронды онг.

А ф æ х ъ о. Нал и, нал, Годта, нæртон лæгтæ ирон адæммæ. Абон мæгуыр у Ирыстон...

К ъ о с т а. Раст зæгъыс, Афæхъо. Мæгуыр у Ирыстон. Рынчын у Ирыстон... Æмæ йæ иу бахъахъхъæнæг нæй: лæджы хуызæн лæг нæм — ыстæм. Бæрæг дæр нæ нал ис, цы стæм, цы уыдзæн нæ фидæн, нæ фæстаг!

Хъуыбады æрцагъта йæ фæндыр æмæ, Къостаимæ кæрæдзийы ивгæйæ, зарынц:

Х ъ у ы б а д ы: Дзæгъæл мæ ныууагъта мæ фыд,
Нæ зонын мæ мады рæвдыд.
Нæ бæстæй фæхицæн дæн сонтæй.
Кæмдæрты æнæсæронæй,
Æдыхæй, æцæгæлонæй
Мæ уалдзæг æрвыстон фыдбонтæй...

К ъ о с т а. Фæхæссон-ма, загътон, уæддæр
Фæстæмæ мæ иунæджы сæр
Мæ Ирмæ, мæ райгуырæн бæстæм...
Мæ цæсты сыг донау мызти,
Мæ зæрдæ фырцинæй рызти, —
Куы скастæн нæ цъитиджын хæхтæм.

Х ъ у ы б а д ы. Æрцыдтæн... Мæхицæй фыддæр
Мæгуырæй куы ссардтон дæу дæр,
Мæ уарзон, мæ иубæстон адæм!..
Нæ хæхтæй, нæ тыгъд быдыртæй
Æмхуызон нæ иуæн дæр нæй, —
Кæм кусæм, кæм цæуæм, кæм бадæм!..

К ъ о с т а: Лæджы хуызæн лæг нæм — ыстæм,
Бæрæг дæр нæ нал ис, цы стæм,
Цы уыдзæн нæ фидæн, нæ фæстаг? —
Кæдæмдæр ма хилæм куырмæй...
Гъе, Уастырджи, ракæс, цæмæй
Нæ фæуæм бынтондæр фыдвæндаг!..
Х ъ у ы б а д ы *(дзургæ-заргæ, речитативæй.)*
Кæдæмдæр ма хилæм куырмæй...
Гъе, Уастырджи, ракæс, цæмæй
Ирыстон куыд кæна рæствæндаг!..

*Æ м б æ р з æ н*

КОКОЙТЫ Эльзæ

# УД УДМÆ СИДЫ

## УАЛДЗЫГОН ХЪÆУЫ

Балы къалиу митæй
Нал у ныр гуыбыр.
Хъарм хуры узæлдæй
Ракалдта къуыбыр.

Рог, зыр-зыраг ног хал
Уддзæфмæ тæлфы.
Урс æхсæрдзæн райхъал —
Даргъ уыдис йæ фын.

Мыдыбындз йæ бур цæст
Дидинтыл хæссы.
Зæрватыкк — рæуæгвад,
Ахстонæй кæсы.

Мæргъты цин хъæлæстæ
Айзæлынц æхцон.
Нал дарынц нæ фæзтæ
Урс зæлдаг хæдон.

Уалдзыгон бæстæйыл
Хуры хъарм тыхсы.
Хохы дагъы
Урс гæдыйау
Митын цæнд
Хуыссы.

## УАЛДЗЫГОН НЫВ

Быгъдæг у хъæд.
Бæгънæг цæнгтæ, бæгънæг зæнг.
Фæззыгон уæлдæф
Уазал 'мæ цæстдзыд.
Уырыд сыфтæртæ базмæлынц
Ызнæтæй,
Сыр-сыргæнгæ,
Æнæхъæуон, æдзыт.

Къæйных дымгæ сæ
Алырдæм æвзилы,
Ызмæст къада сæм
Бадары йæ риу.
Уым, лакъондоны,
Змæстцæстыджы 'вдулгæ,
Æппынвæстагмæ
'Рбайсафынц сæхи.

Хырыз мигътæ тындзынц,
Сæ пакъуы калгæ,
Кæдæмдæр дард
Æбæрæгмæ лæсынц.
Хъуызы мæ риумæ
Удмарæн æрхæндæг,
Уый мигътæ мæн
Æбæрæгмæ хæссынц...

Быгъдæг у хъæд,
Бæгънæг цæнгтæ, бæгънæг зæнг.
Фæззыгон уæлдæф,
Уазал 'мæ цæстдзыд,
Уырыд сыфтæртæ
Базмæлынц ызнæтæй
Сыр-сыргæнгæ,
Æнæхъæуон,
Æдзыт...

* * *

*(Дæугæн)*

Уыд царыл ауыгъд
Бур арыд фиу.
Æддейы къæвда
Уарыд æмæ уарыд.
Уыд уалдзæг,
Æмæ къæвдайæн йæ цин
Йæхийау бирæ, бирæ æмæ
Даргъ уыд.

... Уыд арвæрдын
Кæркæ-мæркæ зæрин, —
Фæскъæвда хурбон
Минцæстытæй сирд и.
Уыд риуы ахæм
Цавæрдæр зыд цин,
Дæ цæстæнгас мæм
Дард кæцæйдæр сидти...

Æмæ лыгъдтæн,
Лыгъдтæн, лыгъдтæн
Дæ размæ æз,
Хуылыдз кæрдæг
Мæ гом зæнгтыл
Æндæгъдис.

...Уыд арвæрдын
Кæркæ-мæркæ, зæрин
Цъæхирд арвæй
Мæ развæдмæ æркъæдз ис..
Æмæ дæм дардтон
Ризгæ цæнгты
Хыз...

# МА КÆН, КУРЫН ДÆ...

... Ма кæн, курын дæ,
Ма у уа тызмæг,
Ма 'хгæн фæндæгтæ,
Ма къах цæстытæ,
О, дæрзæг, тызмæг,
О, мæ сау
Зымæг!
О, мæ сау
Зымæг!..

О,
Ды ацыдтæ!..
Уды сау цæфау
Стъæлфы зæрдæбын
Ацы сау фыдбон,
Ацы сау фыдрыст,
— Раздæх!
Курын дæ,
Раздæх!
Курын дæ!..

Бон тызмæг, дæрзæг.
Миты знæт тъыфыл
'Хгæны фæндæгтæ,
'Мæ дæ хъарм фæдтæ, —
Стъæлфгæ хъарм фæдтæ...
Курын, ма ацу,
Курын, ма ацу!.

Нæй æнæкардæй
Цармæн растигъæн,
Стджытæн рахицæн, —
Уый куыд не 'мбарыс?
Уый куыд не 'мбарыс,
О,мæ сау зынгыл!..

Кæд мæ зæрдæйыл,
Ме знæт зæрдæйыл
Уды дадзинтау
Ды æмныхæст дæ,
Ды æмныхæст дæ!..
Нæй йын 'нæ кардæй
Цармæй рахицæн,
Стджытæй растигъæн, —
Уый куыд не 'мбарыс?
Уый куыд не 'мбарыс?
Ма кæн, ма ацу!
Ма кæн, ма ацу!

Кард куы бахæссай —
Туг кæлгæ кæны,
Зæрдæ куы афадай —
Лæг мæлгæ кæны.
Лæг мæлгæ кæны!..
— Цу!
Кæд афтæ у, —
Цу!
Фæндараст у!..

...О, куыд мæ фæнды
'Мæ мæ цæнгты баст
'Ртухон хъарм зæнгтыл, —
Стъæлфгæ хъарм зæнгтыл,
Гъеуæд, чи зоны,
Бауа уды бон, —
Уый мæ уды бон
Дæу нæ бауадзын
Размæ къах айсын.
Бауа, чи зоны, уæд
Мæ уды бон —
Кæд дæу раздахын...

Фæлæ,
Нæ, мæ бон,
Цу! Фæндараст у.
Макуы, ма базон
Ды мæ уды рыст.

Макуы, ма фехъус
Ды мæ уды богъ.
Æз ныхъуырдзынæн
Уды рæбынтæм
Ме зды  цæссыгтæ,
'Мæ мæ уды рыст,
Цу,
Фæндараст у.
Нæ, нæ дæ здахын.
Кæд 'цæг афтæ у,
Уæд куыд мæнг уыди
Уыцы ирд райсом,
Ирд сæуон æртæх...
Арф цæстыты цъæх...

... Ку, дæрзæг тымыгъ.
Схъиу мæ развæдыл,
Къах мæ цæстытæ,
Схъау мæ зæрдæбын
О, дæрзæг тымыгъ!
О, мæ сау зымæг!..
О, мæ сау зымæг!..

## ХЪÆУУОН ÆХСÆВ

Æхсæв æгуыппæг, æгуыппæг.
Бæлæстыл пъæззы ныббадт.
Арвы цъæхбын тары риуыл
Мигъы лæзæрд бындзыг тад.

Ногдзыд, зæлдаггъуыз сыфтæртæн,
Рацыд сæ  мыдадзын хид.
Хохы дыдагъмæ æруагъта
Ног мæй сабыргай йæхи.

Хатгай дæрддзæф ранæй сыхъуысы
Сидахъхъы ивазгæ зард.
Æмæ æрбайсæфы цадæг
Диссаджы сабырдзинад..

Нал и æрбабонмæ бирæ,
'Ввахс мæм нæ цæуы хуыссæг.
Уыцы уæзбын лæппу, уыцы,
Басгуыхт мæ уды хуыснæг.

А 'хсæв фырдиссаг у, сабыр.
Бæлæстыл пъæззы ныббадт.
Арвы цъæхбын тары риуыл
Мигъы лæзæрд бындзыг
Тад.

## ЦÆЙ ДИССАГ ДÆ, МÆ ИРЫСТОН...

Цæй диссаг дæ, мæ Ирыстон,
Куыд адджын у дæ уынд!
Цæй зынаргъ дæ мæ зæрдæйæн,
Куыд дын æй зæгъон, куыд?..

Куыд дын уарзын дæ хурыскаст,
Сæууон æртæхты худт.
Дæ алы дзыхъхъ, дæ алы къуыпп —
Мæ цин æмæ мæ уд.

Дæ уæлвæзтæй цъæх булæмæргъ
Куы ныззары фæрнæй...
Мæ Ирыстон, зæххы цъарыл
Дæуæй зынаргъдæр нæй.

## МИТУАРД

О, митуард,
Фыццаг митуард...
Куыд дын уарзтон
Дæ хауын...
Ныр мыл
Дæ пакъуы-згъæлдæй
Мæрдон æрхæндæг
Тауыс.

Дæ пакъуы хаутыл
Расты
Алешы туг. —
Цыхцырæг
Нæ артдзæсты —
Æрхуым цæг —
Мæ уæхсчытыл
Дыдагъ...

Алешы сау мæр —
Урсæй.
Цъæх тулдзы сыфтæ —
Хусæй.
Мæрддзыгой ныддаргъ...

Алешы
Хъарм пырхæнтæ,
Гуырдзиаг сау
Лæгмартæ.
Ног
Митæмбæрзт
Къуыпрагъ...

О, митуард,
Фыццаг митуард,
Куыд дын уарзтон
Дæ хауын...
Ныр мыл
Дæ пакъуы-згъæлдæй
Мæрдон æрхæндæг
Тауыс...

* * *

*(Рубцовæй )*

Лæгæрста уый митын цъæх тары
Æнæкъæс, æххормаг, æдых.
Тыхст лæг ма фæстаг ныфс ыссары,
Уый хоста иппæрд къæсы тыргъ.

Уый уазæг нæ уагътой. Уый фесæфт,
Лæджы удыл аудæг фарн.
Цы загътаид? Бакодта йе 'хсæв
Тымыгъджын фыдвæндæгты бар.

Йæ разæй йæм миты тъыфылтæ
Æртхъирæнтæ кодтой тызмæг.
Фæстагмæ йæ доны уылæнтæм
Æрхаста мæгуыры хъысмæт.

Цъæхихсалд ыссырты къæрцц-къæрцмæ
Уый фесхъиудта — байрæджы, цæй...
Зыдта йæ, — уый балцы ныммæлдзæн,
Фыдбалцы, хæрзгæнæг кæм нæй.

ДЕГЪУАТЫ Соня

# ХУЫЦАУЫ ФЫДÆХ

*РАДЗЫРД*

Зæлухан кæд раздæры хъаруйы хицау нал у, уæддæр дзы нырма рох нæу, цæрæг удтыл нымад кæй у, уый. Нæма хъавы йæхи хъысмæты æвджид ауадзынмæ. Æппын йæ бон куы ницы уа, — цас тыхы хицау ма вæййы зæронд адæймаг, — уæддæр хъуамæ сыста бинонты разæй, боныхъæдыл йæ цæст ахæсса, стæй фыццаг хуры тыныл дæр сæмбæла.

Рабадт та бинонты разæй сæударæй. Дуар байгом кодта æмæ сатæг сыгъдæг уддзæфæй æхсызгонæн сулæфыд. Бацыд хихсæнмæ, йæхи ныхсадта, йæ ком ранхъæвзта æмæ йæхиуыл дзуар бафтаугæйæ не Сфæлдисæджы ном ссардта:

— Хуыцау, табу дын уæд, дзæбæхæй та махæн нæ бонрухс чи фенын кодта. — Стæй йæ къæдзлæдзæг райста фæсдуарæй æмæ ууыл æнцойгæнгæйæ, сабыргай æрхызт кæртмæ æрхизæн къæпхæнтыл. Йæ цæст ахаста кæрты æууæлтыл, кæд цæстæй хорз нал уыны, уæддæр, æмæ сабыргай фæраст йæ фосы бæлвырд бæрæг базонынмæ. Асгæрста сын сæ дуæрттæ — хъомвосæй, маргъæй, æмæ йæ зæрдæ куы ницæмæ фехсайдта, уæд та æхсызгонæй загъта: «Мæ уд дæ нывонд, иунæг кадджын Хуыцау, ницы лаз сæм ис!»

— Кæимæ ныхæстæ кæныс, кæ, сæ ус? — уыцы рæстæг йæ хъустыл ауад йæ чындз Фенайы ныхас.

— А-а!.. Рабадтæ? — разылд æм æфсин æмæ фæлмæн бахудт: — Кæимæ, кæ... Бузныг зæгъын не Сфæлдисæгæн, æнæмаст, æнæфыдбылызæй ныл кæй æрбабон, уый тыххæй.

— Йæ хорзæх нæ уæд кæддæриддæр, фæлæ, зæгъын, дæлæсыхы лæгтæ ацафон махырдыгæй цы агурой? — уынджырдæм кæсгæйæ загъта чындз

— Кæм сты, кæ? — къухаууонæй кæсы Зæлухан дæр.

— Уæртæ нæ акомкоммæ лæууынц, искæмæ ма æнхъæлмæ кæсынц, æвæццæгæн.

— Искуы та исты хабар ис, æвæццæгæн, æндæр ацафон хуыцауыдзæгъæлы нæ базмæлыдаиккой, — цалдæр къахдзæфы акодта кулдуарырдæм зæронд ус. Фæлæ йæм уæдмæ нæлгоймæгты мæстæлгъæд ныхас æрбайхъуыст:

— Иу айциу зæгъæг сын нал ис, нал æмæ ныл урсиуæг кæнынц, кæм цы зыдыка æмæ хуыскъастæу уыдис, уыдон! Уæдæ ма искæмæй стъæлфиккой! Фæлæ кæмæй? Халон халоны цæст къахы? Закъоны лæг нæм кæцы у æмæ цæстфæлдахæг, уый бæрæг куы нал ис, уæд? Мулк сын сæ сæрызонд фæцæуын кодта æмхуызонæй дæр, бакуырм сты: нал дæр сын цæсгом ис, нал дæр æфсарм æмбарынц бирæтæ. Æхца, исбон, æндæр сæ сæ царды сæр дæр нал æндавы. Цы уа, уый уæд, зæгъгæ, йæ ууыл сæвæрдтой æмæ хæлоф кæнынц.

— Омæ нæм æдасдзинады хайадтæ дæр гыццыл куынæ ис, мачи сæ уа, уæд уыдон та кæдæм кæсынц?

— Гъери-гъа!.. Æмæ уыдон сæхæдæг хуыздæр сты? Искуы иуæй фæстæмæ, кæд цæстфæлдахджытæ ис, уæд уыдон сæхæдæг куы сты. Къæрныхтæй кæуыл фæхæст вæййынц, уый иу дуарыл бакæнынц æмæ йæ иннæуыл рауадзынц. Йæ дзыппы йын авæр æмæ йæ дзых — æхгæд, йæ цæстытæ — цъынд: ницы федта, ницы фехъуыста.

— Омæ нæ уæлдæр хицауад та? Цы ма у сæ хуыздæр куыстаг уыдонæн та?

— Загътай йæ гъеныр! Ау æмæ кæсаг сæрæй æмбийы, зæгъгæ, никуы фехъуыстай? Сæ дзыхты дон ис, мæ хæдзар, се 'ппæтæн дæр, сæ дзыхты! Æндæр нæ Цæдисы хуызæн домбай æмæ хъæздыг æвæрæнты бæстæйæн йе 'фцæджы мæгуыры хызын бафтау, уый дæм куыд кæсы? Галдзарм æрчъиаджы дихтæ йæ куы ныккодтой, кæй нæ дзы фылдæр хай фæуазæгъгæ.. Хорз сты се 'ппæт дæр. Паддзахад сæ къухы ис æмæ йыл нардуарайæ хæлоф кæнынц.

— Омæ сын æппын бафсæдын афон нæма у, цастæ сæ хъæуы уагæр? Кæд мын бæстæ уыдон нæ батондзысты! Æви ичъынайы калмау уæлæуыл баззайынмæ хъавынц? Кæмæ ма фæхастæуа нæ хъаст, нæ маст уæдæ, цæрын нæ куы нал уадзынц алыхуызон лæгсырдтæ, гъеуæд?!

— Никæмæ! Ничиуал сын ницы бакæндзæн ныр Хуыцауæй фæстæмæ: паддзахады мулк æмæ мæгуыр адæмы фæллæйттæ сæ къухты сты. Нæ фехъуыстай, æрæджы Рæзбыны хъæуы рады хъомгæсы фосмæ тæрынмæ чи бацыд, уыдоны хабар?

— Куынæ!

— Йæ амонд тыхджындæр разынд, мæгуыр, зæронд лæгæн, æндæр æм цы фыдбылыз каст, Хуыцау йеддæмæ, чи зоны.

— Гъы, гъы, дæ хорзæхæй? — цымыдис фарст æй акодта лæгтæй сæ иу.

— Йæ амонд уыди, æмæ йæ куыддæр æрфæлдæхтой лæджы, йæ къæхтæ ‘мæ йын йæ къухтæ куыд бастой, афтæ йæм, милицæйы йын цы лæппу кусы, уый бахæццæ — хæринаг ын баласта йæ улæфты рæстæг. Æмæ куыддæр фыдгæнджыты ауыдта, афтæ йе ‘мкусджытæм фæхабар кодта рацийæ. Уайтагъд уым балæууыдысты æмæ, фосы куыд ауылæн кодтой сæ разæй хъæды къохмæ, афтæ сыл æрхъула сты. Сæ гамхудтæ сын куы систой, уæд кæд разындысты се ‘мкусджытæ.

— Уанцон нæу!

— Æнцон сын ай-гъай нæ уыдзæн, фæлæ сæм дæ зæрдæ ма ‘хсайæд... Махау сæ мызды капекмæ не‘нхъæлмæ кæсынц уыдон, мыййаг, балхæндзысты та сæхи. Кæсдзыстут, цымæ ма сæ кой, сæ хъæр дæр райхъуысид искуыцæй! — Чи уыдысты, цы уыдысты — дон хиды бынты.

— Уый у йæ марæг, уый, тас сæ кæй ничи уадзы. Уæдæ ма дзы иу-дыууæйæн сæ ныхилæн дзæмбытæ æркъуырикког, кæддæра ма иннæтæ уæндиккой? — йæ ныхасмæ йын бафтыдта лæгтæй чидæр.— Фæлæ сæ чи кæй ных уæнды бакъуырын, йæ цæсгом сæ æхсад куы никæмæн у, уæд? — ныхæстæгæнгæ фæраст сты лæгтæ.

— Цытæ дзурынц, дæ хорзæхæй? — бакаст йæ чындзмæ Зæлухан. Кæрты дуар ма мын бакæн, мæ хур, æз уынджырдæм акæсон. Мæнмæ гæсгæ та кæмдæр цыдæр фыдбылыз æрцыд, сæ ныхасыуаг цыдæр мæстæлгъæд уыд.

— Мæнмæ дæр афтæ кæсы, — бакодта йын кæрты дуар чындз.

— Кæцырдæм цæуой? — ахызт уынгмæ Зæлухан æмæ къухауyонæй кæсы нæлгоймæгты фæстæ.

— Дæ райсом хорз, Зæлухан! — айхъуыста йæ сыхаг Госæмайы ныхас æмæ йæм йе ʻргом раздæхта::

— Кæй райсом у, уый хорзæх уæ уæд æмæ рæствæндаг ут, мæ хуртæ!

— Зæрдырай у, фæлæ цас рæствæндаг стæм, уæлæ, зæгъын, Тебыготы абæрæг кæнæм, сæ тæригъæд сын фæхæссой, кæд уыдонæй хъæздыгдæр никæй ссардтой, уæд! — арф ныуулæфыд Госæма.

— Æмæ та цы хабар у, цы? Исты фыдбылыз?..

— Нæма йæ фехъуыстат? Дысон, дам, Тебыгойы æмбисондæн дзуринаг хъуджы куы адавд.

— Мæ къонайыл! — йæ ных бакъуырдта Зæлухан йæ лæдзæджы къæдз сæрæй. — Цытæ дзурыс уый? Æмæ ма уæд цы фæуыдзысты, уый сæ куы дардта?! Сæхи æдде ма мах онг дæр куы хæццæ кодта йæ бæркад, æнæхъæн сыхæй дæр дзы сойбыл куы уыдыстæм. Не ʻхсызгон нын бахъуыды сахат уый куы арæзта! — йæ мидбынат сагъдауæй лæугæ баззад Зæлухан. — Уастæн сæ тых куы басæттид къæрныхтæн! — Кæртырдæм азылд Зæлухан: — Радав ма мын, мæ хур, мæ куатæйы дзыппæй мæ чыссæ, æмæ сæм æз дæр адонимæ суайон.Нæ сæм хъусыс, Тебыготы хъуг,дам, адавд! Æмæ сын пайда цы у ме ссыд, фæлæ сын зæрдæтæ уæддæр авæрон. Ехх, ныр дæ къух амонæд æмæ уыдонмæ истæмæй фæкæс, мæгуыр сæ бон. Фæлæ цæмæй? Хуыцау сын æй ма ныббара, нæ капеччытæ нын чи ныссатар кодта, уыдонæн æмæ сыл æндæр хорз ма ʻрцæуа!

— Æмæ сæм дæттын дæр исты хъæуы æви, махæй куы ничи ницы рахаста йемæ? — дзуры йæм Госæма.

— Рæвдауинаг бæргæ сты, адæймагæн йæ тыхсты рæстæг куынæ аххуыс кæнай, уæд ма йæ дæ сæр кæд цæмæн бахъæудзæн, уæдæ? Фæлæ куы зæгъын, кæд уыд, уæдæй нырмæ цы капеччытæ фембырд кодтон кассæйы, уæдæ нæ зыны бон нæ фæстæ чи баззайа, уыдон мацæмæй батыхсой, æгъдауыл нæ бафснайой, зæгъгæ, уыдонмæ æрæджы куы бацæуин, нæ фиддонтæ сбирæ сты æмæ.

— Æхца уæм кæд исты ис, уæд мын нæ авæрдзыстут? — фæрсын кассæйы кусджыты уæзданхуызæй.

— Табуафси, дæ хыгъды чиныг æмæ дæ паспорт! — йæ къух мæм радардта иу дзæбæх чызг.

— Иннæ рудзынгмæ бацæут æмæ уе ‘хца райсут! — Иуцасдæры фæстæ та радзырдта чызг æмæ, мæ фæстæ чи лæууыд, уый гæххæттытæ айста.

«Цы хорз у, æхца сæм кæй разынд», — химидæг бацин кодтон æз æмæ иннæ рудзынгмæ бацыдыстæм чындзимæ.

— Мин сомы, уæхæдæг дæр сæ анымайут мæхи цур! — паспортимæ нæм æхца ралæвæрдта æрыгон сылгоймаг.

— Мин сомы зæгъут? Æмæ нын адон нæ хæсты фаг дæр куынæ сты. Иу фондз миныы нын сæ уæддæр бакæн! — дзуры сæм чындз. Стæй хыгъды чиныг та?..

— Худæгæй марыс! Уыдон ма уæм кæй æрхауд, ууыл цинæй мæлут. Фагыл уын дзырд уыдыстæм, исты? Адон тыххæй дæр бузныг зæгъут нæ президентæн. Иннæтæ сæфтыл нымайут, хыгъды чиныджы сæр уæ ницæмæнуал хъæуы, — былысчъилхуызæй загъта сылгоймаг.

— Мæ хæдзар фехæлд, уый та цы хоны?! — райхъуыст мæм мæ зæрдæйы цæлхъ-цæлхъ æмæ гæдыхъæдау срызтæн.

— Цы хонын, цы! Рацарæзты размæ æвæрæн кассæты цы ‘хца æвæрд уыд, уыдон фесæфтысты, фæлæ ма уын паддзахад æхххуысы хуызы саккаг кодта мингай сомтæ.

Уый айхъуыстон, цы уыди, — мæ туг ирууылдæр мæ цæстыты абадт, хъусты гуыр-гуыр ссыд æмæ цы фæдæн, уый нал бамбæрстон. Æрчъицыдтон, куыд дзурынц, афтæмæй æрмæстдæр цыппæрæм бон реанимацийы. Цæугæ та нырма æрæджы ракодтон рынчындонæй, æнæхъæн мæй дзы æрдаудтон. Сæ фыдбоны капекк мын хосты фаг дæр не сси хæстæ фидын нæ, фæлæ.

— Æмæ дын дзы уагæр цас æвæрд уыд, зæрдæдзæф цæуыл фæдæ? — цымыдисхуызæй та йæм дзуры Госæма.

— Сæдæ мины чысыл хъуаг, мæ хуры чысыл. Ныр ныххæлддзаг стæм, фæлæ мæ сæрыхицау шахтæйы бирæ фæкуыста, æз та мæ царды фылдæр бонтæ хæринаггæнæгæй арвыстон куы кæм, куы кæм. Хæссинаг та нын лæппу йеддæмæ ницы уыд æмæ йын цастæ хъуыди? Æмæ нæ ныр куы бахъуыдысты, уæд ме стыр сæрæй мæхи ныллæсын кодтон кассæмæ æмæ ма дзы мæхицæн зæрдæниз бакуыстон.

— Æмæ дын дæ хыгъды чиныг дæр æцæг нал радтой? — цымыдис фарст æй акодта сылгоймæгтæй чидæр.

— Уæдæ, мæ хур, сайын æнхъæл мын дæ? — Зæлухан йæ чындзæй райста чыссæ æмæ сæ фæндагыл фæраст сты.

Сылгоймæгтæ Тебыготы цурмæ куы схæццæ сты, уæд сæ дуармæ цы нæлгоймæгты къорд лæууыд, уыдон фæхъус сты æмæ сын фæндаг радтой Тебыгойы размæ балæууынæн.

— Зæлухан, гъеныр куыд фæцыдтæ уыцы хуызæнæй, дæхæдæг нæфæразгæ куы дæ? — батыхст Тебыго.

— Мæ хæдзар куыд уыд, уый та цы хоныс гъеныр, Тебыго?! Мæ бон кæд ницыуал у, уæддæр мын зæрдæ нæй æнхъæлыс?! — Уæ маст скæнджытæн æй иунæг кадджын стыр Хуыцау ма ныббарæд! Хурæргом рауæд æмæ цæнкуылтæй фæцæуæд, кæд æм фыдгæнæджы къух фæхæццæ, гъеуæд! Фæлæ та, зæгъын, кæд, мыййаг, йæ роды æрæмысыд æмæ йæм айразмæйы хуызæн агурæг алыгъд. Ничи йæ ацагуырдта уыцы ран?

— Цæугæ бæргæ акодтой алырдæмты дæр, фæлæ уым разына, уый æнхъæл нæ дæн. Астæухъæдмæ цы рæхысæй фидаргонд уыд, уымæн йæ гуыдыр дæгъæлæй гомгонд у, саст дæр нæ, фæлæ. Дуар та раздæр куыд æхгæд уыд, сæ фæстæ дæр æй афтæ сæхгæдтой. Æрмæст ыл ныр æддæрдыгæй æвæрд уыд гуыдыр. Арæхстджын къухвæд ныууагътой сæ фæстæ æнаккæгтæ, фыццаг хатт сын нæу, æвæццæгæн! — быннозæй ныуулæфыд Тебыго.

— Хуыцауы ард сæ æрсурæд дæ мæгуыр низæфхæрд бинонты тæригъæдæй, кæд уæ бафхæрын сæ зæрдæ куыд бакуымдта! — загъта та Зæлухан, æмæ кулдуарырдыгæй цы фæхс бандон арæзт уыд, уыйырдæм йæхи байста.

— Омæ уал мидæмæ ацæут, Зæлухан. Не‘фсины дæр фенут, æхсызгон ын уыдзæн, дæ фарн бирæ, фæлæ. Йæхи кæуынæй мары æмæ йын зæрдæтæ авæрут! — дзуры сылгоймæгтæм Тебыго.

— Йæ фенын мæ бæргæ фæфæнды, Тебыго, абæрæг кæнын дæр æй фембæлы, фæлæ мæ адон нал хæссынц, адон, сау сыджыт сæ бахæра! — ацамыдта йæ зæнгтæм Зæлухан æмæ бандоныл йæхи æруагъта. — Фæлæ, зæгъын, милицæ та цы зæгъынц, милицæ? Ницы фæдыл фæхæст сты?

— Агурдзыстæм æй зæгъынц, бæргæ. Фæлæ йæ айразмæ куынæ ардтам, уæддæр афтæ загътой.Æртæ боны та сæ фындзы бын уыди базары фæзы, афтæмæй йæ ничи федта. Цалынмæ йыл нæхи Дзего нæ фембæлд æмæ нын уый нæ фехъусын кодта,уæдмæ.

— Æмæ уым цы архайдта, уæ хорзæхæй, стæй йыл куыд ничи фембæлд уыцы æнаккæгтæй? — цымыдис фарст акодта нæлгоймæгтæй чидæр.

— Цы ми кодта, цы? Ӕгæр раджы йæ фæхицæн кодтам йæ родæй, — арф ныуулæфыдТебыго.— Не ‘фсинæн хос цæмæй балхæдтаиккам, уый нал уыд æмæ йæ родыл дыууæ мæйы цыд, афтæмæй сæ йæ мадимæ иу базары бон атардтам, кæд æй йæ мадмæ гæсгæ исчи тагъддæр алхæнид, зæгъгæ. Ӕмæ, æцæгдæр, уайтагъддæр æрбауæй род. Ӕмæ, мæгуыр, йæ роды куы нал уыдта, уæд æм агурæг ацыд йæ мæгуыр зæрдæйæ, æвæццæгæн. Райсомæй рацыдыстæм æмæ хъуг йæ бынаты нал. Агурынтæ йæ байдыдтам, уæдæ цы, фæлæ йын йæ фæдыл ничи хæст кодта, афтæмæй йæ æртæ боны фæцагуырдтам. Базармæ ныццæудзæн, уый та нæ йæ фæсонæрхæджы дæр никæмæн уыд.

— Диссагæй цы кæнут! Ӕмæ, дам, фос ницы ‘мбары! — бафиппайдта нæлгоймæгтæй чидæр.

— Ма зæгъ уый. Бауырнæд уæ, сомы мæ нæ кæнын кæнут, фæлæ кæм хуыссыди, уым йæ цæссыгæй йæ сæры бын уымæл дардта. Иудадзыг дæр æм сидти, му-му-му кодта йæ цæссыг калгæйæ.

— Уæдæ, мæ хуртæ, хуылфаг рисгæ кæны зайæг халæй, йæ туг, йе стæг нæ уыд, мыййаг?! Сылыстæгæй мæгуырдæр нæй цæрæгойæ, удгоймагæй! — арф та ныуулæфыд Зæлухан.

— Тынг раст зæгъыс уæллæй, Зæлухан, — загъта сыхаг лæг Ноги. Фæлæ цыма дæлæ чи ссæуы, уыдон махонтæ сты, кæд мæ мæ цæстытæ нæ сайынц, уæд. Нæ гуырды хуызæн у сæ иу.

— Уæллæй уыдон сты, фæлæ кæм баиу уыдаиккой алырдæмты куы ацыдысты, уæд? — Тебыго йæ къухаууонæй цæуджытæм кæсы.

— Хуыцау сын æй ма ныббарæд, Тебыго. Ницыуал пайда ис дæ хъугæй... Уæ сæры зианмæ фæцæуæд! — Дæрддзæф ма уыдысты, афтæмæй сæ сыхъуыст кæйдæр дзурын.

— Цы зæгъы?.. Нал и зæгъы?.. — сырддзаст ракæс-бакæс кæны, йæ алфамблай чи уыд, уыдонмæ Тебыго, йæ мидбынат цоппайгæнæгауæй.

— Ӕ, Хуыцау сыл йæ бæллæх куыд сæвæрдта, гъе! Уæддæр ма мæн цæмæндæр куынæ уырныдта, — йæ бынатæй сыстад Зæлухан, хъуджы царм æмæ сын къæхтæ сæ разы куы ‘рывæрдтой фæдисонтæ, уæд æмæ сæм æдзынæг кæсгæйæ баззад иуцасдæр, стæй та мæстыхуызæй загъта:

— Дунескæнæг иунæг кадджын Хуыцау сын æй ма ныххатыр кæнæд, дæ низæфхæрд бинонты тæригъæды чи бацыд æмæ уыцы дуцгæ хъугмæ йæ цыргъаг чи систа, уыдонæн, Тебыго! Фарн, минас дæ бинонтæн. Дæхимæ ма ныхъхъус, мæ хæдзар. Бинонтæ

Хуыцауы фæдзæхст уæнт, æндæр фос скæнгæйæ у. Адæм хорз сты бахъуаджы сахат, сæ фарнæй хайджын у, æндæр. Исты амал та уыдзæн йæ бæсты æндæр стурæн! Уыдонæн та йæ абон уа, райсом уа Хуыцау кæй нæ ныббардзæн, уымæй мæнæ мæн бафæрсут, йæ царды бонтæ сæдæ азмæ ‘ввахс чи ‘рнымадта, царды ад хорзæй дæр, æвзæрæй дæр чи базыдта, уый. — Бацыд фæстæмæ Зæлухан йæ лæдзæджы æнцæйтты, кæм бадт, уырдæм æмæ та уæззаугай йæхи æруагъта. — Æмæ уæ кæд фæнды, уæд уын æз ныртæккæ радзурдзынæн, ацы хъуджы цармæ кæсгæйæ, мæ зæрдыл цы æцæг царды цау æрлæууыди, мæхæдæг æвдисæн кæмæн уыдтæн,ахæм æцæг хабар.

— Табуафси, Зæлухан, чи дæм байхъусдзæн, уый мах, — загъта Ноги æмæ æрбадт зæронд усы фарсмæ иуæрдыгæй, иннæрдыгæй та — Тебыго æмæ цалдæр лæджы.

— Гæдыйы къах цыбыр у, мæ хуртæ, зæгъгæ, ныхасæн дзæгъæлы нæ баззад. Не Сфæлдисæгмæ згæ ницы кæны æппындæр, алцы дæр æм хыгъд у: хорзæй дæр æмæ æвзæрæй дæр. Нæ хъæу ног хъæуыл нымад уыдис махæн, октябры революцийы фæстæ чи равзæрд, хæхбæстæй быдырмæ ралидзæг адæмæй, уыдонæй сырæзт. Æндæр уæды онг тыгъд быдыр уыд, замманай æнæхæрд зæхх. Æмæ дзы райдианты чи ‘рцард, уыдон сæ бынатæй разы куы уыдысты, уæд æм суанг сыхаг хъæутæй дæр ма ныххæррæтт кодтой — лыгъдысты æмæ нæм лыгъдысты æнæсцухæй. Æмæ уайтагъд иннæ хъæутæй дæр ма фæфылдæр сты йæ цæрджытæ. Стæй дын зæххъуаг хохæгтæ ахæм æнæхæрд зæхмæ раирвæзой! Уайтагъд нæ колхозы хорзы кой æмæ хъæздыджы кой айхъуыст, сæ фæллой æфснайын дæр нал фæрæзтой нæ хъæубæстæ, уæд уæнгдыхæй архайдтой, ныртæккæйы хуызæн техникæ кæмæ уыди! Хорхосæн ныккæнæнтæ дæр нæ уыд æмæ разы уыдысты цæрджытæ сæ цардæй, алцæмæй дæр кæд ног цардарæзт йæ къахыл фидар нæма слæууыд, сабийау фыццаг къахдзæфтæ кодта, уæддæр. Алчи хæдзардзинæй архайдта йæ цард бабиноныг кæныныл.

— Гъе, фæлæ хорз кæм вæййы, уым æвзæрæн дæр æнæ уæвгæ кæм ис?— Афтæ у æрдзы сконд. Æмæ Хуыцау ныддæлæ-уæлæ кодта æмæ ног æрлидзджыты ‘хсæн ахæм дыууæ æфсымæры куы разынид. Хистæр æфсымæр нæ сыхы кæйдæр æрдæгконд къуым балхæдта хъæуысæрмæ ‘ввахс. Ус ын — дзæбæх æгъдауджын уæздан адæймаг, стæй хуры хуызæн дзæбæх сывæллон — лæппу.

Цæрæг уды та куыд ницы фæхъæуы, уæлдайдæр хъæууон

царды: хорæй, фосæй, маргъæй! Фæлæ æфсымæртæ разындысты æнæмæт адæм, куыд æрцардысты, уымæй уæлдай сæ нæдæр се 'рдæгконд къуымы зæгæл ныкъкъуыргæ ничи федта, нæдæр хæдзары исты архайгæ. Бон изæрмæ сæхиуыл бонасадæн кодтой, нæдæр сæ быдыры куыстмæ йæ къах ничи æвæрдта, нæдæр сæ зæххы хайы ницы архайдтой.

Ай цы диссаг уа, адон цæмæй цæрынц, куыд ис æгуыстæй цæрæн, зæгъгæ, сыл райдианты сыхбæстæ, хъæуы цæрджытæ дис кодтой. Куынæ сæм фос ис, куынæ маргъ, уæд цæмæй цæрынц? Фæлæ сæ фæстагмæ ныхъуытты уагътой, рохуаты аззадысты иуцасдæр хъæубæстæй.

Гъе, фæлæ хъæубæсты давды кæйттæ хъуысын куы райдыдтой, уæд адæм гуырысхо кæнын байдыдтой æфсымæртыл. Иуæй кусгæ кæй нæ кодтой, уый тыххæй, аннæмæй та сæ дыууæйæн дæр уыди æвирхъау стыр зылын къæхтæ. Æмæ-иу давд кæм æрцыд, уым-иу æнæмæнг разынд ахæм къахвæд. Æнæуи та хъæубæстæн сæ дзыхæй сæхи афтæ уарзын кодтой дыууæ æфсымæрæй дæр, æмæ сыл адæймаг æнцонтæй нæ фæгуырысхо уыдаид. Дзыхыдзуапджынæй лæгъз ныхасгæнаг. Таурæгътæ кæнынмæ та нæ сыхаджы ничи амбылдтаид, кæстæр нæм дæрддзæф цард, æмæ уымæн уыйас ницы зыдтон, фæлæ. Стæй сæм конд æмæ уындæй дæр фау æрхæссæн нæ уыд, саджы фисынтыл амад кæмæй фæзæгъынц, ахæм хæрзконд æмæ хæрзуынд нæлгоймæгтæ уыдысты. Æмæ мах, сывæллæттæ, бирæ уарзтам нæ сыхаджы: цымыдисаг хабæрттæ нын-иу арæх кодта йæ сывæллонимæ хъазгæйæ. Стæй нæм хæдзармæ дæр цæуаг уыди, йæ куыстытæ йæ куынæ домдтой, мыййаг. Мæ мад кæрдзындæттон уыд, æмæ сæ иу бæрæгбоны дæр райдианты æнæ æрæмысгæ никуы фæци, куыд ног сыхæгтæ, ног æрлидзджытæ. Æмæ нæм фæстагмæ хионау фæцахуыр: афонæй, æнафонæй. Зымæгон даргъ æхсæвтæ ныл-иу йæ таурæгътæм хъусгæйæ аивгъуыдтой. Уыцы рæстæг-иу йæ инæ æфсымæр та хъуамæ рудзгуыты бын хъуыстаид æмæ хъазæм, худæм, йæ бынатæй нæ фезмæлинаг ничи у, зæгъгæ,уæд кæркдонмæ бацыдаид æмæ каркæй, хъазæй, гогызæй цæуыл фæхæст уыдаид, уыдон сæ мидбынаты цалдæргæйттæй аргæвстаид.

Райсомæй-иу рацу æмæ уыцы стыр зылын къахфæд — миты кæнæ цъыфы уæлæ рудзгуыты бын — джиппыуагъды хуызæнæй лæууы, кæркдоны та мæргъты туджы фæдтæ — пырхæнтæй. Уый иу хатт æмæ дыууæ хатты нæ уыд, стæй афтид махыл нæ цыд

ахæм цаутæ. Чи-иу йæ род нал ссардта, чи йæ фыс, чи йæ сæныкк. Къахвæд та æдзухдæр уыд уыциухуызон — даргъ æмæ зылын. Гуырысхо ничиуал кодта,æфсымæртæ кæй уыдысты аххосджын, ууыл. Фæлæ сын кæмæн цы йæ бон уыди, давгæ йæ куынæ ‘рцахсай, уæд? Фæмаст-иу кодта алчи йæхимидæг æмæ-иу йæ фыдгæнæджы Хуыцауы бар бакодта, ды нæ хæсисæг, зæгъгæ.

Гъе, фæлæ Хуыцауæй дæр куы нал тарстысты æмæ йын йæ нывондагмæ сæ къух куы систой, уæд сæм адæм тынгдæр мæсты кæнын райдыдтой æмæ сæ хъаст фæстагмæ районмæ дæр ахастой. Фæлæ цардарæзт фидар æвæрд кæй нæма уыд, уымæ гæсгæ закъонтæн дæр бæлвырд бæрæг ничима ницы зыдта æмæ хицауад дæр æбæрæг къæрныхтæм сæ хъус ницабæрæг æрдардтой.

— Æмæ нывондмæ та йæ ныфс чи бахаста, уæ хорзæхæй? — цымыдисхуызæй афарста лæгтæй чидæр.

— Чи? Уæллæй Джеоргуыбайæн ма йæ бæрæгбонмæ нымад бонтæ уыди, афтæмæй нын иу райсом сæударæй нæ сыхаг Бексол нæ дуар ныххоста.

Цы хабар уа ацы раджы, зæгъгæ, йæм мæ фыд, йæ уæлæдарæс дæр йæ уæлæ нæма скодта, афтæмæй афтид кæрцы рауади.

— Бынсæфт кæндзыстæм, нæ нывондаджы нын чидæр адавта!

— Ау, уый та куыд, мидæгдон, мидæгхорæй йæ куы хастат, уæд кæцæй, куыд? — Фæдисонхуызæй фæраст мæ фыд йемæ.

— Раст та уыцы зылын къæхтæ лæууынц дзуарæфтыдау миты уæлæ! — куы ‘рбаздæхт, уæд дисхуызæй загъта фыд.

— Ау, æмæ сæ цæхджын хойраджы ард йæ фæдыл æфтыд фæци нæ сыхагæн, æдзух семæ æмвынг, æмбадт куы уыди уыдонæн дæр! Стæй йæ боныгон дæр гуыдырæвæрдæй куы дардтой, уæд ыл куыдæй фæхæст сты, Хуыцауы фыдæх ссарой! — карз æлгъыст сæ ракодта мæ мад.

— Уый уыди Джеоргуыбайы размæ, дыууæ мæйы фæстæ та, Алардыйы кувæн æхсæв куы уыд, уæд та, мæ мад уæларынг куыд балæууыд, афтæ нæм дуарæй чидæр нæ фыды номæй æрбадзырдта:

— Гыдзыбу, уæхимæ дæ ?

— Ам дæн, ам, кæцы дæ, мидæмæ рацу! — дзуры йæм мæ фыд тыргътæй.

— Мидæмæ нæ... æндæр хатт. Дæбе дæн. Фарны хабæрттæ хъусут амæй фæстæмæ, фæлæ, мæгуыр, уæлæ нæ хъазæнхъул фæзиан, рухсаг уæд!

— Чи? Чи? — сонт фарст æй акодта мæ фыд. — Нæ дæ бамбæрстон.

— Уæлæ Сæуджены лæппу.

— Цытæ дзурыс?! Пета æви?! — ныккæрзыдта мæ фыд. — Ау, æмæ тæккæ знон дæр ма саг -сырды хуызæн куы уыд! Йæхи мын пуртийау хæрдмæ куы ‘ппарын кодта, уæд ыл цы ‘рбамбæлд?!

— Нæ зонын уæллæй, йæ хъуырысæртæ арæсыдысты, зæгъынц.

— Мæнæ мын цы зын хабар фехъусын кодтай, мæнæ! Мæгуырæг, дæ загъдау, æгас сыхæн сæ хъазæнхъул куы уыд!

— Уæллæй мæ зæрдæ дæр ыл афтæ фæрыст, фæлæ йын цы нæ бон у? Хуыцауы цы фæнда, уый ныхмæ нæ бон цы зæгъын у, фæкæсын сæм хъæуы истæмæйты æндæр! — дарддæр ацыд лæппу.

— Цы хабар у, цы? — Фыд мидæмæ куы ‘рбаздæхт, уæд æй биноныг фарст кæны мæ мад.

— Цы хабар у, цы? — джихтæ кæнгæйæ дзырдта мæ фыд. Уасджейы лæппу, дам, фæзиан... Цы кодта, цы йыл æрбамбæлд?!

— Гъе, мæгуыр, Петушок, гъе! Тæккæ знон дæр ма дзыхыдзагæй куы худтæ!

— Уый та куыд? — исдут æм æдзæмæй кæсгæ аззад мæ мад. — Æмæ, дам, никуы ницы ис!.. — Уый фæстæ ныхъхъус, хъыпп-сыпп дзы нал схауд, цалынмæ йæ бæрæгбоны фынг срæвдз кодта, уæдмæ. Æз та йæм мæстæй мардтæн, цæуылнæ фæуадзы йæ кæрдзыны конд, бирæ куы уарзта Петайы, уæд æм тагъддæр фæдисы уадæй цæуыннæ суайæм. Авд, аст азы мыл цыд, æвæццæгæн, уæд.

Æппынфæстаг йæ чъиритæ срæвдз сты æмæ сæ царвы дурын æмæ бæгæныйы кæхцимæ фынгыл æрæвæрдта æмæ дзуры нæ фыдмæ:

— Акув-ма сæ, уæртæ лæг, æмæ мах суайæм уыцы мæгуырмæ, дудгæ бада!

— Нæ, не ‘фсин, дæхæдæг сæ акув, мæн ныууадз... — йæ къух ыл ауыгъта фыд.

Уæлдай ныхас æм ницыуал скодта мад, акуывта сæ æмæ мæм дзуры:

— Кæм дæ, Зæлу, рауай, ахæр тагъд-тагъд, цалынмæ æз мæхимæ зилон, уæдмæ, æмæ цом дæ хъазæг æмбалмæ, дудгæ бада!

— Нæ мæм цæуы хæрын, гыцци, цом тагъддæр! — фæрæвдз дæн æз дзуапмæ.

Куы ссыдыстæм, уæд зианджын хæдзарæй ницы уынæр хъуысыд æппындæр, цалдæр нæлгоймаджы кæрты лæугæ цы бай-

йæфтам, æндæр. Фæлæ Уасдже мæ мады куы ауыдта, уæд цæф арсы богъ ныккодта:

— Хæдзары бын куы бадæн, Дзыги, уæд мæм куыд æрæгмæ зындтæ?! Ма мыл фæхудут, мæ сыхбæстæ, фæлæ ма цы у ныр мæнæн мæ цард æнæ мæ удлæууæн?! — дзыхыдзагæй куыдта сывæллоны фыд.

Куыдта мæ мад, куыдтон æз дæр, кæд мæ нæма уырныдта Петайы никуыуал фендзынæн уый, уæддæр. Стæй Уасдже иуахæмы йæ кæуынæй фенцад æмæ мæ мадмæ дзуры:

— Дæ дзæбæхтæ дын æз доны къусæй дæр нæ бафиддзынæн, Дзыги, фæлæ ма дæ уæддæр курæг дæн — æдзæллагхуызæй йæ ма ауадзут уыцы цардхъуаджы. Ницы федта цардæй, ницы бахордта, ницы бадардта, фæлæ цы бæстæм цæуы, уым иннæты ‘хсæн мæгуырдæрхуыз уæддæр ма уа. Æмæ дын нæ авналæнтæ æнæзындгонд не сты. Кæмæ бакъул кæнон мæхи уæдæ дæуæй хуыздæр, нæ зонын... Мæ зæрдæ куы никæуыл дарын. — Ныккуыдта та нæлгоймаг.

Мидæмæ куы бацыдыстæм, уæд Петайы баййæфтам сынтæджы. Йæ мад йæ цуры бадт æмæ ставд цæссыгæй йæхи æхсадта сусæг куыд кæнгæйæ. Фæлæ йæм гыцци куы бахъарæг кодта, куыд ма цæрдзынæ, царæфтыд ныййарæг, ныр дæм дуар æрбахойæг куы нал уыдзæни, дæ худгæ хуры нæм иу чысыл хъазынмæ рауадз, зæгъгæ, уæд мад йæхиуыл царм-буар нал ныууагъта, йæ сæрыхил бындзыггай æриста.

— Цæмæн афтæ кæныс, гормойнаг, сывæллоныл афтæ кæуын не ‘мбæлы, — райхъуыст хистæр сылгоймæгты ‘рдыгæй кæйдæр дзурын.

— Бахатыр мын кæнут, уæ хорзæхæй, мæ цæсгом кæй суагътон уæ разы, уый тыххæй, фæлæ æз ацы мæнг дунейы мæ къæхтыл æрмæстдæр уый ныфсæй цыдтæн. Ныр мæнæн мæ цард фæци, мæ арв, мæ зæхх мыл баиу! — ноджы хъæрдæрæй ныккуыдта Петайы мад.

— Тобæ, тобæ, гормон, цытæ дзурыс? Ырма сывæллон куы дæ дæхæдæг. Не Сфæлдисæг, дæ рын бахæрон, æфхæрын куыд зоны, рæвдауын дæр афтæ зоны. Уый уын йæ цæст кæмæн бауарзта, уымæй рох нæ уыдзыстут ныр дæр, уыдзæн та уын, дæ фæхъхъау фæуон! Ахæм æвзæр зæрдæ ма ис дæхимæ.

— Тынг раст дын зæгъы, æбуалгъ ныхæстæ кæнын ницæмæн хъæуы! — йæ ныхæстæм ма йын æфхæрæн хуызы бафтыдта мæ мад дæр. Дæхи фæхъæддых кæн, мæ хæдзар, гæнæн нæй! Авдæн

кæм аузай, уым чырынæн дæр æнæ уæвгæ нæ вæййы. Фæлтау ма, кæм уын цы ис, уый мæнæ кæстæртæн ацамон æмæ дон ахъарм кæной. Бакой йæ кæнын хъæуы, цалынмæ нæма ныууазал, уæдмæ, йæ гыццыл уд схауа!

— Цы нæм ис, уыдон сæ разы сты... — бакъултæ кодта йæхи зæрдæрыст ныййарæг.

— Æмæ уæм амæй стырдæр тас никуы ис, ам æй куыд ныннадæуыдзæн? — фæрсы кæстæртæй иу.

— Ууыл ма тыхсут, мæ хуртæ, мæнæ ацы даргъ бандоныл исты айтаут, ламаздыхъ дæр уæд, æмæ йæ ууыл æрæвæрдзыстут! — дзуры сæм хистæр сылгоймæгтæй чидæр.

— Мæнæ царм бæззы? — йæ къухы фысы царм æрбадавта сыхаг чындз æмæ йæ устытæм æвдисы.

— Ницы йын у, æри- ма йæ — фæлмæндæр ма йын уыдзæн, — райста йын æй йæ къухæй мæ мад æмæ йæ дзæбæхтæ кæнынмæ фæци.

— Мæ хæдзар фехæлд! — йæ бынатæй фестад Бексолы ус Дзеги.— Æмæ ай мæнæ нæ нывонд тохъылы царм куы у! Æркæсут- ма йын мæнæ йæ угардмæ. Сæхæдæг ма нæ сабийыл цы ‘рбамбæлди, зæгъгæ, сæхи дистæгæнæг скодтой. Дæ тæригъæд дын фæхæссæд дæ магуса фыд, дæуæн йæ тæригъæдтæ дæ фæдыл чи бафтыдта! — Бауад ма Бексолы ус æмæ сывæллоныл йæ къух авæрдта, стæй загъд-заманагæнгæ дуарæй федде.

— Цы хабар у, цы ? Цæуыл загъд кæны Дзеги? — йæ хæдфæстæ тарстхуызæй æрбагæпп кодта уатмæ Уасдже.

— Нæ зонын, мæнæ амæй, нæ нывонд тохъылы царм у, зæгъгæ, зæгъы, — цармmæ джихæй кæсгæйæ дзуапп радта мæ мад.

Лæг иуцасдæр ницыуал сдзырдта, джихæй кæсгæ баззад йæ къæхты бынмæ, стæй тымбылкъухæй йæ сæрыл ралæууыд:

— Афтæ дын хъæуы мæнæйуый, уый дæр дын гыццыл у! — Фездæхт йе ‘дзард хъæбулырдæм лæг æмæ йыл ныддæлгом: — Бахатыр мын кæн, мæ чысыл хур, Хуыцауы размæ мæ бæсты дæу кæй бахъуыд дзуапп дæттын, уый тыххæй. Фæлæ дæ тагъд феййафын æз дæр, мæ бындар, кæд ма мæ мæрдтæ сæхимæ бауадзой, уæд! Сымахæй та ма уый курын, мæ уарзон сыхбæстæ, æмæ цалынмæ ацы æнамонд саби йæ зæххы хайыл сæмбæла, уæдмæ макæмæн мацы зæгъут. —Æмæ лæг фæстæмæ кæртмæ кæугæ рахызт.

Йæ ныхасæн хицау разынд уæд Сæуджен. — Сыбыры бинаг къæйы хай баци Сæуджен чысыл фæстæдæр. Йе стæгдар

дæр нал сæмбæлд Иры зæххыл. Йæ бинойнаг та ма, мæгуыр, афæдзы бæрц фæхъеллау кодта арвæй зæххы ‘хсæн, стæй мæрдтыл бафтыд рыстзæрдæйæ. Абон дæр ма Дубинæйы хъæугæрон сæ бæстыхай хæлддзагæй лæууы, хæлынбыттыртæ дзы сæхицæн ахсдæттæ аразынц. Цæрæг удæй йе ‘мгæрæтты дæр никæд уал ничи ауад, — Зæлухан йæ бынатæй уæззаугай сыстад æмæ ма йæ ныхæстæм бафтыдта.

— Куыд æцæг хабар уын радзырдтон, афтæ хурæргом рауæнт Тебыгойы мæгуыр бинонты æфхæрджытæ. Мах та ныр ауайæм, мæ хуртæ, — йæ цæстæнгас ахаста, кæимæ ссыд, уыцы сылгоймæгтыл. Æз ницыуалхъом дæн, фæлæ адонæй алчи дæр хæдзары бæрны ис! — Стæй Тебыгомæ баздæхт: —Мæнæ-иу ацы капеччытæ та, дæ фæхъхъау фæуон, дæ хъуджы бæсты цы стур æлхæнай, уый аргъмæ афтау. Фылдæр мæ къух куы амонид, уæддæр дын мæ цæст бауарзид, бауырнæд дæ, фæлæ ныл цы рæстæджытæ скодта, уый дын амонын нæ хъæуы, — йæ чыссæйæ систа цалдæр гæххæттын æхцайы æмæ сæ Тебыгойы дзыппы атъыста.

ТЫБЫЛАТЫ Солтан

# ДЫУУÆ ÆМДЗÆВГÆЙЫ

* * *

*3-йæн*

О, зæрдæ! Цæмæн кастæн дæ коммæ,
Сагъæссаг куы фæкодтай мæ сæр!
Сауæрфыг чызгайæ мын æргомæй,
Оххай гъе, цы 'ппæлыдтæ æгæр?..

О, чызгай, цæй хивæнд фæдæ, уастæн, —
Иуцъус дæм куыд нæ хъары мæ мæт?
Дур дæр ма нæ бафæраздзæн уарзтæн,
Сау залым дæр басгуыхдзæни зæд...

Ехх, уæддæр ныффæразин мæ рыстæн,
Хорз амонд куы фæуаид дæ хай, —
Арвæй дын мæ цæссыгтæй, зæххыстæн,
Арвæрдынтæ рафтауин, чызгай!..

* * *

Мæ бæгъæввад рагбонтæ, иу уысм фæлæуут, —
Мæ изæры арæныл ма уон æнкъард.
Уæ хъоппæг цæстытæй мæ удмæ ныккæсут,
Фæлидзой мæ зынтæ, мæ тухитæ дард.

Тæхуды, мæ хуртæ, уæ цуры ма абад,
Дунейыл нывджындæр нæ уаид мæнæй.
Сымахæй зынаргъдæр мæ удæн цы баззад?..
Сымахæй æрвондæр нæ уыд æмæ нæй.

Мæ сæр уæд уæ фæхъхъау, уæ рынтæ — ызнаджы,
Мæлæт та мыггагмæ æлгъыстаг фæуæд.
Зæронд дæн, гъе уæддæр мæ дадзинты таджы
Ныууагътат æнусон, тæмæнкалгæ фæд...

## КЪÆБЫСТЫ Уарден

### К А В К А З

Кавказ! — уæзбын æмæ уæзуæзæг, —
Бæстыл сæрыстырæй фæлгæсыс...
Куырыхон сидæгау уæлæдзæг
Лæууыс — Бæрзондыл нæ фæдзæхсыс.

Цъæх дарын д 'айнæг сиукъыл назау...
Сычъидзон лæзгъæртæ — мæ хæтæн...
Куы цъассы сагтæн дæн фæсалдзау,
Куы та, æхсæрдзæнау, ызнæт дæн.

Дæ фарн нын — табуйаг, æфсæрмаг —
Дæ мæры билцъ кæнæм, — забад дæр...
Тыхст заман баистæм дæ бæрнаг
Æмæ нæ бахызтай зауатæй.

Æрдзæгай замантæ нымайыс, —
Нæу кары фидиуæг дæ чырссæр, —
Æнустæй цас фылдæртæ кайыс, —
Кæныс цæрæццагдæр, фæрнджындæр!

Кавказ, æгъуыстаг дæ, æрдхæрæн —
Сæ арм дыл уазы дуæгтæ дарынц...
Поэттæн музæты æвзæрæн —
Дæ ном дын чи 'взыгъддæрæй арынц...

Æз та дæ хъæбул дæн, дæхи 'нгæс...
Нæма дæн урссæрæй фæлахсзонд...
Мæ сисæн де стыр фарн — йæ сигæц,
Мæхицæн — зонды цырв дæ уаз ном.

*1995.10.*

ХОЗИТЫ Макар

# САБИТÆН

## БАЗОН-БАЗОН

Бирæ къаддæр а сырд гисæй,
Ракаст не 'скъæтæн йæ сисæй.
Калы морæ рагъ цæхæртæ,
Урс-урсид йæ гуыбын уæртæ.
Йе 'змæлдыл нæ хæцы цæст,
Гæпп, сæрраæттытæ, тæррæст...
Лæппынтæн мыстытæ 'мпъухы,
Калмы сау къубал ныздухы.
Тохы, карз тохы— æмбулæг,
Ахæм у, хæлар,

(Мыстулæг)

## ÆМДЗÆВГÆТÆ - ХЫНЦИНÆГТÆ

1

Уыд мæнмæ фæткъуытæ дæс
Амæй-ай хæрзаддæр.
Æз нæ дæн æлгъин. Æхсæз
Къаннæг Нохæн радтон.
Рынчын Кирæйæн цыппар
Барвыстон сæхимæ.
Цæй, зæгъ-ма, мын æй, хæлар,
Цал баззад мæхимæ?

2

Мах картоф нæ хуымы къахæм,
Губакк арæхстгай фæлдахæм.
Дотт æртæ тæсчъы æркъахта,
— Ис мæм фараст,— Верæ загъта.
Æз мæ фынддæсæм æрхастон,
Куысты фыццаг бынат райстон.
Ууыл мах нæ куыст ныууагътам.
Цал тæсчъы картоф æркъахтам?

## ДЗÆБУГ ÆМÆ ЗÆГÆЛ

Æмбисонд

Ныссих и иу Зæгæл йæхицæй:
«Нæй кусагдæр зæххыл мæхицæй.
Æз цуркау къуындæджы нæ тъизын,
Нæргæ бæрзфæйнæджы ныххизын.
Мæ фæрцы сырæзынц хæдзæрттæ,
Æмбондтæ, саратæ, ыскъæттæ».
Дзæвгар æм Дзæбуг дæр фæхъуыста,
Ыстæй йæ уæззау сæр нынкъуыста:
«Ызгæхæрд телы мур, цытуарзаг!
Фæнæмин дæ уæд та ахъаззаг?
Æз дæ куы нæ къуырин уæхскуæзæй,—
Зæгъ-ма, цы рамбулис дæ уæзæй?
Æви æз нал бæззын хъуыддагæн,—
Сæрфат куынæ кæныс дæ уагæн?»
Ам Зæгæл фырмæстæй ысзынг и,
Йæ тъупп-ма асыккæй фæцыди.

## ДЗЫХ

Лæг фæци уынгæджы:
Нал æм хъусы Дзых.
Мæнæ та æрæджы
Сæрыл хъил ныппырх.

Туг æрсаха русыл,
Галиу æрфыг— фаст.
Чъепс фæхауди хъусæй,
Раззаг дæндаг — саст.

Дзых уæддæр кæм лæууы:
Дам-думтæ... Цъыфкалд...
Лæг, бецау, ныккæуы,
Сидзæрау нынкъард.

Афтæ гъе, хæлæрттæ,
Лæг куы уа æдых —
Райхалы йæ бæттæн
Сонт, æнæуаг Дзых.

ЦÆРУКЪАТЫ Таймураз

## САТИРИКОН КУПЛЕТТÆ

* * *

Йæ давæггаг доллæртæй æппæлыди,
Йæхицæй куыннæ уа сæрыстыр!
«Мæнау, дам, цæрын хъæуы кад æмæ радимæ...»
Гъе, ахæм хъæздгуытæ куыд тыхсой нæ рыстыл?..

* * *

Æз дыл нæ мысын дам-думтæ, нæ дыл фæкæнын тауыс,
Ды та бæстыл æппынæдзух хæрамдзинад фæтауыс.

* * *

Уыдис æдзух зæрдиагæй лæггадгæнæг,
Фæлæ йæ нозтæй хиуæтты — æгадгæнæг.

* * *

Уыдис ызмæнтæг,
Уыд хылкъахæг.
Фæлæ йæ рæдыдыл нæ саст,
Æмæ æрцыд йæ бинаг æфсæр саст.

* * *

Уæдæ цы загъдæуа Гæбысæй? —
Нæ фидауы йæ цардæмбал, йæ къаимæ...
Зæгъынц, кæддæр хæцыд хъæбысæй,
Ныр та — «сыкъаимæ».

* * *

Цæуыл хæст уыди магуса,
Æввонгæй нын æнцон цард агуырдта.

# АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

ХЪАЗИТЫ Мелитон

## ИРОН ХÆЗНА[1]

## АРФÆТÆ

**К**

Кад дын уæд.
Кад дын уæд дæ кæстæрты астæу.
Кад дын цы уа адæмы ‘хсæн, уыцы амонд дæ уæд.
Кад кæнын зон.
Кад кæнын фæраз.
Кад кæнгæйæ фæцæр.
Кад æмæ дын рад цы уа, Хуыцау дын ахæм арфæ ракæнæд.
Кад æмæ рад ссар.
Кад æмæ радæй фæцæр.
Кад æмæ радыл хæст у.
Кад æмæ радджын у.
Кад æмæ рады бонтæ цы фæтонай, уыцы арфæ дын амондыскæнæджы цæст уарзæд.
Кад æмæ намысæй цух макуы у.
Кад æмæ намысимæ фæцæр.
Кад ссар.
Кадимæ фæцæр.
Кадмæ бæллыны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Кады аккаг су.
Кады гæххæтт дыл сæмбæлæд.
Кады кæстæртæ фæхъомыл кæн.
Кады мæлæт ссар.
Кады ном цы скæнай дæхицæн, уыцы амонд дæ уæд.
Кады ном ссар.
Кады нуазæн райс.
Кады нуазæнтæ исынхъом у.

[1] Дарддæр. Райдайæн кæс: «Мах дуджы» 2000 азы №№ 7, 8, 9, 10, 11 — 12; 2001 азы №№ 3 — 9.

Кады нуазæнтæ фæдæтт.
Кады фынгтæ фæараз.
Кады фынгтыл фæбад.
Кады фынгтыл цы бадай кæддæриддæр, Дунескæнæг Хуыцау дын ахæм арфæ ракæнæд.
Кады хъуыддæгтæ кæн.
Кады хъуыддæгтыл дæ Иунæг Хуыцау бафтауæд.
Кадыл цы амæлай, уыцы амонд дæ уæд.
Кадыл цы ссарай де 'нусон бынат, уыцы амонд дын Хуыцауы цæст бауарзæд.
Кадагур дæ Хуыцау ма ауадзæд.
Кадагур цæуыны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Кадагурæджы амондæй хызт у.
Кадджын кæстæртæ фæхизæнт дæ къæсæрæй.
Кадджын кæстæртæ фæхъомыл кæн.
Кадджын мард акæн.
Кадджын митæ фæкæн.
Кадджын уазджытæ дæм фæцæуæнт.
Кадджын уазджытæй макуы фæцух уæд дæ хæдзар.
Кадджын уазджыты сæр фæбад.
Кадджын уазджытыл скъæр рæгъытæ.
Кадцух дæ Хуыцау макуы ныууадзæд.
Кадцух цы никуы фæуай, фæлæ бонæй-бонмæ дæ кад уæлдæрæй-уæлдæр цы кæна, ахæм арфæ дыл æрцæуæд.
Кадцухæй дæ Дунескæнæг бахизæд.
Кадавар кæнын цы нæ райдайай, уыцы амонд дæ уæд.
Кадаварæй хызт у.
Кадавары бон дыл макуы 'ркæнæд.
Кадæджы аккаг су.
Кадæджы аккаг хъуыддæгтыл æфтыд фæу.
Калакаг дæ Хуыцау скæнæд.
Калакаг цард фæкæн.
Капекк аразынæн у.
Капекк кусынхъом дæ Хуыцау фæкæнæд.
Капекцух дæ Хуыцау ма фæкæнæд.
Капеккæн аргъ кæнын зон.
Капеччы азарæй хызт у.
Капеччы кадмæ дæхи цы никуы 'руадзай, уыцы амонд дæ уæд.
Капеччы фыдæй дын мацы аирвæзæд.
Капеччы фыдæй цы никуы ницы ауадзай, ахæм амонд дæ уæд.

Кар зон.
Карæй æфсæрмыхъом у.
Карæн кад кæнынхъом дæ Хуыцау скæнæд.
Кары сæрты дæ макуы бахъæуæд ахизын.
Кард дарынæн у.
Кард дарынхъом дæ Хуыцау скæнæд.
Кард сласыны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Кард сласыны сæр дæ макуы бахъæуæд, куы йæ сласай, уæд та йæ æгады æвæрд цы никуы ныккæнай, уыцы амонд дæ уæд.
Кард уæ ма кæрдæд, нæмыг уæ ма хизæд.
Карды бын де знæгтæ лæууæнт, ды амонддджынæй цæр.
Карды комыл макуы фæцу.
Карды комыл цæуыны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Каркау бæдулджын цы уат, арсау — зонджын, бирæгъау — нуарджын, уыцы амонд уæ уæд.
Катай ма фен.
Катайæ хызт у.
Катаимæ цæрын зын у, æмæ дзы де знæгтæ уæнт хайджын, ды та дæ нанитимæ адджын цард фæкæнут.
Кафæн бонтæ дыл ныккæнæнт.
Кафгæ æмæ заргæйæ базæронд у.
Кæвдæсарды амондæй хызт у.
Кæд йæ разы исты фæрæдыдтæ, уæд дын æй мад-фыды удæст ныккæнæд.
Кæд йæ разы исты фæрæдыдтæ, уæд дын æй мад-фыды гæдзæ цы ныккæна, ахæм арфæ дыл æрцæуæд.
Кæддæриддæр лæджы ном бæрзонд цы дарай, уыцы амонд дæ уæд.
Кæддæриддæр лæджы худ хæссынæн у.
Кæддæриддæр фæдисы цæуынхъом у.
Кæддæриддæр фыдбылызæй хызт у.
Кæддæриддæр фыдбылызæй хызт у, хæрзæбонæй — æххæст.
Кæйдæриддæр кæстæр дæ, бахъомыл ын у.
Кæйдæриддæр кæстæр дæ, даргъ, уæрæх ацу.
Кæйдæриддæр лæппу дæ, дæ цинтæм дын фæкæсæд.
Кæлæнæй хызт у.
Кæлæны тæфаг дыл макуы сæмбæлæд.
Кæлæнгонд макуы фæу.
Кæлæнгонд дæ Хуыцау макуы фæкæнæд.
Кæлæхы галау дæхи макуы ауадз.
Кæмдæриддæр дæ, амæндты хуыздæр — дæ хай.

Кæмдæриддæр дæ, æгас хæдзар ссар.

Кæмдæриддæр дæ, æгасæй дæ хæдзарыл цы сæмбæлай, Дунескæнæг Хуыцау дын ахæм арфæ ракæнæд.

Кæмдæриддæр дæ, Хуыцауы арфæ дыл сæмбæлæд.

Кæрæдзийы адджынæй батонут.

Кæрæдзи уарзгæйæ цæрут.

Кæрæдзи макуы фæхъыг кæнут.

Кæрæдзийæ æвзæр дæр цы никуы ахъуыды кæнат, уыцы амонд уæ уæд.

Кæрæдзийæн дæ цæст сау макуы зæгъут.

Кæрæдзийæн дзул æмæ мыды ад фæкæнут.

Кæрæдзийæн лæггад кæнынхъом уæ уе Сфæлдисæг Хуыцау уадзæд.

Кæрæдзийы æвзæрдзинад макуы фехъусут.

Кæрæдзийыл макуы суæлæхох ут.

Кæрæдзийыл цы никуы бахудат, уыцы амонд уæ уæд.

Кæрæдзиимæ «а» æмæ «о»-йæ фæцæрут.

Кæрæдзиимæ зулдзых дæр цы никуы фæуат, ахæм амонд уæ уæд.

Кæрæдзимæ хуынтæ хæссынхъом ут.

Кæрæдзимæ цинтæм цæут.

Кæрæдзимæ цыты уазджытæ фервитут.

Кæрæй-кæронмæ адджын цард фæкæнут.

Кæрæй-кæронмæ уæ хъуыддæгтæ уæхи фæндиаг цы уой, уыцы арфæ уын Хуыцау ракæнæд.

Кæрæй-кæронмæ уæ фæндæгтæ бæмбæджытыл фæцæуæнт.

Кæрæф де знæгтæ фæкæнæнт.

Кæрæф де знæгтæ фæкæнæнт, ды парахат зæрдæйæ фæцæр.

Кæрæфæй хызт у.

Кæрæфы бон дыл макуы ‘ркæнæд.

Кæрæфы бонмæ мæ Хуыцау макуы фæцæрын кæнæд.

Кæрдзын арынæн у.

Кæрдзын арынхъом дæ Хуыцау уадзæд кæддæриддæр.

Кæрдзын цалынмæ уа, уæдмæ дæ Хуыцау дзæбæхæй цæрын кæнæд.

Кæрдзыны бонмæ дзæбæхæй фæцæр.

Кæрдзынæфсæст у.

Кæрдзынæфсæст дæ Дунескæнæг Хуыцау уадзæд.

Кæрдзынæфсæстæй фæцу.

Кæрдзынгæнæгæй дæ зæрдæйы фæндиаг базæронд у.

Кæрдзынгур дæ Хуыцау макуы ауадзæд.
Кæрдзынгур дæ фæсфæстагæттæй дæр макуы мачи ацæуæд.
Кæрдзындæттагæй фæцæр.
Кæрдзынхæссæг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Кæркниз дæ тæфтыл дæр макуы ацæуæд.
Кæркнизæй хызт у.
Кæркуасæнтæй фæсахсæвæртæм цы зæдтæ, цы дауджытæн фæкувынц, уыдонæй фæдзæхст фæу.
Кæркуасæнты зæдты хорзæх дæ уæд.
Кæрон ма уæд дæ бæркадæн.
Кæрон ма уæд дæ быдыртæн.
Кæрон ма уæд дæ рæгъæуттæн.
Кæрон ма уæд дæ хæтæнтæн.
Кæрон цы зонай, уыцы амонд дæ уæд.
Кæрц æмæ хæдон цы хицæн кæнай сæ кæрæдзийæ, уыцы амонд дæ уæд.
Кæрц æмæ хæдоны ад фæкæнут уæ кæрæдзийæн.
Кæрц æмæ хæдоны цард фæкæнут.
Кæстæртæ байрæзæнт.
Кæстæрты зындзинад дын Хуыцау ма фенын кæнæд.
Кæстæйрæгтæ бирæ уæнт.
Кæстæйрæгтæ уадзынхъом у.
Кæстæрарæх у.
Кæстæрарæх, хистæрзонддæжын цы уæм, ахæм амонд нæ уæд.
Кæстæрарæхæй цæр.
Кæстæриуæг кæнын фæраз.
Кæстæриуæг кæнынæй дæ Хуыцау ма сфæлмæцын кæнæд.
Кæстæрцух макуы фæу.
Кæстæрцухæй дæ амонддæттæг Хуыцау бахизæд.
Кæуын дæ макуы уал бахъæуæд.
Кæуинаг макуы фæу.
Кæуыны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Козбау ми дæ сæрмæ макуы схæсс.
Козбау митæй хызт у.
Козбау миты сæр дæ цы никуы бахъæуа, уыцы амонд дæ уæд.
Комбæстæ ард цы хæрой дæ номæй, ахæм амонд — дæ хай.
Комбæстæн лæггадхъом у.
Комбæсты зæдтæй фæдзæхст фæу.
Комбæсты зæдтæ æмæ дыл дауджытæ атæхæнт.
Коммæгæс у.

Коммæгæс кæстæртæ фæхъомыл кæн.
Коммæгæс хъæбултæй фæхæц дæ сины сæртыл.
Коцораджын лæппу дын райгуырæд.
Коцораджын лæпputы сæргъы фæбад.
Кувæггаг исынæн у.
Кувæггаг æмæ дæ Хуыцауы хорзæх уæд.
Кувæггаг æмæ Хуыцауы хорзæхæй рахизырдæм дзуарæфтыд ут.
Кувæггаджы хорзæх дæ уæд.
Кувæндонмæ цæуынхъом у.
Кувынхъом у.
Кувынхъом дæ Стыр Хуыцау скæнæд.
Курæг цæуыны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Курæг мæгуыр у, æмæ курæджы амондæй хызт у.
Курæггагмæ дæ Хуыцау макуы ‘руадзæд.
Курæггагмæ макуы ‘рхау.
Кусарт кæнынхъом у.
Кусæрттæ кæн.
Кусæрттæ кæн дæ кæстæрты цинæй.
Кусынæн у.
Кусынхъом дæ Хуыцау скæнæд.
Куывдтæ кæн.
Куывдтæм цы цæуай дæ зæрдæйы фæндиаг, Дунескæнæг Хуыцау дын ахæм арфæ ракæнæд.
Куывдты бад.
Куывддоны абад.
Куыдхистæрæй æрцæуæд мæлæт.
Куыдхистæрæй нæм цы ‘рцæуа мæлæт, уыцы амонд нæ уæд.
Куыдз макуы фест.
Куыдзæн къæбæр аппарынхъом у.
Куыдзæмгад дæхи макуы скæн.
Куыдзæмгадæй хызт у.
Куынæг макуы фæут.
Куынæгæй хызт ут.
Куынæгмæ уæ Хуыцау макуы бонты ‘руадзæд.
Куырыхон лæг рацу.
Куырыхон лæджы арфæ дыл æрцæуæд.
Куырыхон лæджы зондыл хæст фæу.

## Къ

Къабазджын у.
Къабазджынæй фæцæр.
Къабазджынæй-къабазджындæр цы кæнай, уыцы амонд дæ уæд.
Къабазсаст дæ Хуыцау макуы фæкæнæд.
Къабазсаст макуы фæу.
Къабæзтæ ауадз дæ зæрдæйы фæндиаг.
Къала бæлæстæ тонынхъом у.
Къала бæлæстæ хæссынхъом дæ Хуыцау уадзæд.
Къалиусаст макуы фæу.
Къах-къухтæй дæр макуы схъæрз.
Къах-къухтæм æнæнизæй фæцæр.
Къахсаст дæ Хуыцау макуы фæкæнæд.
Къахсаст ма фæу.
Къахыбарæй дæр, цæстысыгæй дæр, дзыхы дзырдæй дæр, æрммийæ дæр уын чи баххуыс кодта, уыдон цæрæнбонтæ бирæ уæнт.
Къахыр макуы фæут.
Къахыр фæкæнын уæ Хуыцауы цæст макуы бауарзæд.
Къæбæргур ацæуыны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Къæбæргур макуы ацу.
Къæбæргурæй дæ Хуыцау бахизæд.
Къæбутдзæф макуы фæу.
Къæбутдзæфæй де знаг амæлæд, ды дзæбæхæй цæр.
Къæвдаджын сæрд дыл скæнæд.
Къæвдаджын фæззæгæй хызт у.
Къæйных кæстæр ма фен.
Къæйных кæстæрæй хызт у.
Къæйных уазæгæй хызт у.
Къæлæтджынæй раив дæ бандон.
Къæлæтджыныл фæбад.
Къæм абадын цы никуы бауадзат уæ кæрæдзийыл, ахæм амонд уæ уæд.
Къæм дыл макуы абадæд.
Къæм макуы ныххауæд уæ мыдыкъусы.
Къæмæй хызт у.
Къæрных кæныны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Къæрныхы фосæй дæ Хуыцау бахизæд.
Къæрцхъус у.

Къæрцхъусæй цы цæрай, Дунескæнæг Хуыцауы цæст дын ахæм арфæ бауарзæд.
Къæсæрсæр Уастырджи дæ дæ къæсæртыл хорзæй хизын кæнæд.
Къæсæрсæр Уастырджи дæ йæ рахиз базыры бын бакæнæд.
Къæсæрсæр Уастырджи дæ фыдбылызæй хызт уадзæд.
Къæсæрсæр Уастырджи дын æххуысгæнæг уæд.
Къæсæрсæр Уастырджийæ арфæгонд фæу.
Къæсæрсæр Уастырджийæ фæдзæхст цы фæуай, уыцы амонд дæ уæд.
Къæс-къæсгæнгæ фæцу.
Къæс-къæсгæнгæ дæ Хуыцау фæцæуын кæнæд.
Къæссавæлдæхт фæу, фылдæр дæ чи уарзы, уыдон фæндиаг.
Къæу-къæу кæнынæй хызт у.
Къобор галтæ фергæвд дæ кæстæрты цинтæн.
Къобор лæппу рацу.
Къобор лæппутæ фæхъомыл кæн.
Къобы сыгъзæрин Уастырджи дæ фæндараст фæкæнæд.
Къобы сызгъæрин Уастырджи дын æххуысгæнæг уæд.
Къобы сызгъæрин Уастырджийæ фæдзæхст у.
Къобы сызгъæрин Уастырджийы хорзæх дæ уæд.
Къона кæнынхъом дæ Хуыцау скæнæд.
Къонайы бардуагæй фæдзæхст фæу.
Къонахæлд макуы фæу.
Къонахæлд цы никуы фæуай, Хуыцау дын уыцы амонд раттæд.
Къоппасæфт макуы фæу.
Къордтæ фæкæнынæй уæ Хуыцау бахизæд.
Къулбæрзæйæ лæууынæй дæ Хуыцау бахизæд.
Къулсæрæй макуы ацу.
Къулсæрæй цæувыны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Къулбадæг кæстæртæй дæ Хуыцау бахизæд.
Къулбадæг ма у.
Къулбадæг хæстæгæй æнæхæстæг хуыздæр у, æмæ дын Хуыцау дæ хæстæджытæй дæ зæрдæ рухс уадзæд.
Къулыбадæг усы ахæсты макуы бахау.
Къулыбадæг усы æлгъыстæй хызт у.
Къухылтухгæ амонд ссар.
Къухылтухгæ æмкъай дæ фæуæд.
Къухылтухгæ æмкъай дын бауарзæд Амонддæттæг Хуыцауы цæст.
Къухылтухгæ æмбæлттæ ссар.

Къуыбыр æфтауынæн у.
Къуыбыр цы рауадзай, уыцы амонд дæ уæд.
Къуылымпыйæ дæ Хуыцау бахизæд.
Къуылымпыйы хос дæр-иу дын амонды хос фæуæд.
Къуыпп дар адæмы ‘хсæнæй.
Къуыхтæ бауынæй дæ Хуыцау бахизæд.
Къуыхтæ макуы бау.
Къуыхтæй хызт у.

## Л

Лаз æрхæссæн дæм ма уæд.
Лаз хъуыддæгтæй дæ Хуыцау бахизæд.
Лаз хъуыддæгтæй хызт у.
Лаз хъуыддаджы балæууыны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Лæвар кæнынæн у.
Лæвархъом дæ Хуыцау уадзæд.
Лæвархъом у.
Лæвархъомæй цæрут.
Лæвæрттæ кæн.
Лæвæрттæ кæнынхъом у ноджыдæр.
Лæвæрттæ кæнынæй макуы бафæллай.
Лæвæрттæ кæнынæй макуы сфæлмæц.
Лæвæрттæ кæныныл фæсмон цы никуы фæкæнай, уыцы амонд дæ уæд.
Лæгау-лæг дæ, æмæ цæрæнбонтæм лæджы ном дæлæмæ макуы ‘руадз.
Лæгау-лæг дæ, æмæ цæрæнбонтæм лæджы ном хæссынæн цы уай, уыцы амонд дæ уæд.
Лæгау-лæг дæ, æмæ цæрæнбонтæм лæджы худ цы никуы счъизи кæнай, уыцы амонд дæ уæд.
Лæгау-лæг дæ, æмæ лæджы митæ цы кæнай, уыцы амонд дæ уæд.
Лæгау-лæг дæ, æмæ лæджы фарнæй макуы фæцух у.
Лæгау-лæгæй базæронд у.
Лæгау-лæгæй фæцæр.
Лæгау-лæджы амондæй хайджын у.
Лæгау-лæджы бындзæфхад разын.
Лæгау-лæджы митæ фæкæн.
Лæгау-лæджы ном макуы фæхудинаг кæн.

Лæгау-лæджы номы бын макуы фæцуд.
Лæгау-лæджы номы бын цы никуы фæцудай, Хуыцау дын ахæм арфæ ракæнæд.
Лæгау-лæджы ном дæлæмæ макуы ‘руадз.
Лæгау-лæджы ном дæу аххосæй макуы схъæрзæд.
Лæгау-лæджы ном дæу аххосæй макуы фæцудæд.
Лæггад кæнынæн у.
Лæггад кæнынæй макуы бафæлмæц.
Лæггад кæныныл дæхи макуы атигъ кæн.
Лæггад кæныныл дæ былтæ цы никуы акъуырай, уыцы амонд дæ уæд.
Лæггадцух макуы фæу.
Лæггадцухæй дæ макуы мачи ацæуæд.
Лæгдæр рацу де ‘мгæрттæй.
Лæгдæрты фæзмынхъом дæ Хуыцау уадзæд.
Лæгдæртыл æмбæлд у.
Лæггур дæ Хуыцау макуы ауадзæд.
Лæггур дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Лæггур де знæгтæ фæцæуæнт, дæ хæдзары та амæй-ай лæгдæртæ бахъомыл уæнт.
Лæггуры бæсты уæ Хуыцау усгур цæуын кæнæд.
Лæгдæрты ‘хсæн дын бынат уæд.
Лæгдæрты ‘хсæнæй макуы ацух у.
Лæгдæрты фæзм.
Лæгдæрты фæзмынхъом дæ Хуыцау скæнæд.
Лæгтыдзуар — дæ арфæгæнæг.
Лæгтыдзуар дæ лæгдæртыл æмбæлын кæнæд.
Лæгтыдзуар дæ рахизфæрсты цæуæд.
Лæгтыдзуар дæ фæдзæхсæг фæуæд.
Лæгтыдзуар дæ хуыздæр фысымтыл æмбæлын кæнæд.
Лæгтыдзуар дæ хуыздæртыл æмбæлын кæнæд.
Лæгтыдзуар дын арфæ ракæнæд.
Лæгтыдзуар дын дæ фæндæгтæ дæхи фæндиаг цы ауадза, уыцы хорзæх дæ уæд.
Лæгтыдзуарæй арфæгонд фæу.
Лæгтыдзуарæй дæ сины сæртыл хæцгæ фæцу.
Лæгтыдзуарæн зæрдæзæгъгæ нывæндтæ кæнын дæ бон цы уа, ахæм амонд дæ уæд.
Лæгтыдзуарæн зæрдæзæгъгæ нывæндтæ цы фергæвдай, Стыр Хуыцау дын ахæм тых раттæд.
Лæгдых ут.

Лæгдых уæ Стыр Хуыцау скæнæд.
Лæгдыхæй макуы фæцух ут.
Лæгдыхæй уæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Лæгдыхæй цæрынхъом ут.
Лæгдыхæй фæсте макуы фæлæуут.
Лæгдых макуы фæут.
Лæгцухæй уæ Хуыцау бахизæд.
Лæджы митæ кæнынæн у.
Лæджы митæй макуы фæцух у.
Лæджы ном бæрзæндты хæссынæн у.
Лæджы ном дæлæмæ макуы ‘руадз.
Лæджы ном дæу тыххæй макуы фæсырх уæд.
Лæджы ном макуы фæхудинаг кæн.
Лæджы ном уæлæмæ цы сисай,амондыскæнæг дын уый бæрц фарн раттæд.
Лæджы ном хæссынæй макуы сфæлмæц.
Лæджы ном цы сфæразай, Хуыцау дын уыцы амонд раттæд.
Лæджы номæй фæцæр.
Лæджы номы бын макуы фæцуд.
Лæджы номыл дæу тыххæй къæм макуы абадæд.
Лæджы тæф дæ цы цæуа, уыцы амонд дæ уæд.
Лæджы худ хæссынæн у.
Лæджы худ хæссынæн цы уай, æмæ йæ бынæй лæджы тæф цы кæла, уыцы амонд дын Дунескæнæг Хуыцау раттæд.
Лæджы худы кад къæхты бынмæ макуы ‘рæппар.
Лæджы худы кад цъыфты макуы сæвдул.
Лæджы худы кады бын макуы фæу.
Лæппу дын райгуырæд.
Лæппуйы кæуын уæ райхъуысæд.
Лæппуйы  сыппагур дæ Хуыцау арвитæд.
Лæппуйы сыппатæ дæ цы ‘лхæной адæм, уыцы амонд дæу дæр æмæ уыдон дæр.
Лæппуйы сыппатæ февæр.
Лæппуйы сыппатæ фæараз.
Лæппутæ дын фæгуырæнт.
Лæппутæ фæхъомыл кæн.
Лæпputы мад дæ Дунескæнæг Хуыцау цы скæна, уыцы хорздзинад дын бауарзæд амондыскæнæджы цæст.
Лæппуты мад фæу.
Лæппуты мад фæхуыйн.
Лæппухъæбыс бау.

Лæппухъæбыс дæ Хуыцæутты Хуыцау бакæнæд.
Лымæн кæнынхъом у.
Лымæнæн лæггад кæнын цы фæразай, ахæм амонд дæ уæд.
Лымæны къухæй макуы фæрисс.
Лымæны сæр дын Хуыцау макуы байсæд.

## М

Мадымайрæм дæ лæппухъæбыс бакæнæд.
Мадымайрæм дæ мæдты хуыздæр фæкæнæд.
Мадымайрæм дын ахæм арфæ ракæнæд, дæ хъæбултæ бонхуыздæр куыд кæной.
Мадымайрæм дын дæ зæрдæ барухс кæнæд.
Мадымайрæм дын дæ зæрдæ макуы фæриссын кæнæд.
Мадымайрæм дын дæ рæзинæгты барæвдауæд.
Мадымайрæм дын дæ рæзинæгты даргъ, уæрæх уадзæд.
Мадымайрæм йæ фыртæн цы арфæ ракодта, уыцы арфæ дын ракæнæд.
Мадымайрæмæй дæ кæстæртæ арфæгонд уæнт.
Мадымайрæмæй фæдзæхст фæу.
Мадымайрæмы арфæ дыл æрцæуæд.
Мадымайрæмы хорзæх дæ уæд.
Мадымайрæмы хъæбул фæу.
Мадзал арынхъом у.
Мадзал дын уæд адзал дæр.
Мадзалы тыххæй адзалы фæндагыл цы никуы лæууай, уыцы амонд дæ уæд.
Мадзалы тыххæй дæ адзалы фæндагыл лæууыны сæр макуы бонты бахъæуæд.
Мадзалджын у.
Маймули макуы су.
Маймулийы митæ макуы кæн.
Маймулиау дыл цы никуы худой адæм, уыцы амонд дæ уæд.
Маймулийы бынатмæ цы никуы ‘рыппарай дæхи, ахæм амонд дæ уæд.
Маймулийы хуызæн дæхи макуы скæн.
Макæй амонд байс.
Макæй амонд басудз.
Макæй хъыджы бацæуыны сæр дæ бахъæуæд.
Макæй хъыджы бацу.
Макæй цард фехал.

Марг дæ гуыбыны макуы ацæуæд.
Марг дын макуы фестæд дæ хъиамæт.
Марджы къæртт фестынæй дæ Хуыцау бахизæд.
Маргъау бæрзæндты фæтæх.
Маргъау бæрзæндты айтындз дæ базыртæ.
Маргъау дæ базыртæ айтынг кæнын дæ бон цы бауа, ахæм амонды гуырд фæу.
Маргъау дын базыртæ амонды зад æркæнæнт.
Мард макуы фæу.
Мард хорзыбонæн никуы уыд, фæлæ сымахæн хорзыбонæн цы фæуа, уыцы амонд уæ уæд.
Мардæй дæр дæ кæстæртыл хорзмæ ауд.
Марды амондмæ бабæллыны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Марды арфæ дыл æрцæуæд.
Марды кæндтæй хызт у.
Мардыл кæуыны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Мардæрцыды хабар хъусгæ дæр макуы фæкæн.
Мардæрцыды хъуыддæгтæй хызт цы уай, уыцы амонд дæ уæд.
Марой кæныны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Марой макуы фæкæн.
Маст адæмы сафæг у, æмæ дæ дзы Стыр Хуыцау бахизæд.
Маст дæ фæсонæрхæджы дæр макуы уæд.
Маст дын Хуыцау макуы зæгъæд.
Маст исыны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Маст нынныхъуырынæн цы уай, ахæм амонд дæ уæд.
Маст уромынæн у.
Маст уромынхъом дæ Хуыцау уадзæд.
Маст цы никуы фенай, уыцы амонд дæ уæд.
Мастæй хызт у.
Мастæн дæр-иу цы ныффæразай, уыцы амонд дæ уæд.
Мастæн ком макуы ратт.
Масты дзæкъулæй хызт у.
Масты дзæкъул дæ Хуыцау макуы фестын кæнæд.
Масты фæдыл ацæуынæй хызт у.
Масты фæдыл макуы ацу.
Масты хай дæ Хуыцау макуы фæкæнæд.
Мах амондæй хайджын ут.
Мах амондæй сымах дæр æнæхай макуы фæут.
Мах хал ахæрут.
Махау «а» æмæ «о»-йæ фæцæрут.

Махау амонддджынæй фæцæрут.
Махау æнафоны уæ зæрдæтæ макуы фæриссæнт.
Махау кæрæдзи уарзгæйæ цæрут.
Махау уæ æнафоны бындз къуымæлы дæр макуы бахауæд.
Махæн нæ фаг уæд, уыдонæн — бирæ.
Махæн нæ фаг цы уа, уыдонæн — бирæ, ахæм хур ныл ракæсæд.
Мацæмæй дæ фæтæрсын кæнæд Дунескæнæг.
Мацæуыл батыхс.
Мацæуыл дæ батыхсын кæнæд Иунæг Хуыцау.
Мацæуыл скъуыр дæ къах.
Мацы азым æрхæссæн дæм уæд.
Мацы аххосаг дæм уæд ссарæн.
Мацы маст дæ бацæуæд.
Мацы маст дын раттæнт а комбæсты зæдтæ.
Мацы мастæн баком абырсын.
Мæ амонд — уæ фæндиаг.
Мæ амондæй сымах дæр хайджын ут.
Мæ амондæй хызт ут.
Мæ амондæн кувут, æмæ уын Хуыцау уæхи зæрдæты фæндиаг цы акува, уыцы фарн уæ уæд.
Мæ амонды хур уыл ракæсæд.
Мæ армæйдзаг дын хæлар уæд.
Мæ армæйдзаг дын дæ мады ‘хсырау батайæд.
Мæ армæйдзаг хæссынæн у.
Мæ армæйдзагæй макуы фæрисс.
Мæ армæйдзагыл макуы фæкæл.
Мæ арфæ дыл æрцæуæд.
Мæ арфæ дын царды æмбæлццоны хуызæн уæд.
Мæ арфæйæ фæкæл.
Мæ арфæйы аккаг дæ, æмæ ноджыдæр аккаг цы уай, уыцы амонд дын Дунескæнæг Хуыцау раттæд.
Мæ астæу дæ цы сраст кæнон, уыцы амонд нæ уæд.
Мæ астæуцæджындз дæ, æмæ мын цы никуы фæтасай, Хуыцауæй ныл ахæм арфæ æрцæуæд.
Мæ ахсджиæгтимæ уæ кæрæдзи уарзгæйæ цæрут.
Мæ ацыд æмæ уæ баззад хорз уæнт.
Мæ базыры бынæй амонддджынæй тæхыс, æмæ дæ амонддджын Дунескæнæг Хуыцау уадзæд.
Мæ бæсты дæм Хуыцау ракæсæд дзæбæх цæстæй.
Мæ бæсты дын Хуыцау арфæ ракæнæд.

Мæ бинонтау æнæзæрдæхудт ут.
Мæ бинонтау сымах дæр хъæрмудæй фæцæрут.
Мæ бинонты амондæй хызт ут, Хуыцау уæ уæхи амондæй фæцæрын кæнæд.
Мæ бирæ фыдæбæттæ уын — хæлар.
Мæ бирæ фыдæбæттæ уæ фарсылхæцгæ уæнт.
Мæ бон акæн.
Мæ бон дын æххуыс кæнын цы уа, уыцы амонд дæ уæд.
Мæ боны бонæй уæ Хуыцау хызт уадзæд.
Мæ боны хъиамæт уын афæдзваг кæнæд.
Мæ бынтæ уын — хæлар.
Мæ бынтæ фæрнæй хæрут.
Мæ бынтыл фæрнæй фæбадут.
Мæ бынат дын амондджыны бынат фæуæд.
Мæ бынаты бын фæрнæй фæцæр.
Мæ бынаты фæрнæй фæбад.
Мæ бындар амондджын уæд.
Мæ бындар даргъ, уæрæх цы ацæуа, уыцы амонд ын дæ цæст бауарзæд, Дунескæнæг Хуыцау.
Мæ бындарæн мæ зæрдæ хорзæй цы зæгъы, уыдон ын дæ цæст цы бауарза, Дунескæнæг Иунæг Хуыцау, уыцы амонд нын ратт.
Мæ бындаримæ амондджынæй цæрут.
Мæ бындары тыхст мын Хуыцау макуы фенын кæнæд.
Мæ бындары цинтæм мæ Хуыцау фæкæсын кæнæд.
Мæ бындурыл цæрæццаг таг суадз.
Мæ бындурыл цæрынæй бафсæд.
Мæ галуанæй фæрнæй фæфæлгæс.
Мæ галуаны цæрынæй бафсæд.
Мæ галуаны цард цы скъобор кæнай, уыцы амонд дæ уæд.
Мæ галуаныл дæ зæрдæ макуы сив.
Мæ дадалитæ мын макуы фæхудинаг кæн.
Мæ дадалитыл мын цъыф макуы бакал.
Мæ дадалитыл дæ цъыф бакалыны сæр макуы бахъæуæд.
Мæ дзуар дын арфæ ракæнæд.
Мæ дзуар дын æххуысгæнæг уæд.
Мæ дзуарæй фæдзæхст фæу.
Мæ дзуары хорзæх дæ уæд.
Мæ зæрæдтæ — дæу, дæ нæуджытæ — мæн.
Мæ зæрдæ ахæр.

Мæ зæрдæ дæ макуы фæриссæд.
Мæ зæрдæйы фæндиаг байрæз.
Мæ зæрдæйы фæндиаг амонд дын Дунескæнæг Хуыцауы цæст цы бауарза, уыцы арфæ дыл æрцæуæд.
Мæ зæронд сæр дæ сæрыл æрхæсс.
Мæ зæронд сæр — дæ фæхъхъау.
Мæ зæронд сæр — де 'взонг уды фæхъхъау.
Мæ зæронд сæр дын нывонд фæуæд.
Мæ зæронд сæр мын цы никуы счъизи кæнай, уыцы амонд нæ уæд.
Мæ зæронд сæры кад мын дæ къæхты бынмæ цы никуы 'рæппарай, Хуыцауæй ныл ахæм арфæ 'рцæуæд.
Мæ иунæг амондджын уæд.
Мæ иунæг амондджынæй цы цæра, мæ уд дæр ын уый фестæд.
Мæ иунæг даргъ, уæрæх ацæуæд.
Мæ Ирыстон амондджын уæд.
Мæ Ирыстон æнæниз, æнæмастæй цы цæра, уыцы амонд нæ уæд.
Мæ Ирыстон дунейы бæстæты æмсæр уæд.
Мæ Ирыстон, мæ уд — дæ фæхъхъау!
Мæ Ирыстон, мæ уд дын кæд хылычъы дурæн дæр сбæзза, уæддæр дын хæлар фæуæд.
Мæ Ирыстон, мæнæй дæ фылдæр чи уарзы, уыдон фæндиаг у.
Мæ Ирыстон мæ уд нывондæн хæссынхъом цы уон, Хуыцау мын уыцы амонд раттæд.
Мæ Ирыстонæн мæ уд йæ царды бæсты фæцæуæд.
Мæ Ирыстонæн мæ уд цард фестæд.
Мæ Ирыстонæй искуы дур куы хауа, уæддæр-иу Ирыстоны дур цы хуыйна, уыцы амонд нæ уæд.
Мæ Ирыстоны аккаг хъæбул мæ Хуыцау скæнæд.
Мæ Ирыстоны амондæй мæ Хуыцау макуы фæцудын кæнæд.
Мæ Ирыстоны кæстæрты хорздзинæдтæ мын Хуыцау цы фехъусын кæна, уыцы амонд мæ уæд.
Мæ Ирыстоны маст мын Дунескæнæг Хуыцау цы никуы фенын кæна, уыцы амонд мын раттæд.
Мæ Ирыстоны мын æнамондæй Хуыцау макуы фенын кæнæд.
Мæ Ирыстоны намыс æмæ нын фарн Хуыцау макуы фесафын кæнæд.
Мæ Ирыстоны намысæй нæ Дунескæнæг Хуыцау фæцæрын кæнæд.

Мæ Ирыстоны «омменхъом» цы уæм, уыцы зонд нæ уæд.
Мæ Ирыстоныл мæ сайдæй разилын цы никуы бон бахъæуа, уыцы бон мæ уæд.
Мæ Ирыстоныл сайдæй цы никуы разилон, уыцы амонд мæ уæд.
Мæ Ирыстоныл искуы сайдæй куы разилон, уæд-иу йæ уды бæсты цы фæцæуон, Дунескæнæг Иунæг Хуыцау мын уыцы амонд раттæд.
Мæ Ирыстоныл уæ сайдæй чи цæуы, уый йæ нывонд фæуæд.
Мæ Ирыстоныл цъыф чи калы, уыдон Ирыстоны фæхъхъау фæуæнт.
Мæ Ирыстоныл чъырсудзæны дæр цы никуы суæлæхох уæм, уыцы амонд уый дæр æмæ мах дæр.
Мæ кард дæ мæ кæрддзæмы цы никуы нытътъыссон, уыцы амонд дæ уæд.
Мæ кард дæ бæрзæндты цы хæссон, уыцы амонд мын Хуыцау раттæд.
Мæ карды бын лæуд дæ Хуыцау макуы фæкæнæд.
Мæ кардыл дæ дæ амондыскæнæг макуы фæкæлын кæнæд.
Мæ кардыл де знæгтæ сæмбæлæнт, ды амонддзжынæй цы цæрай, Хуыцау дын ахæм арфæ ракæнæд.
Мæ кæстæртæ адæмæй арфæгонд цы цæуой, Хуыцау сын ахæм арфæ ракæнæд.
Мæ кæстæртæ адæмы рæгъы цæуынхъом уæнт.
Мæ кæстæртæ адæмы къæхты бынмæ макуы ‘рхауæнт.
Мæ кæстæртæ адæмæн уарзон фæуæнт.
Мæ кæстæртæ адæмæн лæггадхъом цы уой, уыцы амонд сын Хуыцау зæгъæд.
Мæ кæстæртæ адæмы рагъы цы цæуой, Дунескæнæг Хуыцау сын уыцы арфæ ракæнæд.
Мæ кæстæртæ, Хуыцау, — дæ фæдзæхст.
Мæ кæстæртæн, Хуыцау, ды фæу тæрхонгæнæг.
Мæ кæстæртæ фарнæфсæст уæнт.
Мæ кæстæртæ фæрнджын цы уой, Хуыцауæй ныл уыцы арфæ æрцæуæд.
Мæ кæстæрты фарнæй нæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Мæ кæстæрты фарныл мæ Дунескæнæг Хуыцау мæ къух макуы ауигъын кæнæд.
Мæ кæстæртыл мæ Хуыцау цы никуы суæлæхох кæна, уыцы амонд мын йæ цæст бауарзæд.

Мæ хистæртыл хур сæ зæрдæты фæндиаг цы кæса, ахæм амонд сын дæ цæст бауарзæд, бæрзондылбадæг Хуыцау.
Мæ коко фæу.
Мæ коко цы фæуай, уыцы амонд дæ уæд.
Мæ кувинæгтæ дæм сыгъдæгæй хæццæ кæнæнт.
Мæ кувинæгтæ дын хæлар уæнт.
Мæ кувинæгтæ мын цы айсай, ахæм амонд ратт.
Мæ куывд дæм цы фехъуыса, Хуыцау, уыцы амонд ратт.
Мæ куыст дын — хæлар.
Мæ куыстæй райгонд у.
Мæ къахыл дæ цы слæууон, уыцы арфæ дæ уæд.
Мæ къахбавæрд уын фарнæн фæуæд.
Мæ къахбавæрд уын хорзыбонæн цы фæуа, уыцы амонд уæ уæд.
Мæ къæбæр дæ фарсылхæцгæ уæд.
Мæ къæбæр дын — хæлар.
Мæ къæсæр дæ къæхты бын ихсийæд.
Мæ къæсæр дын хох макуы фестæд.
Мæ къæсæрыл макуы фæкæл.
Мæ къæсæрыл сыгъдæг цæсгомæй цы хизай, уыцы амонд дæ уæд.
Мæ къухдарæн дын амонды  хос фæуæд.
Мæ къухдарæн рафтауыны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Мæ къухдарæн фæрнæй фæдар.
Мæ къуымты амондджынæй фæзил.
Мæ къуымты сæрыстырæй цы зилай, Хуыцау нын уыцы амонд раттæд.
Мæ къуымы бæркадæй мæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Мæ лæггад дын хæлар уæд.
Мæ лæггæдтæ дæ фарсы тæнæгæй макуы акæлæнт.
Мæ мард дæр дын фарны бонæн фæуæд.
Мæ мардæн цы балæггад кодтат, уый уæ ахсджиæгты цинтæй раивут.
Мæ мардæн уæ лæггæдтæй фиддон мацы уæд, æз уын сæ уæ кæстæрты цинты цы фæфидон, уыцы амонд нæ уæд.
Мæ мæгуыр муртæ уын царды хос фæуæнт.
Мæ мæгуыр сæр дæ уды бæсты фæцæуæд.
Мæ мæгуыр сæр — дæ фæхъхъау.
Мæ мæгуыр сæр дæ сæры бæсты фæцæуæд.
Мæ мæгуыр сæр дæ сæрыл æрхæсс.

Мæ мæгуыр сæр дын амонд фестæд.
Мæ мæгуыр сæр дын нывонд.
Мæ мид-зæрдæйы дын цы скувын, уый дыл æрцæуæд.
Мæ мулк уын — хæлар.
Мæ мулк фæрнæй фæхæрут.
Мæ мыггаг амонддæжын уæнт.
Мæ мыггаг уæлахиз уæнт.
Мæ мыггаг уæлахизæй-уæлахиздæр цы кæной, Хуыцау мын уыцы амонд раттæд.
Мæ мыггаг фæрнæй цæрæнт.
Мæ мыггаджы сæры бæсты — мæ сæр.
Мæ ном мын макуы фæхудинаг кæнут.
Мæ ном хæссынæн ут.
Мæ номæй ном кæнынхъом ут.
Мæ риу дын уартæн басгуыхæд.
Мæ риуыл дын фæндæгтæ цы уа, уыцы амонд мæ уæд.
Мæ риуыл фæлæуу мæрдтыбæсты.
Мæ сæр дæ бæрзæндты цы фæхæссон, уыцы амонд нæ уæд.
Мæ сæр — дæ фæхъхъау.
Мæ сæр дæу тыххæй цы никуы ‘ркъул кæнон, ахæм ныхыфыстæй фæцæр.
Мæ сæр дын амонд фестæд.
Мæ сæры астæуты дын — фæндаг.
Мæ сæрыл цал æрдуйы ис, уал хатты уыл уæ ног азтæ æнæниз, æнæмастæй цæуæнт.
Мæ сæрыл цал æрдуйы ис, уал хорздзинады уыл æрцæуæнт.
Мæ сæрыл цал æрдуйы ис, уый бæрц хæрзтæ уын бауарзæд Дунескæнæг Хуыцауы цæст.
Мæ тæригъæд макуы фæхæсс.
Мæ тæригъæдæй хызт у.
Мæ тæригъæды дæ Хуыцау макуы бацæуын кæнæд.
Мæ тугисджыты фæхъхъау — мæ сæр.
Мæ уд ахæр.
Мæ уд — дæ нывонд.
Мæ уд дæ низтæ бахæрæд.
Мæ уд дæ рынтæ бахæра, уыцы амонд дæ уæд.
Мæ уд — дæ тæхæнты фæхъхъау.
Мæ фæндиаг у.
Мæ фæндиаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Мæ фæндиаг дæ Хуыцау уадзæд, æмæ мæн дæуæн æвзæрæй цы бафæнда, уый мæхи сæрыл æрцæуæд.

Мæ фæндиаг у, æмæ мæ дæуæн цы фæнды, уый ныл иумæ æрцæуæд.
Мæ фæндиаг байрæз.
Мæ фæндиаг схъомыл у.
Мæ фæндиаг фæцæр.
Мæ фæстæ уыл цард æрхæцæд.
Мæ фæстæ уыл цард цы ныккæла, уыцы амонд уæ уæд.
Мæ фæстæ уæ йæ къахы алгъæй дæр мачиуал схъæрзæд.
Мæ фæстæ рын, сон цы у, уый мауал фенут.
Мæ фæстæ сагау сыкъатæ суадзут.
Мæ фыдæбон уын хæлар уæд.
Мæ фыдæбон уæ фарсæй макуы фæуæд.
Мæ хал ахæр.
Мæ хал ахæсс.
Мæ хал — дæ хъуыры.
Мæ хæрзтæ дын батайæнт.
Мæ хæрзтæй дын фиддон мацы уæд.
Мæ хæрзтыл макуы фæкæл.
Мæ хур акæн.
Мæ хуры хай дæр дæу фæуæд.
Мæ хуры хай дæр та рæхджы цы ракæса, Хуыцау мын уыцы амонд раттæд.
Мæ хъеллауаг уд — дæ фæхъхъау.
Мæ хъеллауаг цардæй цы ‘рæнцайон, Хуыцауæй мæ уыцы амонд фæуæд.
Мæ цард дын — нывонд.
Мæ цардбонтæ дæр дæуыл бафтæнт.
Мæ цæст ахæр.
Мæ цæст дæуæн цы уарзы, уый дын Хуыцауы цæст дæр ба-уарзæд.
Мæ цæст дæуæн цы уарзы, уый Хуыцауы цæст мæнæн дæр бауарзæд.
Мæ цæхх, мæ кæрдзын дын хæлар уæд.
Мæ цæхх, мæ кæрдзыны бæркад мын Хуыцау макуы байсæд.
Мæ цæхх, мæ кæрдзыны бæркад мын Хуыцау цы никуы байса, уыцы амонд мын йæ цæст бауарзæд.
Мæ цæхджын хойраг дæ фарсыл бахæцæд.
Мæ цæхджын хойраг дын хæлар цы фæуа, ахæм амонд дæ уæд.
Мæ цахъхъæн су.
Мæ цахъхъæнмæ дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.

Мæ цахъхъæнтæ дын чи сты, уыдон дæ хурæй бафсæдæнт.
Мæгуыр — амæлæг, сымах йе 'рцыдмæ дзæбæхæй цæрут.
Мæгуыр дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Мæгуыр — де знаг, ды дзæбæхæй цæр.
Мæгуырæй хызт у.
Мæгуыры бон дыл макуы акæнæд.
Мæгуыры бынатмæ дæхи цы никуы æрæппарай, уыцы амонд дæ уæд.
Мæгуыры бынатмæ дæ Хуыцау макуы æрæппарæд.
Мæгуырыл дæ былтæ макуы асчъил кæн.
Мæгуырыл дæхи цы никуы атигъ кæнай, ахæм амонд дын Хуыцау раттæд.
Мæгуыргур ацæуыны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Мæгуыргур ацæуынæй дæ Хуыцау бахизæд.
Мæгуыргур ацæуынæй хызт у.
Мæйы чызг — дæ хай.
Мæйнæуæдждждын цы никуы суай, ахæм амонд дæ уæд.
Мæйнæуæджджынæй дæ Хуыцау бахизæд.
Мæйтæ æмæ дæ хуртæ фæкæсæд.
Мæлæг уды арфæ дыл æрцæуæд.
Мæлæг уды æлгъыстæй хызт у.
Мæлæт дын ма уæд.
Мæлæты бонмæ дæ къахы алгъæй дæр макуы схъæрз.
Мæлдзыджы къахыл дæр макуы фæлæуу.
Мæлдзыджы къахыл дæр цы никуы фæлæууай, уыцы амонд дæ уæд.
Мæнг ард цы никуы бахæрай, ахæм амонд дæ уæд.
Мæнг дзырд зæгъыны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Мæнг дзырд макуы схауæд дæ дзыхæй.
Мæнгард æрдхорды бæсты æнæрдхорд у.
Мæнгард мийы сæр дæ макуы бахъæуæд.
Мæнгæвдисæн лæууын дæ макуы бахъæуæд.
Мæнгæвдисæны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Мæрдтæ дæ нæмыг куы ссарой, уæд-иу фых разынæд.
Мæрдтæ дæ нæмыг агурынмæ куы цæуой, уæд-иу сыл сау дзидзыда бафтæд.
Мæрдвынæй макуы бау.
Мæрдвыæйæ хызт у.
Мæстаг хъуыддаг ма фен.

Мæстæлгъæд макуы фæу.
Мæстæлгъæд дæ Хуыцау макуы фæкæнæд.
Мæстæлгъæдæй де знæгтæ цæрæнт, ды дæ цард дæ зæрдæйы фæндиаг цы арвитай, уыцы амонд дæ уæд.
Ме 'мбæлттæ амондджын уæнт.
Ме 'мбæлтты амондæй æз дæр амондджын цы уон, уыцы хорзæх нæ уæд.
Ме 'мбæлттæ уæлахиз уæнт.
Ме 'мбæлттимæ уæ кæрæдзи æмбарынхъом ут.
Ме 'мбæлтты амондæй хайджын ут.
Ме 'мбæлтты æнамонддзинад мын Хуыцау макуы фенын кæнæд.
Ме 'намонд сæр — дæ нывонд.
Ме 'намонд сæр дæ сæры бæсты фæцæуæд.
Ме 'намонд сæр дæ сæрыл хаст фæуæд.
Ме 'намонд сæр дæ фæхъхъау фæуæд.
Мидбылхудгæйæ батон дæ царды бонтæ.
Мидбылхудгæйæ фæцæр.
Мидбылхудгæйæ фæцу.
Мулкджын дæ Хуыцау скæнæд.
Мулчы цæсты цы никуы акæсай. уыцы амонд дæ уæд.
Мыггаг ныфс у, æмæ сæ цух макуы фæу.
Мыггагджын у.
Мыггагмæ цæр.
Мыггагмæ, кæм дын чи ис, уыдон дзæбæхæй цæрæнт.
Мыггаджы хорзæх дæ уæд.
Мыггаджы хъыг макуы райс.
Мыггаджы хъыг райсыны бæсты дæ хъуырыл дур бабæтт, æмæ доны дæхи нывзил.
Мыггагæй-мыггагмæ дæ хорзы кой хъуысæд.
Мыггагскъуыд де знæгтæ фæуæнт, сымах дзæбæхæй цæрут.
Мыггагыскъуыд макуы фæут.
Мыггагыскъуыд уæ Хуыцау цы никуы фæкæна, уыцы амонд уæ уæд.
Мыггаджы Уастырджи дæ ихæн хойын ма бауадзæд, хурæн — судзын.
Мыггаджы Уастырджи дæ йæ рахиз базыры бын бакæнæд.
Мыггаджы Уастырджи дæ фæндараст фæкæнæд.
Мыггаджы Уастырджи дæ фыдбылызæй бахизæд.
Мыггаджы Уастырджи де 'мбæлццон уæд.
Мыггаджы Уастырджийæ фæдзæхст фæу.

Мыд æмæ дзулау адджын фæут адæмæн.
Мыд æмæ дзулы ад кæнут уæ кæрæдзийæн.
Мыдыкъусы цард фæкæнут.
Мыдыкъусы цард кæнут: адæмæн уарзон ут, йæхи уыл макуы мачи атигъ кæнæд.
Мыдыкъусы хуызæн цард скæнут.
Мыдыбындзау адджын цард саразут.
Мыдыбындзау, царды адджынæй цы ис, уый фæтымбыл кæнут.
Мыдыбындзау, цард фæтымбыл кæнут.
Мыкалгабыр бæркаддæттæг у, æмæ уæ хæдзары бæркæдтæ уæле исгæ-бынæй ахадгæ уæнт.
Мыкалгабыр дæ йæ бынты дзæбæхæй цæуын кæнæд.
Мыкалгабыр дын йæ хорзæх раттæд.
Мыкалгабыр рынсафæг у, æмæ дæ рынтæ сæфт цы уой, уыцы амонд дын раттæд.
Мыкалгабырæй фæдлзæхст фæу.
Мыкалгабыры хорзæх дæ уæд.
Мыкалгабыры хорзæх ссар.
Мыкалгабыры хорзæх дын Хуыцау цы ссарын кæна, уыцы амонд дæ уæд.
Мысинаг у.
Мысинаг у кæстæртæн.
Мысинаг у мыггагмæ.
Мысинаг у тъымы-тъыматæм.

*Уыдзæн ма.*

ДЗИЦЦОЙТЫ Юри

# СКИФАГ-СÆРМÆТТАГ-ИРОН ЭТНОГРАФИОН ÆМÆ ФОЛЬКЛОРОН ПАРАЛЛЕЛЬТÆ[1]



## II

Антикон автортæ куыд зæгъынц, афтæмæй скифтæ, сæрмæттæ æмæ алантæ цæугæцард кодтой. Æмбæрзт уæрдон сын хæдзары бæсты уыд: «(...) весь остальной скот они *(ома скифтæ — Дз. Ю.)* отправили вместе с повозками, в которых у них жили дети и все женщины» *(Геродот, IУ, 121);* «живут здесь агафирсы и савроматы, называемые амаксобиями, потому что вместо домов им служат повозки» (Помпоний Мела, II, 2); « (...) все это отлично от сарматов, живущих на повозке и на коне» *(Корнелий Тацит. Германия, 46)*; «свои семейства, жилища и скудный домашний скарб они *(ома скифтæ æмæ алантæ — Дз. Ю.)* укладывают на кибитки, покрытые корой, и когда появится желание, беспрепятственно передвигаются, направляя свои телеги, куда вздумают» *(Ам. Марцеллин, XXII, 8, 42)*; «Все, что по возрасту и полу непригодно для войны, держится около кибиток и занимается мирными делами, а молодежь, с раннего детства сроднившись с верховой ездой, считает позором ходить пешком» *(Марцеллин, XXXI, 2, 20).*

Æнгæс информаци æмбæлы Квинт Гораций Флакмæ *(Оды, III, 24, 9)*, Пуб-

---

[1] Дарддæр. Райдайæн «Мах дуджы» ацы азы № 9

лий Овидий Насонмæ *(Печальные песни, III, 10, 30; III, 12)*, Луций Анней Сенекæмæ *(Трагедии. Геркулес, хор. 533— 546)* æмæ æндæр антикон автортæм.

Ацы информацийыл æнцой кæнгæйæ, ахуыргæндты иу хай æрцыд рæдыд хъуыдымæ, зæгъгæ, скифаг-сæрмæттаг знæмтæм æппындæр нæ уыди зæххы куысты традицитæ. Ныртæккæ ничиуал дызæрдыг кæны, нæ фыдæлтæн æрмæстдæр сæ иу хай кæй уыд цæугæцардыл хæст, ууыл. Фæлæ ам нæ темæйæн цымыдисаг уый у, æмæ-иу нæ фыдæлты иу хай сæ цæугæ хъæутæ цы зæххыл балæууыын кодта, уым-иу æмбæрзт уæрдæттæ цæлхæвæрд кæй акодта, цæмæй сын лæбурæг знагимæ æнцондæр уыдаид хæцын: «Придя на изобильное травой место, они *(ома алантæ —Дз. Ю.)* располагают в виде круга свои кибитки и питаются по звериному; истребив весь корм для скота, они снова везут свои, так сказать, города, расположенные на повозках» *(Марцеллин, XXXI, 2, 18)*; «Скифы, сделав укрепление из повозок, попытались через гору Гессак» *(Юлий Капитолин. Два Галлиена, 13, II, 82)*.

Æнгæс æгъдау уыд ирон адæммæ дæр. Къостайы «Фатимæ»-йы кæсæм: «Стоят возы живой оградой». Фæлæ æппæты цымыдисагдæр у ирон фольклорон æрмæг.

Нарты кадджыты кæсæм: «*(Нартæ)* сог æрцæттæ кодтонцæ; æхсæвæ сæхебæл уæрдун бурæу æркодтонцæ» *(ПНТО, II, ф. 37)*. Æндæр кадæджы та Сослан афтæ дзуры: «Я ездил с товарищами на двенадцати арбах, и на ночлег остановились на берегу моря, арбы расставили мы вокруг себя, для обороны от нападения» *(ПНТО, I, ф. 17)*. Ацы текстмæ чиныгаразæг ахæм фиппаинаг скодта: «Для предприятия мер к защите, арбы расставляются вокруг скотины и людей» *(уый дæр уым, ф. 21)*.

«Куырттаты кадæджы» та дзырдæуы, зæгъгæ, иу хатт куырттатаг бæлццæттæ æмæ кæсæджы 'хсæн хæст бацайдагъ ис. Уынгæг уавæры бахаугæйæ, Куырттатæ «сæ уæрдæттæ æрзылдтой, кæрт æркодтой, сæ фос астæуæй фæкодтой, сæхуыддæг дæр бацыдысты астæумæ», æмæ афтæмæй схæцыдысты знагимæ *(ИАС, I, ф. 605)*. Ацы кадæгæн йæ варианты та дзырдæуы: «Арæнæн уæрдæттæ дæр æрзылдтой сæ алыфарс» *(ИАС, I,ф. 608)*.

Ома нæ фыдæлтæ уæрдæттæй цы зиллакк кодтой, уый хуынди «быру» *(дыгуронау «бурæу»)*, кæнæ — «арæн», йæ мидæгиу цы æмбæхст бынат баззад, уый та — «кæрт».

Нарты кадджыты ма иу ран æмбæлæм цымыдисаг хабарыл: иуахæмы Уæрхæг сфæнд кодта фос кæнынмæ фæцæуын, æмæ «сæумæ то-

туригурд дууæ гали сефтихта, сæргун уæрдун скодта, къæвда дæр ин куд неци рахилæ кодтайдæ, уотæ, ма ранæхстæр æй» *(ИАС, I, ф. 311).*

9. Скифтæм сæ равзæрды тыххæй цы таурæгъ уыд, уым афтæ дзырдæуы: кæддæры æдзæрæг зæххыл, дам, фæзынд фыццаг адæймаг — Таргитай, зæгъгæ, йæ ном. Уымæн райгуырд æртæ фырты: Липоксай, Арпоксай æмæ Колаксай. Лæппутæ куы бахъомыл сты, уæд арвæй æрхауд æртæ сызгъæрин хæзнайы: æд æфсондз гутон, дывæдзыргъ, фæрæт æмæ къус *(чаша).* Ацы хæзнатæ кæстæр æфсымæры къухы бафтыдысты æмæ хицауиуæг кæныны бар дæр уымæ æрхауд *(Геродот, IV, 5 — 6).* Ахуыргæндты фылдæр хай куыд зæгъы, афтæмæй скифаг хæзнатæ уыдысты социалон къордты символтæ: къус — дзуарылæджы символ, хæстон фæрæт — æфсæддон къорды æмæ гутон æмæ æфсондз та — зæхкусджыты символ *(Дюмезиль Ж. Скифы и Нарты. М., 1990, ф. 132 — 138).*

Ацы скифаг таурæгъæн ирон кадджыты разынд иттæг хорз параллельтæ: 1) нартæ, лæгхуыздæр сæм чи у, ууыл куы быцæу кодтой, уæд лæвары хуызы рахастой сæ фыдæлты æртæ хæзнайы *(вариантты — Уацамонгæ) (Дюмезиль Ж. Осетинский эпос и мифология. М., 1976, ф. 187 — 197);*[1] *2)* зæдтæ æмæ дауджытæ Сосланæн цы лæвæрттæ ракодтой, уыдоны ‘хсæн ис цирхъ æмæ гутон дæр *(Абаева З.В. Известия ЮОНИИ, XIX ,1974, ф. 142).*

Бацамынд нæртон кадджытæ сæ равзæрдæй скифаг таурæгъимæ баст кæй сты, ууыл дызæрдыггæнæн нæй, фæлæ, ирон кадæджы æртæ хæзнайыл кæм цæуы дзырд, уым фылдæр хатт æмбæлы æрмæстдæр иу социалон символ: ома, кæнæ æртæ сызгъæрин нуазæны *(1-аг функци),* кæнæ æртæ сызгъæрин тыны *(3-аг функци).* Стæй бæрæг нæу уыцы хæзнаты равзæрд. Дауджытæ Сосланæн лæвæрттæ кæм ракодтой, уыцы кадæджы та лæвæртты нымæц у æртæ нæ, фæлæ авд *(кæнæ фылдæр),* æмæ се ‘хсæн фыццаг функцийы символ не ‘мбæлы.

Бæлвырддæр информаци баззад ирон мыггагон таурæгътæй иуы: уыд æртæ æфсымæры: Сидæмон, Хъусæг æмæ Æгъуыза. Фыдæлтæй сын баззад æртæ хæзнайы: сызгъæрин кард, сызгъæрин тын æмæ сызгъæрин пурти. Æфсымæртæ байуæрстой æмæ сæ алкæмæ дæр æрхауд фæйнæ хæзнайы. Тын фæци Сидæмоны, æмæ йæ мыггаг адаргъ ис, тынау, æмæ æнæхъæн бæстæ бацахста. Кард фæци Æгъуызайы, æмæ æхсар уый мыггагæн баззад. Пурти та фæци Хъусæджы, æмæ кад уый мыггагæн баззад *(ХИФ, 1936, ф. 317).* Абайты Васо раст бафиппайдта, ам æртæ хæзнайæн социалон функцитæ кæй ис æмæ сæ равзæрдæй скифаг таурæгъимæ

баст кæй сты, уый *(Абаев, ИЭС, III, ф. 103; Абаев, ИТ, I, ф. 424, 425)*. Фæлæ ам дæр бæрæг нæу, хæзнатæ куыд фæзындысты, уый, стæй дзы къусы бæсты пурти цæмæн ис, уый. Уыйхыгъд ирон фольклоры иннæ уацмыстæй хорз зыны, скифаг сызгъæрин хæзнатæ ирæттæм дæр социалон символтæ кæй уыдысты, уый. Æркæсæм сæм, фыццаг функциййы символæй райдайгæйæ.

10. Ирон адæммæ алæмæттаг къус фыццаг социалон функциййы символ кæй уыд, уый хорз зыны, уæлдæр цы мыггагон таурæгъы кой скодтон, уымæн йæ вариантæй. Уый XIX æнусы ныффыста В.Б. Пфаф. Ацы варианты æфсымæртæ сты авд, фæлæ сæ алкæй функци бæрæг нæу. Уыйхыгъд, фыццаг функциййы хъуыддаг хорз æвдыст у: «каждому из этих сыновей отец перед своей смертью завещал -известную вещь, например, Кусагону — кус, т.е. чашу, отчего каждый сын и получил свое название» *(Пфаф В.Б. Материалы для истории осетин. ССКГ, 1871, ф.74)*.

Абайты Васойы хъуыдымæ гæсгæ, адæмон этимологи ацы хатт фæраст и, ома фыццаг æфсымæры номы варианттæй (Хъусæгон, Къусæгон, Кусæгон), æвæццæгæн, растдæр у астæуккаг, æмæ равзæрд дзырд «къус»-æй *(Абаев, ИТ, I, ф. 408 — 409)*.

Хуссар Ирыстоны кадджындæр дзуæрттæй иуæн йæ фыццаг дзуарылæг уыд цавæрдæр Къусра. Мæ хъуыдымæ гæсгæ, ацы номæн дæр йæ равзæрд «къус»-имæ баст у *(«Мах дуг», 2000, № 7, ф. 142 — 143)*.

Алæмæттаг къусы магион миниуджытæ хорз зынынц Ногбоны æгъдæуттæй. Уый тыххæй Даредзанты кадджыты кæсæм: «Даредзантæм уыдис ахæм къус æвзистæй, æмæ дзы-иу Ногбоны ныккодтаиккой бæгæны, æмæ-иу æм ныккастаиккой, федтаиккой-иу, цы зиан сыл цыдаид, уый дæр, æмæ сыл цы хорз цыдаид, уый дæр» *(ИАС, I, ф. 383)*.

Æнгæс æгъдæутты тыххæй XVIII æнусы фыста Штедер. Ламардоны дзуарылæг-иу афæдз иу хатт ссыд, хохы уæлæ цы кувæндон ис, уымæ, æмæ, дам, «при жертвоприношении ему подается святое знамение — если кубок с пивом на скалистом алтаре полон или переливается через край, это предсказывает урожай, спокойствие, единение и хорошие времена; в противном случае — голод, войну и несчастье» *(Калоев Б.А. Осетины глазами русских и иностранных путешественников. Ордж., 1967, ф. 45)*.[2]

Алæмæттаг къусыл æмбæлæм Гаглойты мыггагон таурæгъы дæр: сæ фыдæлтæ — дыууæ æфсымæры — ног бынатмæ (Къусджытæм) куы ‘рцыдысты, уæд дзы ссардтой Хуыцауы кувæндон, йæ сисы

къусчы та — «къус лæууы, бæгæныйæ йе 'дзаг». Æфсымæртæй хистæр чи уыд, уый йæ банызта, æмæ къус йæ бынаты бавæрдта. Дыккаг райсом кæсынц, æмæ та къус йе 'дзагæй лæууы.

Хистæр æфсымæр та йæ бынназт акодта æмæ та къус йæ бынаты бавæрдта. Æртыккаг райсом кæсынц, æмæ та «къус йæ былтæй кæлы, сау бæгæны йæ мидæг ставд пуртитæ æппары». Бынназт та йæ бакодта хистæр æфсымæр æмæ уæд уыцы бынат равзæрстой сæхицæн цæрынæн *(ИАА, III, ф.119 — 120).*

Ацы факттæй хорз зыны, нæ фыдæлтæ бæгæныйы къусæй дæсны кæй фарстой, уый. Цавæрдæр æнгæс æмбарынады бындурыл арæзт у, Елбыздыхъойы пьесæтæй иуы мидæг къусимæ цы эпизод æмбæлы, уый дæр: дзуарылæг маймулимæ нуазæн рарвыста къусы мидæг æмæ маймулийæн афтæ зæгъынц: «Кæд бафæразай, цалынмæ йæ нозт фæуай, уалынмæ къусмæ дæ хуызмæ кæсын, кæд дæм дæ рухс цæсгом иттæг рухс фæкæса, уæд, дæуыл чи худы, уыдон аххосджын!» *(Брытъиаты Е. Уацмыстæ. Т.1, 1981, ф. 200).*

Алæмæттаг къусы миниуджытæй хайджын уыд нæртон Уацамонгæ *(Нартамонгæ)* дæр. Фæлæ Уацамонгæ материалон æгъдауæй цы уыд, уый кæронмæ бæрæг нæу. В.Миллер уырыссагау цы нæртон кадджытæ ныффыста, уым æй хоны «чаша» *(Миллер В.Ф. ОЭ, I 149).* Ирон тексттæй дæр иуы кæсæм: «Нартамонгæ къусæй йын дыууæ рахæссут» *(Нарты кадджытæ. Т. , Дзæуджыхъæу, 1989, ф. 435).* Ома уацамонгæ йæ равзæрдæй дзуарылæджы алæмæттаг къусимæ уыд баст. Фæлæ фæстæдæр ацы дыууæ реалы кæрæдзийæ фæхицæн сты, æмæ Уацамонгæ, нартæн сæхи хуызæн, егъау предмет сси. Мæнæ йын цы эпитеттæ ис кадджыты: «большой четырехушковый амонгæ» *(ССКГ, V, ф. 6),* «Амонгæ нуазæн, æвзистæй арæзт, фараст къæртайы кæм цыдис...» *(ИАС, I, ф. 336),* «дынджыр ацамонгæтæ» Нарты таурæгътæ æмæ хабæрттæ, 1973, ф. 121). «Нарты Ацамонгæ уыди куыси. Уыди йын авд хатæны. Ничи йæ фæрæзта æртыккаг хатæнæй дæлдæр нуазын» *(уый дæр уым, ф. 207),* «Нартовский Уацамонга — не ковш (...), а Дзаг *(полный)*, кадушка, кадка. Нарты (...) не по-нашему пили из чаш, ковшей и чар, а из «дзага», из «кустила» *(ПНТО, III, ф. 24).*

Кæд Уацамонгæ æгæр егъау гарзæг сси, æмæ алæмæттаг нуазæнкъусæй фæхицæн ис, уæддæр сæ функциты абон дæр бæрæг у: 1) раст ныхас фехъусгæйæ, Уацамонгæйы нуазинаг, алæмæттаг къусы нуазинагау, кæнæ йæ былтæй акæлы, кæнæ рахсиды, кæнæ та Уацамонгæ йæхæдæг дзурæджы былтæм

ссæуы; 2) Даредзанты диссаджы къусау, Уацамонгæ дæр æвзистæй арæзт уыд; 3) алæмæттаг къус йæхигъæдæй куыд байдзаг вæййы, афтæ Уацамонгæ дæр «сæрæй йесгæ æма бунæй ахедгæ, берекеттун адтæй» *(Архив СОИГСИ, п.1, д. 351, л. 223);* 4) мыггагон таурæгъты къус кæнæ пурти цы æфсымæрмæ æрхауд, кад уый мыггагæн куыд баззад, афтæ Уацамонгæ дæр кадимæ баст уыд: «ацы нуазæн, Нарти Уацамонгæ ци бунат нийахæста ма ци кадæ райста, йеци кадæ æма бунат куд нийахæсса, уоци амонд Хуцау раттæд!» *(ПНТО, 1992, ф. 124).*

Ирон æмæ скифаг алæмæттаг къусимæ абарын хъæуы шугнайаг косагардун «чаша гадания». Шугнайнæгтæ сты Памиры ирайнаг адæмтæй, ирæн сæ тугхæстæджытæ. Æмæ уæдæ ирон æмæ шугнайнаг алæмæттаг къустæн сæ равзæрд иу хъуамæ уа. Цымыдисаг у шугнайнаг къусы ахæм миниуæг: «считалось, что при упоминании имени виновника сама чаша или ее содержимое колеблются» *(Карамшоев Д. Шугнанско-русский словарь. Т. II, ф. 139).* Уый хæрз æввахс у, ирон къусæн кæнæ Уацамонгæйæн йæ нуазинаг йæхигъдауæй куыд скæлы, уымæ. Ноджы цымыдисагдæр уый у, æмæ шугнайнаг коса «чаша» йæ равзæрдæй ирон къус// къосимæ баст кæй у. Рагон ирайнæгты иу хайы дины чиныг «Авестæ»-мæ гæсгæ дæр, фыццаг функцийы символтæй иу уыд алæмæттаг къус *(Дюмезиль Ж., Скифы и Нарты, ф. 134).*

11. Ныр та æркæсæм дыккаг функцийы символмæ. Уæлдæр цы скифаг таурæгъы кой скодтон, уым дзырдæуы хæстон фæрæзтыл, фæлæ ирон адæммæ ахæм реалийæн йæ кой дæр нæй. Уæлдæр куыд федтам, афтæмæй ирæттæм ацы функцийы символ у цирхъ кæнæ сызгъæрин кард. Æмæ, æвæдза, цымыдисаг куыннæ у, скифтæн æмæ алантæн дæр сæ реалон царды уыцы функци цирхъ кæнæ кард кæй æххæст кодтой, уый.

Скифты тыххæй Геродот зæгъы, зæгъгæ, сæ пантеоны уыд иу бардуаг, грекъаг Аресы халдих, æмæ, дам, уымæн йæ кувæндон арæзтой цъыхырыйы бæстытæй. «Поверх этой кучи во всех округах водружен древний железный акинак *(ома цыбыр цирхъ — Дз. Ю.)*; он и является изображением Ареса. Этому акинаку ежегодно приносят в жертву мелкий скот и лошадей (...)» *(Геродот, IV, 62).* Æндæр антикон автор Арнобий та фыссы: «Вы смеетесь над тем, что в древние времена персы чтили реки, как показывают памятные письмена, арабы — бесформенный камень, а скифские племена — акинак (...)» *(Против язычников 7 книг, IV, 11).* Аланты тыххæй та А. Марцеллин *(XXXI, 2, 23)* фыссы: «Они по варварскому обычаю втыкают в землю

обнаженный меч и с благоговением поклоняются ему как Марсу, покровителю стран, по которым они кочуют».

Ӕнгæс æгъдау уыд сæрмæттæн сæ æвvaxсдæр сыхæгтæ æмæ ромæгты ныхмæ хæсты сæ иузæрдион æмцæдисонтæм — квадтæм: «Они (...), достав мечи, которые они чтут как богов, клялись на них сохранять верность» *(Марцеллин, XVII, 12, 21).*

Ома ам ирон фольклорон æрмæг хæстæгдæр у скифаг фольклормæ нæ, фæлæ скифаг æмæ алайнаг этнографимæ. Уымæй дарддæр ма, Ж. Дюмезиль куыд сбæрæг кодта, афтæмæй нæртон Батрадз у скифаг Аресы халдих, æмæ раджы кæддæр уыд цирхъы дуаг. Куыд зонæм, афтæмæй Батрадз нартæн сындзын арт саразын кодта æмæ йæ сæрыл кафын райдыдта, æмæ уый та комкоммæ баст у скифаг Аресы цъыхырыйы кувæндонимæ *(Дюмезиль Ж. Осетинский эпос и мифология, ф. 58 — 67).*

Ацы аргументтæм Абайты Васо бафтыдта ахæм факт. Батрадз йæ фыды туг цы кадæджы исы, уый варианттæй иуы дзырдæуы: Батрадзы фæндонмæ гæсгæ, нартæ зынаргъ хъуымацы сыгъдонæй бамбæрзтой, зæххы сагъд чи уыд, Хæмыцы уыцы кард. Ацы кадæджы «речь идет о жертвоприношении мечу, причем вместо людей символически сжигаются их одежды» *(Абаев, ИТ,I, ф. 430).*

Ацы скифаг-алайнаг-ирон параллель дызæрдыгдзинад никæмæ æвзæрын кæны. Фæлæ, америкаг фольклористтæ С. Литтлтон æмæ Л. Мэлкоры хъуыдымæ гæсгæ, цирхъы культ ирæттæм æрмæстдæр сæ фольклоры æмбæлы, сæ реалон царды та, дам, ахæмæй ницы ис *(Литтлтон С., Мэлкор Л. Скифты зæххæй Камелотмæ. Нью-Йорк, Лондон, 1994, ф. 192).* Уый раст нæу. Цæвиттон, Абайты Васойы хъуыдымæ гæсгæ, Уастырджи йæ равзæрдæй баст у скифаг Аресимæ. Васойы хъуыды бафидар кæныны охыл Дзаттиаты Р. æрхаста ахæм аргумент дæр: «Военный характер святилищ Уастырджи подчеркивается еще и тем, что в святилищах имелись приношения в виде наконечников стрел..., холодное оружие — шашка Джатиевых в Сба и обломок военной сабли в с.Ходз» *(Известия ЮОНИИ, XXXI, ф. 47).* Цоциты А. æрхаста этнографион æрмæг ирæттæм цирхъ æмæ карды культы тыххæй *(Чочиев А.Р. Очерки истории социальной культуры осетин, ф. 201 — 213).*

Ацы зонæнтæм бафтауын хъæуы ахæм фактæ. Нарты Батрадз, цирхъы бардуаг уæвгæйæ, канд фольклорон персонаж нæ уыд, фæлæ ма культы объект дæр. В. Б. Пфаф фыссы: «Батрасу приносят жертвы», «Батрас у осетин — бог» *(Сборник сведений о Кавказе, I, 1871, фф. 147, 167).*

Æнгæс культ æрæджыйы онг дæр уыди хохы цæрæг гуырдзиаг знæм пшауæгтæм. Пшавела Важамæ ис иу таурæгъ — «Батыры кард», зæгъгæ. Йæ мидис цыбыртæй ахæм у. Пшауаг Батыр фæмардис знагимæ тохы. Мардæн йæ кард йæ риуыл нывæрдтой, фæлæ адæм бафиппайдтой, кард йæ хицауы риуыл иу ран нæ лæууыд — кæрддзæмæй йæхи æддæмæ æппæрста. Адæмы 'хсæн ахæлиу диссаджы карды кой. Устытæ та сæ хъарджыты афтæ дæр дзырдтой, зæгъгæ, карды уд бацæуы æмæ ныхъхъæрзы. Адæм дзырдтой, зæгъгæ, кардмæ Хуыцауæй лæвæрд ис æвæджиауы тых æмæ, дзуары раз цы ныхас рардæуа, уымæн куыннæ ис фæсайæн, афтæ — карды раз цы ныхас рардæуа, уымæн дæр. Уæд сфæнд кодтой, æмæ Батыры æнæ кардæй баныгæдтой. Кард баззад йæ хæдзары, Батыры хуыссæнуатыл, æмæ йыл æртæ азы дæргъы æрвылсабат кæнæ хуыцаубон устытæ хъарæг кодтой. Стæй йæ астæуккаг цæджындзыл сауыгътой æмæ йæм хæдзары бинонтæ, зæдмæ кувæгау, куывтой. Кард-иу æхсæвыгæтты йæхи кæрддзæмæй фехста, æмæ-иу, æрттывдтытæ калгæ, риуыгъдтытæ кæнын systa, раст цыма йæ хицауы къухы уыд, уыйау. Стæй та-иу кæрддзæмы йæхи бафснайдта. Хæдзары бинонтæ йæ куы бафиппайдтой, уæд æй агъуды нывæрдтой, фæлæ кард уым дæр æнцад нæ лæууыд. Уæд дæсныйы бафарстой, æмæ сын уый афтæ райхæлдта карды диссæгтæ: Лашары дзуар, дам, æй йæхицæн домы. Схастой кард дзуармæ æмæ йæ уым нывæрдтой. Уæд кард æрсабыр, æмæ-иу æй хæсты заман радтой, дзуар йæхæдæг кæмæ бацамыдтаид, уыцы хæстонæн. Адæмы 'хсæн та фæзынд ног ныхас: Батыр, дам, æхсæвыгæтты расты йæ ингæнæй, дзуармæ ссæуы, райсы йæ кард æмæ йæ номæй ард бахæры. Йæ алыфарс та вæййынц йæ хæстон æмгæрттæ æмæ семæ стæры цæуыны тæрхæттæ фæкæны. Сæ алыфарс цы бæлæстæ ис, уыдон цъуппытæ та, дам, æрвон цырæгътау, рухс фæкæнынц.

Мæ хъуыдымæ гæсгæ, ацы таурæгъæн йæ бындур цæуы ирон фольклорæй. Батрадз æмæ йæ карды æхсæн цы иудзинад ис, раст ахæм иудзинад ис Батыр æмæ йæ карды æхсæн дæр. Ном «Батыр» йæхæдæг та у ном «Батрадзы» фæхуымæтæгдæргонд хуыз.

## ФИППАИНÆГТÆ

1. Æнгæс сюжет æмбæлы ирон аргъауы дæр *(ИАА, II, ф. 89 — 90).*

2. Ацы бæрæгбоны кой 1843 азы скодта А. М. Шегрен дæр, æмæ уый кæны бæгæныйы къусы кой *(Шегрен А.М. Осетинские исследования. Владикавказ, 1998, ф. 46 — 47).*

# НÆ 'ВЗАГ—НÆ ФАРН

УАНЕТЫ Владимир

## ИУ РОХ КОНКУРСЫ ТЫХХÆЙ

Газет «Северная Осетия»-йы бакастæн Гокъоты чызджы уац «Быть или не быть? Кто виноват? Что делать?» æмæ мæ уый фæдыл фæнды цалдæр ныхасы зæгъын. Уацы иу ран фыстæуы: «Ни одно из конкурсных произведений не дотянуло до уровня хорошей, качественной драматургии». Цæвиттон, цалдæр азы размæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланы культурæйы министрад æмæ Æрыдоны бынæттон администраци расидтысты конкурс ирон драмон уацмыс ныффыссыны тыххæй. Уыди дзы æртæ премийы: 50 мин сомы, 30 мин сомы æмæ 20 мин сомы. Конкурсæн йе 'рхъуыды уыди тынг хорз, фæлæ, хъыгагæн, йæ фæстиуджытæ хорз нæ рауадысты. Конкурсмæ æрбарвыстой 44 драмон уацмысы. Кæй зæгъын æй хъæуы, Ирыстоны уыйбæрц драматургтæ никуы уыди. Чи зоны, авторт æ бавдыстой цалдæргай пьесæтæ. Фæлæ уый сæйраг хабар нæу. Къамисы рецензенттæ пьесæтæ куы бакастысты, уæд сæ цыбыр хатдзæгтæ рауадысты æнахуыр диссаг: 44 драмон уацмысæй, жюрийы хъуыдымæ гæсгæ, иунæг дæр нæ фæбæззыд.

Уый стыр дызæрдыггаг у. Гæнæн ис, æмæ æцæгæй дæр уыцы пьесæтæй пре-

мийы æмвæзадмæ ничи схызти, фæлæ уыйбæрц уацмыстæй сценæйы æвæрынæн мачи сбæззыдаид, уый мæ нæ уырны. Ам зæрдæ цæмæдæр æхсайы — афтæ мæм кæсы, цыма æхцайы фæрæзтæ нал бафтыди министрады къухы, йе та сæ сæ цæст нал бауарзта раттын. Жюрийы хатдзæджы ма ис иу хабар: пьесæтæ, дам, сæ тематикæмæ гæсгæ сты ихсыд. Нæу ацы хъуыды дæр раст. Литературæйы «ихсыд» темæ никуы вæййы, фæлæ вæййы хорз кæнæ æвзæр уацмыс. «Ихсыд» темæтыл дзырд куы цæуид, уæд Шекспиры фæстæ иунæг драматург дæр йæ къухмæ фыссæн сис хъуамæ мауал райсид, уымæн, æмæ генион драматург адæймаджы цардæй алцы дæр ирдæй равдыста. Иу дзырдæй, афтæ мæм кæсы, æмæ жюри уæлæнгæйтты æркæстытæ кодта уацмыстæм.

Ам мæ зæрдыл æрлæууыди ирон ахуыргонд Бекъойты Георгийы уац «О конкурсе на драматические произведения Севособлоно». 1925 азы Цæгат Ирыстоны ахуырады хайад расидти конкурс ирон пьесæтæ ныффыссыны тыххæй. Жюрийы уæнгтæ уыдысты номдзыд ирон ахуыргæндтæ æмæ æхсæнадон кусджытæ: Къосирати Сæрмæт, Дзылыхты Георги, Бекъойты Дзибкæ (Георги), Дзагуырты Гуыбады æмæ æндæртæ. Уыцы конкурсмæ дæр радтой дыууиссæдзæй фылдæр уацмысы. Жюрийы уæнгтæ лæмбынæгæй равзæрстой æрмæг. Уый фæстæ иумæйаг хатдзæгтæ скодта Бекъойты Георги æмæ сæ мыхуыры рауагъта зонадон институты чиныджы 1926 азы. Бекъойы-фырт лæмбынæг æвзары пьесæтæ, дзуры сын сæ миниуджытыл, æртæ хайыл сæ фæдих кодта æмæ дзы рæгъмæ рахаста цыппар уацмысы: Цомахъы драмæ «Амондмæ цæуджытæ», Хъуысаты Хъасболаты «Зауырбег», Къубалты Алыксандры «Алгъуызы мæлæт» æмæ Хъоцыты Бидзинайы «Æгъдауы сæрыл хæст». Георги фыста: «Как видно из подробных письменных отзывов рецензентов, к рассматриваемым пьесам они подошли не с точки зрения их абсолютно художественной ценности. Они вполне основательно полагали, что строгий выбор, по условиям нашей жизни, будет слишком большой роскошью.». Ацы фыстмæ гæсгæ жюрийы уæнгтæ хъуыддагмæ бацыдысты объективонæй, уацмыстæн аргъ скодтой кæрæдзиуыл абаргæйæ æмæ сын сæ хуыздæрты фæбæрæг кодтой. Уый уыди тынг раст, уымæн æмæ æмхуызон æвзæр ницы вæййы, кæцыдæр дзы хъуамæ уæлдæр лæууа, иннæтимæ абаргæйæ. Стыр уисой дæ къухмæ райс æмæ дыууиссæдз драмон уацмысы бырондонмæ басæрф, уый мæм кæсы бынтон æнæцæстуарзон ми.

Фæнды мæ цалдæр ныхасы зæгъын национ драматургийы

абоны уавæры тыххæй дæр. Дæс азы дæргъы ирон драматурги æрцыди раууаты уавæрмæ. Уымæн ис куыд объективон, афтæ субъективон аххосæгтæ дæр. Советон Цæдис куы фехæлд, уæд литературæ æмæ аивады фарстатæ иумæйагæй бынтондæр сæмхæццæ сты. Уæрæсейы паддзахад бахауд абырджытæ æмæ цæстфæлдахджыты къухы. Адæймаджы æнкъарæнтыл цъыфкъахæй балæгæрстой. Сылгоймаг сси хъазæнхъул, бинонты цард фехæлди, хъахбайдзинад æмæ гомосексуализм систы царды фæтк, æмæ уыцы æлгъаг, антиадæмон темæтæ хаст цæуынц абоны аив литературæмæ, иуæй-иу фысджытæ, æрмæстдæр æхцайыл хъуыдыгæнгæйæ, бынысæфтмæ æртардтой адæймаджы æнæниз хъуыдытæ. Æцæг литературæ бандзыг, уырысы раздæры драматургтæ ницыуал фыссынц, театрты æвæрынц фæсарæйнаг æвзæгтæй тæлмац сексуалон уацмыстæ, æмæ уыдонмæ хæлæфæй бырсынц фæсивæд. Ахæм уавæрты æцæг фыссæгæн йæ бон ницыуал у æмæ уæнгтæхъилæй æнхъæлмæ кæсы хуыздæр уавæртæм. Уыцы галиу хъуыддагмæ сæ хай хæссынц ирон драматургтæй дæр чидæртæ æмæ сæ уацмысты æрмæстдæр архайынц сексуалон æмæ алыхуызон чъизи митæ æвдисыныл. Фадат сын куы фæуаид, уæд, æвæццæгæн, сценæмæ сылгоймæгты кæниккой мадард бæгънæгæй. Иннæ аххосаг та у фыссæджы материалон уавæр, уый дæр уыцы чъизи дугæй цæуы. Драмон уацмысæн бынтон гыццыл фидынц, уæлдайдæр та Хуссар Ирыстоны. Нæй фæрæзтæ, æмæ драматург йæ фæллойæн рæстмæ аргъ куы нæ иса, уæд ахæм уæззау куыстмæ зæрдæ нæ райы. Раст у, алцы æхцайæ баргæ нæ вæййы, фæлæ цард æнæ фæрæзтæй цард нæу.

Ирон драматургийы сомбоны тыххæй мæнæ цы фыссы Гокъоты Ксеня: «Наш журнал «Дарьял», в котором Р.Тотров вместе с Г.Тедеевым культивирует молодые дарования, в данном случае возлагаются большие надежды». Диссаджы ныхæстæ... Цымæ кæй драматургийы кой кæны ацы ныхæсты автор? Кæд уырыссаг драматурги у йæ катай, уæд ын бамбарæн ис, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, йæ ныхæстæ ирон драматургимæ мур дæр ницы бар дарынц, уымæн æмæ «Дарьял» у уырыссаг журнал, йæ алыварс цы фæсивæд æмбырд кæны, уыдон фыссынц уырыссагау, æмæ уыдон та ирон литературæ ницы хуызы саразздзысты. Ирон драматурги арæзт цæуы æрмæстдæр ирон æвзагæй, æндæр æвзаджы дзырдтæй нæй национ культурæйæн аразæн. Ардыгæй цæуы нæ мадæлон æвзагыл катай дæр. Ис ахæм ирон æмбисонд: сурæг дæр, дам, Хуыцаумæ куывта æмæ лидзæг дæр. Абон ирон æвзаджы хъысмæтыл катайгæнджытæ уыйбæрц фыссынц,

æмæ сын сæ ныхæстæй адæймаг фæлмæцын дæр райдыдта. Иронау иу дзырд дæр чи никуы ныффыста æмæ фыссынмæ дæр чи нæ хъавы, уыдон дæр сæхи мæттæнæг фæкæнынц ирон æвзаджы сæфтыл сæ уырыссаг уацты, сæ уырыссаг фыстыты. Ирон интеллигенцийæн йæ бæрæг фылдæр хай марджы цæстæй кæсы йæ мадæлон æвзагмæ, нæ йыл фыссы, нæ йæ кæсы, нæ йæ хъæуы æмæ йæ мур дæр ницæмæ дары, йæ цот иронау ма дзурæнт, уый йеддæмæ дзурæнт китайагау дæр, æгæрыстæмæй сæ хæдзæртты фырбуцæн цы куыйтæ æмæ гæдытæ дарынц, уыдонмæ дæр уырыссагау дзурынц. Афтæмæй нæ мадæлон æвзаг хуыдуг кæны нæхи аххосæй. Бирæтæм афтæ кæсы, цыма фыссæн ис æмæ фыссын хъæуы æрмæст æндæр æвзагыл, иронау фыст ницы ахады, иронау зонад æмæ литературæ нæ сараздзынæ. Уыцы марг уыдон дæттынц сæ цотмæ, цот та йæхи цотмæ. Æмæ ма ахæм уавæр бирæ куы ахæсса, уæд не 'взагæн йæ цард фæуыдзæн 30 — 40 азы фæстæ. Цæй кой ма кæнæм, ирон æвзаджы рæзты паддзахадон программæ дæр уырыссагау куы сарæзтам, уæд?

Цард афтæ у, æмæ стыр бынат чи нæ ахсы, уымæн йæ ныхæстæм ничи фæхъусы, фæлæ мæ уæддæр фæнды мæ хъуыдытæ зæгъын мадæлон æвзаджы цæджындзтæ сфидар кæныны тыххæй: 1. Йæ мадæлон æвзагыл чи фыссы, уымæ хъуамæ уа фылдæр æргом здæхт, уæлдайдæр та зонадон куыстытæм æмæ фыццаджы-фыццаг уыдон хъæуы джиппы уадзын. 2. Скъолаты ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæн сæ мызд хъуамæ уа бæрæг фылдæр. 3. Йæ мадæлон æвзагмæ зæрдиагæй хъус чи дары, уыцы фæсивæдæн хъуамæ фадат уа уæлдæр ахуыргæнæндонмæ æнæкъуылымпыйæ бацæуынæн. 4. Газет «Рæстдзинад»-æн йæ гонорар хъуамæ уа бирæ фылдæр. Республикæйы цы алыхуызон газеттæ цæуы æндæр æвзæгтыл, уыдон нымæц цæхгæр фæкъаддæр кæнын хъæуы: нæ иунæг ирон газет «Рæстдзинад»-ы хурхыл нын бæндæн бабастой æмæ йæ бонæй-бонмæ тынгдæр æлхъивынц. 5. Республикæйы документаци хъуамæ арæзт цæуа, куыд уырыссаг, афтæ мадæлон æвзагыл дæр. 6. Радиобакастытæ æмæ телеуынæны равдыстытæн сæ 80 проценты хъуамæ уой мадæлон æвзагыл. 7. Горæтты æмæ хъæуты уынгты нæмттæ хъуамæ раздæр фыст цæуой иронау.

Чи зоны, исчитæ зæгъой, ай Дон Кихот цыдæр у, зæгъгæ. Фæуæд афтæ, фæлæ ахæм бæлвырд мадзæлттæ куынæ саразæм, уæд уæлдæфмæ дзурын мур дæр ницы дæтты.

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ

## КЪОСТА — НЫВГÆНÆГ



*Хуыцау , табу дын...*



Скъолайы лæппу.



Хъуыбады.



*Тебердайы ком.*



*Зикъарайы æфцæг.*



*Поповайы сурæт.*



*Жукаты Косерханы сурæт.*



*Креп-Носковайы сурæт.*



Ирон хохаг хаедзары




*Скъола.*



*Зæронд лæг.*



*Гуытъиаты Мысырбийы сурæт.*

# АРВИСТОН

## ХÆС – ДЫУУÆ ТУМАНЫ

Ходы Камал дуканийы цыдæртæ балхæдта дыууадæс туманы аргъ. Сæхимæ куы ‘рбацæйздæхт, уæд фæндагыл æмхæст дæс туманы ссардта. Гæххæтты рыгтæ ацагъта, йæ чыссæйы йæ нывæрдта æмæ хъæрæй афтæ:

— Бузныг, Хуыцау, фæлæ ма мæ, ацы дæс туманы кæмæй ахаудысты, уыцы лæг дыууæ туманы дардзæн! Мæ дуканийы фæлхас...

## ЧИ АХАУЫН КОДТА ВАН ГОГЫ ХЪУС? ГОГЕН?

Йе 'мдугонты мысинæгтæм гæсгæ Гоген гæды ныхæстæ кæнаг уыд. Ныр та ма дзы афтæ дæр айхъуыст, Ван Гогы, дам, уый фенæхъус кодта, зæгъгæ. Цæвиттон, немыцаг аивадиртасæг Ритæ Вильдеганс куыд зæгъы, афтæмæй Гоген уыд иттæг арæхстджын фехтованийæ, ноджы хылкъахаг. Гъемæ, дам, Ван Гогимæ ноздзæфæй цæуылдæр фæбыцæу сты æмæ йын йæ хъус ацъыкк ласта.



Ныронг та афтæ дзырдæуыд, зæгъгæ, Ван Гог цæуылдæр смæсты йæхимæ æмæ уæд сæрдасæнæй йæ хъус ахауын кодта. Уый дæр, дам, Гоген айхъуысын кодта ахæм хабар...

# КÆД ДÆ ФÆНДЫ, УÆД МАДАРД БÆГЪНÆГÆЙ ДÆР ЦУ!

Хуссар Африкæйы ис иу бæстæ — Свазиленд. Йæ сæргъы лæууы къарол Мысвати Æртыккæгæм. Фесгуыхт уымæй, æмæ адæмæн политикон хуызы хъаст кæнын нал уагъта, уый, дам, уголовон фыдракæнддзинадыл нымад уыдзæн, зæгъгæ — раст Советон Цæдисы куыддæриддæр уыд, афтæ. Ахæм закъон та сфидар кодта иу цымыдисаг хъуыддаджы фæстæ: цыбыр ныхасæй, свазилендаг сылгоймæгты зæрдæмæ нæ цыд, къаролы æфсымæр йæхи куыд дардта, уый æмæ дын иуахæмы, уыцы æфсымæр уынджы куы фæцæйцыд, уæд æм сылгоймæгтæ сæ дымджытæ схъил кодтой.

Ахæм мийы та ногæй ницы уыд — ам рагæй дæр, разы цæимæ не сты, уый ныхмæ сæ бæгънæг æрбадæнтæй «хъæлæс» кæнынц. Æмæ уæд къарол дæр уыцы закъон царды рауагъта, фæлæ йын бирæ цæрæнбон нæ уыд: æхсæнад бæстæ сæ сæрыл систой, æмæ къарол йæ фæнд аивта. Ныр та Свазиленды фæстæмæ бар ис, куы дæ бафæнда, уæд уынгты мадард бæгънæгæй дæр цæуынæн. Фæлæ дзы ничи пайда кæны йæ бартæй, æрмæст ныхмæ «хъæлæс» фыццагау кæнынц.

Йæхх, мах политикты уыцы сылгоймæгты амæддаг ма фæкæн!

# НОЗТ БÆРЦÆЙ – ХОСГÆНÆГ!

Ныр сусæг никæмæнуал у: хъæбæр нозт бæрц зонгæйæ куы нуазай, уæд уый пайда хæссы. Медицинæйы ахуыргонд кусджытæ куыд сбæрæг кодтой, афтæмæй бон 30 граммы спъирттæргом нозт куы нуазай, уæд дæ зæрдæйы рыст къаддæр хæттыты бавзардзынæ.

Нæ буары ис ахæм фермент, æмæ туг куы бацахсы, уæд æй уый стæнæг кæны. Æмæ уыцы фермент кæд æмæ фылдæр разынд ахæм адæмы туджы, æрвылбон дæр чысылгай чи нуазы!

Зæгъæм, Англисы ис сæрмагонд закъон. Уый комкоммæ амоны, бон цас æмбæлы баназын, уый. Фæлæ, дам, амынд бæрцæй цас фылдæр нуазай, уыйас та мæлæтмæ хæстæгдæр кæндзынæ.

Япойнаг медиктæ дæр сæ хъус æрдардтой ацы хабармæ æмæ сбæлвырд кодтой иу хъуыддаг: стенокарди æмæ инфаркт миокардæйæ чи æрсад, уыдонæй æнтыстджындæрæй дзæбæх кæнын куымдтой, бонæй-бонмæ карз нозт чысылгай, цъусгай чи нуæзта, уыдон.

Иу дзырдæй, æппæт хъуыддæгты сæр дæр бæрц у.

## ФЫРТ-ФЫДЫ ТУГИСÆГ

Цæцæйнаг æвзонг лæппу Магомед Ташухаджиевæн æрæджы Уæрæсейы президент йæ амæлæты фæстæ радта Хъæбатыры ном. Хъуыддаг рауад афтæ. Магомеды фыд Сайди куыста милицæйы, уыд афицер. Боевиктæ йæм сæ дæндаг рагæй цыргъ кодтой.

Ацы аз 22 июлы куыстæй сæхимæ æрбацыд, бинонтæ æхсæвæр бахордтой æмæ схуыссыдысты. Æмбисæхсæв сын сæ хæдзармæ бандиттæ бабырстой. Сайди æмæ ма иу афицеры — Расул Абусеевы — амардтой æмæ, цыма ницы уыд, уыйау æнцад æнцойæ фæцæуынц. Уалынджы сæ размæ æд автомат фегуырд Магомед æмæ сыл æй ауагъта. Цалдæры дзы амардта, фæлæ йæхæдæг дæр уæззау цæф фæцис. Мæздæгмæ ма йæ бæргæ æрбахæццæ кодтой, фæлæ...

Магомед йæ фыды тугмæ мæрдтæм кæй барвыста, уыдоны ‘хсæн разынд хъуыстгонд быдирон командир Магомед Цагароев. Федералтæ йæ фæдыл кæдæй нырмæ зылдысты, фæлæ сæ къухы не ‘фтыд.

Магомед Ташухаджиевы ном хæсдзæн, Грознайы цы скъолайы ахуыр кодта, уый æмæ ма уынг дæр.

## ФЫЙЙАУ ФЫСЫ АМÆДДАГ

Румынаг фыййау, дыууæ æмæ æртиссæдзаздзыд Константин Порсенау сси фысы амæддаг. Фæстаг рæстæджы-иу йæ зæрдæ арæх рыст, стрессы уавæры бахауд...

Æнцад бады уæлвæзы, хизы йæ фысты дзуг. Æнæнхъæлæджы йæм иу фыс фæстæты æрбацыд æмæ йын комкоммæ йæ хъусы уыциу уаст ныккодта. Лæгæн йæ зæрдæ аскъуыд уый адыл!

Ныр ног æмбисонд ауадзæм царды, фыдбылыз — хъуынджын фыс, зæгъгæ?

## УЫЙ ДЗЫ УАРЗТ У, УЫЙ!

Индийаг лæг Санатан Мохандийæн йæ ус амард. Индийы мæрдты судзгæ кæнынц, гъемæ арт дзæбæх куы схæцыд йæ усы бын, уæд æм Санатан дæр йæхи баппæрста. Бæргæ ма йæ раскъæфтой, фæлæ нал аирвæзт.

Индуизмы динмæ гæсгæ ис ахæм æгъдау, æмæ лæг куы амæлы, уæд йæ идæдз ус йæхи басудзы зонгæ-зонын — уыцы æгъдау хуыйны Сати. Фæлæ барвæндæй лæг йæхи йæ бинойнагимæ басудза, ахæм хабар дзы ныронг никуыма æрцыд.

## ТЫРСЫЙАГ ЛÆГ ÆНÆУИ ДÆР ТЫРЫСАДЖЫН У!

Сабырдзинады проспекты ныхасгæнгæ лæууыдысты поэттæ Кокайты Тотрадз æмæ Хæмыцаты Юри. «Мах дуджы» редакцийы кусæг сыл бамбæлд, æмæ йæ Тотрадз, йæ ныхасæмбалмæ амонгæйæ, афарста:

— Амæн размæ фæндаг цæуыннæ дæттут?

— Чи йын нæ дæтты?! Ацæуæд размæ, фæлæ кæм ис йæ тырыса?

— Тырсыйаджы та ма цæй тырыса хъæуы, уый æнæуи дæр тырысаджын куы у, уæд! — фæкодта йе 'мкоймаджы тыххæй Тотрадз.

## БУР-БУРИД УАРЫН

Æрдзы диссæгтæн кæрон нæй æмæ нæ уыдзæн. Горæт Ульяновскы ис Засвияжскы район. Ницæмæй диссаг бынат у ахæмæй, фæлæ дзы æрæджы рауарыд бур-бурид дон.

Адæм старстысты, сæ дарæсыл бур хъулæттæ куы фæзынд, уæд — кæд, дам, туаггуыры уарын у æмæ нæ буарæн исты куы кæна, зæгъгæ. Химикон лаборатори сæ æрсабыр кодта, æдыхст, дам, ут, уый ницы тæссаг у нæдæр адæмæн, нæдæр цæрæгойтæн. Уарын та сбур дидинджыты рыгæй — афæдз иу хатт афтæ дæр рауайы.

Фæлæ адæм дæр бынтон дзæгъæлы не сфæдисон сты: цалдæр азы размæ завод «Авиастар»-æй уæлдæфмæ сирвæзтысты химион буаргъæдтæ — уый адыл сылгоймæгтæн сæ колготкæтæ лæбырдысты сæ зæнгтыл. Уыдонмæ бакæсын иуæй худæг уыд, иннæмæй кæуинаг хабар: афтæ аслам не сты уыцы уæлæдарæс, æмæ сæ мацæмæ æрдарай...

# МАСАЙТÆ

Африкæ дæр кæддæры Африкæ нал у. Европæйаг цивилизаци ам дæр йæхионтæ кæны. Суанг ма хъæздгуыты цард нæ, фæлæ мæгуырты цард дæр аивта. Фæлæ дзы иу знæм баззад, æмæ уыдон, сæ фыдæлтæ куыддæриддæр цардысты, афтæ цæрынц ныр дæр — фыццагон хæринæгтæ хæрынц, фыццагон дзаума дарынц.

Сæ рæстæгмæйы хъæутæ хонынц боматæ, саразынц сæ сындз къутæрты астæу, кæнæ та сæ хъилтæй конд бырутæй сæхгæнынц. Фос дарынц сæ халагъудты 'хсæн. Халагъудтæ аразæг та сæм сты сылгоймæгтæ — зæххы арф тасаг михтæ ныссадзынц, сæ сæртæ сын кæрæдзимæ сбæттынц, уистæй сæ каубыд скæнынц, стæй сæ цъыфæй байсæрдынц.

Сæ хъæуы астæу фаджысæй куы байдзаг вæййы, уæд та æндæр ранмæ алидзынц. Исчи сæ куы амæлы, уæддæр сыстынц, сæ цæрæн бынат аивынц. Сæ мæрдты дæр фыдæлты æгъдаумæ гæсгæ 'фснайынц: ахæссынц æй тыгъд быдырмæ æмæ йæ уым ныууадзынц хъæддаг сырдты æвджид...

Масайаджы тынг æнцонæй ис базонæн — сты бæрзонд, æлвæст, къæсхуыр, цæуынц стыр санчъехтæгæнгæ. Сæ сæйрагдæр куыст у фос дарын — ныллæг гуыбыр хъуццытæ æмæ сæгътæ. Лæгты уæлæдарæс у айдагъ хъуымацы кæрдæн.

Æрыгон масайæгтæ сты æфсæддонтæ — хонынц сæ морантæ. Уыдонæн сæ цæрæнуат у хибарæй, æппындæр ницы кусынц уым, æрмæст хæстон хъæзтытæй хъазынц, кафынц, хæзгултæ дарынц — «дæу у, мæн у»-тæ сæм нæй, афтæмæй; арæх цуан кæнынц домбæйттыл, фыййæутты цыфыддæр знæгтыл.

Домбайимæ тох кæнын у алы мораны стырдæр бæллиц. Топп æмæ æрдынæй се сæфт уынынц, сæ сæрмæ сæ нæ хæссынц, хотыхæн сæм ис æрмæстдæр æрцытæ. Домбай ма кæд нæу хъæбатыр, уæд чи, фæлæ дардмæ дæр бæрзонд масайаджы куы бафиппайынц, уæд дзы сæхи иуварс айсынц æвæстиатæй. Фæлæ морантæ та семæ схæцынæй цъæх арт уадзынц æмæ къордæй домбайыл æрхъула кæнынц — уыцы хæстмæ бакæсын та диссаг куыд нæу! Домбай ныббогъ ласы, кæд мæ фæтæрсиккой, зæгъгæ, фæлæ йæм морантæ хæстæгæй-хæстæгдæр куы фæцæуынц алырдыгæйты, се 'рцытæ йæм ныддаргæйæ, уæд æй, цы амалæй ма раирвæза æрхъулайæ, ууыл йæ сæр хойын бахъæуы.



*Масайаг бинонтæ.*

Искæуыл сæ йæхи уыциу уагъдæй бауадзы æмæ йæ кæнæ маргæ акæны, кæнæ йæ мæлæтдзаг цæф фæкæны, фæлæ йæхæдæг дæр хуыздæр ран нæ бахауы — æнæмæнг æй амарынц, ныххуынчъытæ йæ кæнынц се 'рцытæй. Йæ æвирхъау дзæмбыйы фæдтæ кæуыл ныууадзы масайæгтæй, уый та цæргæ-цæрæнбонты йæхицæй хъал вæййы. Æппæтæй стырдæр сгуыхтыл та сæм ымады у, домбайы йæ къæдзилы рæбынæй куы ацахсай, уæд уый — домбай уыцы сахат фæкуыддæр вæййы, æмæ йæ уæд морантæ æнцондæрæй амарынц, ома сæхиуыл къаддæр фыдбылызтæ æрцæуы. Æртæ хатты чи сарæхсы домбайы къæдзилмæ фæлæбурын, уый кад æмæ намыс та æнустæм æмбисондæн баззайынц.

Ныры рæстæджы сæ нал уадзынц домбæйттыл цуан кæнын, фæлæ уæддæр сусæгæй сæ куыст кæнынц, науæд рæсугъд чызджы зæрдæ цæмæй æрфæлмæн кæндзынæ?.. О, искæмæй дыуæ хъуджы, науæд та æнæхъæн рæгъау дæр куы адавай, уæд сæм уый дæр сæрæндзинадыл нымад у.

Ахуыргæндтæ куыд сбæлвырд кодтой, афтæмæй, дам, масайæгтæ сæ равзæрдмæ гæсгæ сты араббæгтæ — сындæггайсындæггай Нилы гуырæнтæм лыгъдысты æмæ схæццæ сты бынæттон цæрджытимæ. Рагæй-æрæгмæ дæр ацы адæм се 'нæбасæттонæй хъуыстгонд сты: кæддæрты африкæйæгты цагъайрæгтæн куы уæй кодтой, уæд иу лæгдзуангæнæг дæр йæ ныфс нæ бахаста масайæгты бæстæм бацæуын. Гъемæ иунæг масай дæр цагъайраг не сси!

Уæдæ абон дæр тынг сæрыстыр сты, æфхæрд нæ барынц. Масайаг лæг æнæ арц санчъех дæр нæ акæндзæн. Арцимæ фæндаджы былыл баддзæн, уæдæ мæ кæд исчи йæ машинæйы авæрид, зæгъгæ; фос дæр æд арц хизы; уæдæ æндæр хъæумæ дæр уазæгуаты æнæ арц никæд ацæудзæн. Йæ арц кæй къæсæргæрон æрсадза масайаг лæг, уыцы хæдзары хицау æй хъуамæ тынг сбуц кæна, йæ хæдзар уый æвджид бакæна, суанг ма йæ усы дæр.

## ИУ ДÆР ЦУАНОН ÆМÆ ИННÆ ДÆР

Ныхас æрдз уарзыны, сырдтæм цы цæстæй кæсын æмбæлы, уыдæтты тыххæй рауади. Дзурджыты æхсæн уыд хъæдгæс, Тæмисчъы цæрæг цуанон лæг Ботъоты Æхсар.

Иудадзыг дæр уыцы уæзбын æмæ уæзданæй фæдзуры, æхсызгон æм вæййы байхъусын. Ныр куыддæр йæ хъæлæс фæкарз, фæмастдзæф:

— Иу дæр дзы цуанон æмæ иннæ дæр — бирæтæ суанг уалдзыгон дæр цуан кæнынц, сырдтæ сæ тæккæ цолайæ куы вæййынц, уæддæр! Ахæм цъаммартæ дзы ис, ахæм, æмæ йæ размæ сæгуытдзармы йæ ныййарæг мад куы рагæпп ласа хъæдбынæй, уæддæр æй фехсыны мондагæн амардзæн. Амардзæн æй зонгæ-зоныны дæр — йæ мад кæй ис сæгуытдзармы, уый бæлвырдæй зонгæйæ дæр.

## ПОЭТЫ ЗÆРДÆ – ДОМБАЙЫ ЗÆРДÆ

Поэт Михаил Светлов йæ ныфсджынæй хъазаг рахаста: адзалы рынчын кæй фæцис, уый куы базыдта, уæддæр ма худыныл уыд. Рак дæм и, зæгъгæ, йын йæхи домæнмæ гæсгæ æргом загътой йæ низы хъæд. Æмæ уæд уый дæр Константин Симоновмæ телефонæй бадзырдта:

— Принеси пиво, рак уже есть!

Рынчындоны йæ рудзынджы тæккæ акомкоммæ та уыд морг. Æмæ-иу райсомты уыцырдæм адзырдта:

— Гуттен морген!

## ÆФСÆНБЕТОН ЛЕНИН

Тæмисчъы санаторийæ къахвæндагыл ныгуылæнырдæм куы араст уай, уæд дæлбыл фендзынæ стыр бæстыхайы хæлддзæгтæ — раздæр ваннæтæ ацы ран уыдысты. Ныр ма дзы афтид къултæ баззади. Мидæгæй быронæй — йе 'мыдзаг: згæ хæтæлты сæстытæ, зесты гæбæзтæ, целлофан дзæкъулы, гæххæтты скъуыддзæгтæ, авджы, шиферы, æмбыд хъайванты, рудзгуыты пырхæнтæ, агуыридуры къæрттытæ... Бæстыхайæн нал дуар, нал рудзынг, къултыл — хæмпæлгæрдæг, алыхуызон лæппын бæлæстæ. Санаторийырдыгæй сапонхъæстæ æхсæнтæдон згъоры, скултæ æдде-мидæгæй. Хъылмайы тæф фындзыхуынчъытæ ныццæвы. Цæвиттон, бæстыхайæ рауади хæфсбадæн, кæлмыты, гæккуыриты ахстон, алы дзæгъæлдзутæн къахбынатпысунæ.

Уыцы æппæт хæлддзæгтæ æмæ бырæтты разæй та — Ленин. Къаннæг, тæнтъихæг, къуызыппа Ленин. Æфсæнбетон фæлгонц — цыппæрдигъон постаментыл, уый дæр — бетонæй. Кæддæр, æвæццæгæн, кæрт хæрзæфснайд уыди, бæлæстæй, къудзитæй, дидинджытæй — фæлыст. Ныр фæтæг зыбыты иунæгæй баззади, зылд æм нал и, æмæ йæ фист æрызгъæлд уарынтæй, дымгæтæй, хурæй, рæстæджы æмæ æрдзытыхы фыдмитæй. Ранæй-рæтты æддæмæ рагудзитæ кодта йе стæгдар — згæхæрд арматурæ. Фæтæгæн йæ фындзыхъæл саст. Афтæ гуылмызтæ-цæнкуылтæй лæууы æмæ æрдæгцъынд цæстытæй кæсы дæлæмæ, комы дымæгмæ. Адæймаг бар-æнæбары æрымысы Бунины ныхæстæ: «Выродок, нравственный



идиот от рождения, Ленин явил миру как раз в самый разгар своей деятельности нечто чудовищное, потрясающее; он разорил величайшую в мире страну и убил несколько миллионов человек — и все-таки мир уже несколько сошел с ума, что среди бела дня спорят, благодетель он человечества или нет?» *(И. А. Бунин. Несрочная весна. М., «Школа-пресс», 1994 ,500 — 501 ф.)*

Бæстыхайы хæлддзæгтæ мæм ныры Уæрæсейы æнгæсæн фæкастысты, Ленин та — Революцийы символ. Цыма афтæ зæгъынмæ хъавы фæтæг: «Уæ цæст ахæссут мæ фæстæ мæнæ ацы бæстыхайы дæрæнтыл æмæ фенут, уæ Уæрæсе мæ фæрцы, мæ хъомысæй, мæ иблисы зондæй цæмæты ʻрхауд, уый. Æвирхъау Халæн Куыст кæй бакодтон, уый тыххæй мын асаста Рæстæг мæ фындзыхъæл!»

## ФЫСТÆГ РЕДАКЦИМÆ

Рафыстон журнал «Мах дуг» æмæ фæсмон нæ кæнын. Тынг аив литературон уацмыстæ дзы вæййы, журналкæсджытæ, уæлдайдæр, фæсивæд, зонд, хорз миниуджытæ кæмæй райсдзысты, ахæмтæ. Се ʻппæты кой нæ кæндзынæн, фæлæ дзы иу цалдæры тыххæй зæгъон. Дегъуаты Соняйы радзырд«Тызмæг фыды гакк» у хæрзаив ирон æвзагæй фыст, цæстытыл уайынц архайджыты цардæгас сурæттæ, ирдæй сын æвдисы сæ удыхъæд, сæ миддуне.

Цомартаты Изæтбеджы роман «Зынгхуыст бæллицтæ» чи бакæса, уымæй никуыуал ферох уыдзæни сидзæр сывæллætты тæригъæддаг хъысмæт. Ноджы Айларты Измаилы уацау «Амонды фæндагыл» адæймаджы ахондзæни йæ хъайтарты царды æмæ ахуыры зын фæндæгтыл.

Зæрдæмæ тынг цæуы рубрикæ «Мах дуджы» равдыст». Аив у журналы æддаг бакаст, мыхуыргонд цæуы хорз гæххæттыл.

Фæлæ мæнæ 4-æм номыры бакастæн, зæрдæ чи рæхойы, стыр маст чи æвзæрын кæны, ахæм æрмæг — «Фыдвæндæгты ахæсты». Йæ автор — Бекмæрзты Афон. Тызмæг, гуымиры хуызы æфхæры бирæ адæмты. Тынг стауы капиталистон цардыуаг æмæ куыйты хæринаг бакодта нæ раздæры социалистон цардыуаг. Октябры кадджын бон митингтæм цы ас нæлгоймæгтæ рацæуы, уыдонæй Бекмæрзы-фырт алы дыккаг-æртыккаджы дæр нымайы уæйгæнæг, дзырдхæссæг, нымудзæгыл. Митингмæ чи рацæуы, Бекмæрзы-фырт, уыцы ас адæм сты, 74 азы дæргъы адæмæн царды хорздзинæдтæ чи арæзта, уыцы фæллойгæнæг адæм. Уыдон Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæуæлахиз сты фашизмыл, дзырдтæ хæссынмæ сæ не ʻвдæлди.

Капитализм хуыздæр у, æви социализм, ууыл быцæу бынтон дзæгъæлы у. Алкæмæ дæр йæхи хъуыды ис. Адæм се‘ппæт иу зондыл хæст не сты.

Иу ран та йæ уацхъуыды йæ ныхмæлæууæг Мамсыраты Муратмæ Афон афтæ дзуры: «...Æцæгдæр æдзæсгом адæймаг зæгъдзæни советон дуг хорз у, капиталистон та — æвзæр». Йæ къух куыд батасыд афтæ ныффыссын? Ныр Бекмæрзты Афоны хуызæн чи нæ хъуыды кæны, æндæр зонд кæмæ ис, уыдон иууылдæр æдзæсгæмттæ сты? Æз коммунист нæ уыдтæн æмæ нæ дæн, фæлæ схъомыл дæн советон дуджы, социалистон, коммунистон идейæтæ мын æцæгæлон не ‘сты.

Бекмæрзы-фырт, мæсты кæмæ дæ, уыимæ лæгæй-лæгмæ дзур, адæмимæ быцæу кæнын, алцæмæй сæ æфхæрын не ‘мбæлы, дæхицæн дæр кады хос нæу. Адæм æнæуи дæр ацы мæнг демократтæй гыццыл æфхæрд куынæ баййæфтой. Уæйгæнджытæ адæм не ‘сты, Афон, фæлæ, нæ Цæдисы сæргъы цы мæнг коммунисттæ уыд (ныртæккæ та — мæнг демократтæ), уыдон. Хорз хъуыды кæнæм, Горбачев Генсекæй кусын куы байдыдта, уæд куыд дзырдта, уый: «Больше социализма». Фæлæ фæстæдæр, куы сдемократ, уæд та афтæ загъта: «Я в душе никогда не был коммунистом». Æмæ, цымæ, ныр демократ у?

Æз нæ зонын, лæгæй-лæгмæ Бекмæрзты Афоны, нæ зонын, кæимæ у йæ быцæу, уый дæр, фæлæ йæ бæстондæр ахъуыды кæнын æмбæлд йæ ныхасы уаг æмæ йæ уацы мидисыл.

***Баскаты Тамарæ***

Цъары фыццаг фарсыл:
*Къоста.Хъыггæнæг зæд.*

Цъары дыккаг фарсыл:
*Къоста. Автосурæт.*

Цъары æртыккаг фарсыл:
*Къоста. Цæлыккаты Аннæйы сурæт.*

Цъары цыппæрæм фарсыл уæле: *Къоста. Дондзау,*
бынæй: *Къоста. Æрдзон хид.*

* * *


| | |
|---|---|
| Технический редактор | Виктория БОРАЕВА |
| Корректор | Заира КАРАЦЕВА |
| Компьютерный набор | Соня ДЕГОЕВА |
| Компьютерная верстка | Ирида КОДЗАТИ |
| Дизайн | Залина ГУРИЕВА |

*Журнал зарегистрирован в региональном Управлении ГК РФ по печати в РСО-А.*
*Регистрационный номер Ш-0132*



*Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дугæй» ист кæй у, уый.*



*Учредители: Комитет РСО-Алания по печати и делам издательств,*
*Союз писателей РСО-Алания*

*Подписано к печати 10.10.01.. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л.8,84. Учетно-изд. л. 7,12. Тираж 1400 экз. Заказ № 432.*

*Адрес редакции: 362040, г. Владикавказ, пр. Мира, 25.*
*Телефоны: 33-69-66; 33-31-58; 33-69-62; 33-31-24.*

*Журнал отпечатан на Республиканском издательско-полиграфическом предприятии им. В. А. Гассиева*
*362011, г.Владикавказ, ул. Тельмана, 16.*



Индекс 73247



